


MUSHA UNOUYA
WECHIKOMBA CHEKUDENGA
NEMWENGA WEPANYIKA

 Ngatirambei takamira kwekanguva, tichikotamisa mwoyo yedu zvino pamberi paMwari.

² Baba vedu veKudenga, tinotenda zvirokwazvo nemukana wekuva pano nhasi, takaungana pamwe chete muZita raIshe Jesu. Tinokumbira kuti Muregererewo zvivi zvedu, uye sezvo tiri pano kutendeutsira pfungwa dzedu kuzvinhu zvaZiyendanakuenda neHupenyu huri mberi kwehuno hunofa. Zvino tinonamata kuti Mutipe nzira dzeNyu, dzezvatinofanira kuva, zvatinofanira kuita mune ramangwana, uye kunyangwe zvino uno, kuti tisvike kunzvimbo iyoyo yatino...yatakavimbiswa.

³ Kune vazhinji vanorwara nevane zvinodikanwa vari munyika, uye havasati vapedza rwendo rwavo. Uye muvengi wedu mukuru, kwete muvengi wedu toga, asi muvengi weNyuwo, auya kuzovatambudza neku—nekugumisa hupenyu hwavo, nekuvatumira ku—kuguva nguva yavo isati yakwana. Uye tiri kuvakumbirira, nhasi, kuti iMi netsitsi dzeNyu nenyasha, Ishe, muwedzere mazuva avo kusvika panguva yavakatarirwa.

⁴ Papuratifomu pano pane, kana kuti papurupiti, pano pane mahengechepfu nemapasuru. Uye kunze uko mumahoro nepanzvimbo ino, kune avo vari panhowo, masitirecha, vanorwara nevanotambudzwa, vakamira muungano vasina kana nesimba racho rakakwana rokumira.

⁵ O Mwari weKusingaperi, iMi Makaropafadzwa, inzwaiwo iMi munyengetero wedu mangwanani ano, kubudikidza nemuRopa raIshe Jesu; musingatariri pakusarurama kwedu, asi tichiziva kuti Akamira panzvimbo yedu, uye ndiYe Wacho ari kutimirira pamunyengetero uno. Dai mumwe nemumwe apodzwa kuitira mbiri yeNyu, Ishe.

⁶ Ropafadzai mahengechepfu aya. Paanoiswa pane vanorwara, dai vakapora.

⁷ Uye zvino, Baba, kusvikira tamirira shumiro huru yekunamatira vanorwara, yatinotenda kuti ichatevera, tiparurireiwo nzira yeHupenyu, Ishe, kuti tigoziva kubudikidza neShoko reNyu zvatinofanira kuita. Nekuti tinozvikumbara muZita raJesu. Amenii.

⁸ Senguva dzose, iyi inoonekwa seimwe yemukana wangu mukurusa, kuva muimba yaMwari nekutaura kuvanhu vaVo. Uye zvino ndinoziva kuti makazarisa zvikuru, uye ndine chidzidzo chakareba kwazvo. Saka ndiri. . . Ndi—ndinovimba ku—kuti muchange makadekara, nepamunogona napo, kusvikira tapedza Mharidzo.

⁹ Zvino, kuri kupisa, asi tinotenda nokuda kwemuchina wemhepo inofefetera. Asi, boka rehuwandu uhu, hapangave nemuchina wemhepo inofefetera ungagona kurifefetedza, munoono, nekuti muviri wako chaiwo chinhu chinobuditsa kudziya, kungangoita madhigirii 37, uye unogara uchibuditsa kudziya, uye nekugara tese pedyo napedyo. Asi ndi—ndinovimba kuti Mwari vachakuitai kuti muve makadekara nepaVanogona napo.

¹⁰ Uye kana tiri mune, kuungana kwakafanoshambadzirwa sezvizvi, ini—ini handaizokuitai kuti muuye pano, zvachose, dai ndisina kufunga kuti zvaizokubatsirai, dai ndisina kufunga kuti zviri kukuitirai zvakanaka, uye kuti maizobatsirika nazvo, mukuuya. Uyewo, tichiziva zvakare kuti hatichina nguva yakawanda yekuita izvi, kuti tiri—tiri kuuya kungu—nguva chaidzo dzekupedzisira, uye ndi—ndinoda kushandisa mukana wese, wandinokwanisa, kuHumambo hwaVo. Uye zvino ndiri kuvimba kuti Ishe Mwari vachatiropafadza patakaungana kudai.

¹¹ Uye ndinoda kukuudzai zvakanaka nezvenyu, kuti, nezuro ndaienda kunzvimbo dzakasiyana-siyana, kunze ndichinooona vamwe vevanorwara nevanotambudzwa, mumamotera, zvino ndakasangana nemamwe emamaneja vhiki rino, dzimwe nzvimbo dzekudyira. Sekuti, ndaiva kuRanch House vhiki rino, kuno uku, uye maneja wacho aindigwina chishanu patainge tava kubuda. Zvino akati, akandidana, “Hama Branham.” Zvakandinetsa kuti akandiziva sei. Zvino akati. . .

Ndakati, “Ndimi maneja here?”

¹² Iye ndokuti, “Ndini muridzi wacho.” Saka akabva ati, “Ehe, vanhu venyu vanouya pano kuzodya, kubva zasi uko.” Akati, “Ivo. . .”

Ini ndikati, “Imiwee, ndofunga vanokuwandirai chaizvo.”

¹³ Akati, “Changamire, ndiro rimwe boka revanhu vakanakisa vandati ndamboona.” Akati, “Vakanakisa chaizvo.”

¹⁴ Nezuro ndakaenda kumotera, kunoona mumwe mudzimai wechidiki wandaida kutaura naye, baba namai vake vaivepo, zvino ndakatozoenda kuna maneja kuti ndinzwe kuti mo—mot— . . . kamuri yavaive mairi.

¹⁵ Akati, “Zvino ndimi Hama Branham handiti?” Ndeuko kumusoro kuOaks.

Ini ndikati, “Hongu, changamire.”

16 Akati, “Ndinoda kukugwinhai chishanu.” Akati... Akandisuma kumudzimai wake; vaviri vakaroorana vakanakisa chaizvo. Vakati ivo, “Munhu wese ari mumotera ino ari kuuya kushumiro dzenyu. Takaichengetera ivo.” Uye akati, “Mamwe ose makasitoma edu takavarambira.”

Ini ndikati, “Zvinoka, ndinokutendai nokuda kwaizvozvo.”

17 Akati, “Hama Branham, rimwe reboka revanhu vakanakisisa vandati ndamboona, vanhu vanouya pano, vanouya kumisangano yenyu.”

18 Ndakapinda nezuro manheru kune imwe shamwari yangu, VaBecker zasi kuno, uye ndagara ndichifarira masangweji avo. Vakango... Ivo, ndaivaziva ndichiri mukomana; ndavaziva hupenyu hwangu hwese. Pane vaviri vaive vakagara ipapo kubva zasi kunzvi—nzvimbo yekare, zasi kuRiverside Hotel zasi uko. Saka ivo... VaBecker vakati, “Billy?”

19 Ndikati, “Chii, nhai Homer?” Tinonyatsozivana chaizvo.

Akati, “Ndinopa vanhu vako vose chikafu kumusoro uko.”

20 Vangaita 200, kana zvakadaro, musi weSvondo wega-wega, vanodya kuBlue Boar. Uye nekwose kwandinoenda, ndinonzwa mashoko ehunaku hwenyu.

21 Murume uyu akati, “Zasi pa—paRiverview zasi uko,” akati, “nzvimbo yose iyoyo yakatorwa nevanhu vari kuuya kumusangano.” Akati, “Kunozova nemazana anotadza kupinda.”

22 Saka, kuva izvozvo, kwandiri muri munyu wenyika. Ndi—ndinotenda zvikuru kuziva kuti ndine ropafadzo yekuparidzira kuvanhu vekuti kunyange vatadzi nevanhu... Handisi kuti vanhu ava vatadzi, asi ndinoreva vanhu avo, vemabhizimu nezvimwe zvakadaro, vanogona kutaura kuti muri vanhu vakanaka, uye vanokuyemurai mubhizimu ravo, munharaunda dzavo. Munoziva, ndiko kuva munyu ikoko. Ndinozviyemura izvozvo, mazvibatiro enyu, mabatiro amunoita zvinhu.

23 Ndakagara ndichiti, “Pakauya mumwe opinda asina, asitorina mari yacho yekubhadhara bhiri rake, imi munongondifonera.” Maona? Ndakati, “Tichaita chimwe chinhu nezvazvo.” Ini ndikati, “Rambai muchivapa chikafu, kunyangwe vaine mari kana vasina.” Munoono, chero chese chinogona kuitwa.

24 Ndinonzwa sekuti muri vana vangu. Muri—muri nyeredzi idzo ini... Kana ndikazowana imwe pandinosvikako, muchange muri dombo riya rinokosha, chikamu chinonyanyisa kupenya, mu—mukorona yeshumiro yangu. Kana yapihwa korona, imi muchange muri dombo racho rinokosha.

25 Uye ndaikuudzai, munguva dzakapfuura, pamusoro peZvisimbiso Zvinomwe, Mazera eKereke, nezvinhu izvo—izvo zvanga zvichiitika.

²⁶ Uye zvino, mangwanani ano, ndine chidzidzo chakakosha kwazvo, kwandiri, chinofadza kwazvo; ndinovimba chichakubataiwo nenzira imwe chete. Uye dai ndikangochipa mukufemerwa kwandakachigamuchira chiri, zvingava zvakanakisa, asi zvinezenge zviri kuna Mwari kuti vaite izvozvo.

²⁷ Ndanga ndichikuudza nezvekuti *kupi* uye *zvii* zviri kuitika, uye tiri kuona zvinhu izvi zvose zvichiitika.

²⁸ Zvino ndiri kutaura, mangwanani ano, nezve: *Musha Unouya WeChikomba CheKudenga NeMwenga Wepanyika*, kwavachange vachizogara. Uye, nokuti, ndinovimba kuti nenyasha dzaMwari tose tiri chikamu chehupfumi hukuru ihwohwo hwaMwari.

²⁹ Uye zvino ndi—ndinovimba kuti muchatsungirira neni, mova nemaBhaibheri enyu, mapenzura enyu, kana chii zvacho chamungaita kuti mugoverenga pamwe neni, nokuti ndichange ndichiverenga Magwaro mazhinji. Ndichiedza kupedza nenguva yakakwana kuti ndigonamatira vanorwara; uye ndakavimbisa izvozvo. Kupinda, ndonamatira kwechinguva chiduku, mumakamuri nemudzinzvimbo, kune avo vave pedyo nekutopererwa uye vasisina tariro.

³⁰ Uye, Ishe vachitendera, pamwe ndichava neimwe shumiro musu wa 16, kuchingova zvichida kunamatira vanorwara.

³¹ Ndotanga zororo rangu zvino. Kubva muna Ndira wakapfuura, ndanga ndichingofamba, uye ndiri kudzoka pano. Ndichazongova, ndinofanira kuendesha mhuri yangu kuTucson mangwanani, uyezve ndichadzoka kuzopedza nguva ndiri kuno kuKentucky, nedzimwe dzeshamwari dzangu, tichivhima, nekuvhima tsindi, kwemavhiki mashoma, kana kuti zvichida mazuva 7 kana 8, 10, chero zvazviri, kunze kwekunge Ishe vanditungamirira kumwewo. Handitomboziva, chaiko kwauchange uri; hatitombozviziva, nokuti zviri mumaoko aMwari, Mwari voga.

³² Zvino nokuda kwechidzidzo chikuru ichi, isu—isu... ndinofunga, kana ndikatora nguva yangu pane izvi, nokuti unofanira kuunza zvinhu zvakanakisa, zvinotora mavhiki. Asi ndanyora pasi mamwe Magwaro, zvimwe zvinyorwa, kuti ndingobata nhongonya yazvo, pazvinozokuita kuti munzvere.

³³ Zvino nokukurumidza, pamwe, Ishe vachitendera, muna Gumiguru, handizivi kuti riinhi, asi chero papi paVachapa, ndinoda kuva nemazuva ma—mashoma, okungosangana nguva dzose, pachitsauko 12 chaZvakazarurwa, kuzvibanidza neizvi pano. Oo, ndinotenda zvingava zvakanaka. Zvingazova zvakadaro. Zvingave zvakanaka kuona kuti Vakaita sei.

³⁴ Zvino, isu tichiuya pamwe chete zvino, ndakati nezuro manheru, ndakati, “Munoziva, apo ini...” Mangwanani, semangwanani ega-ega, ndinofunga, “Kana ndauya zasi kuno,

ndichacherechedza shamwari dzangu dzose dziripo.” Zvino ndichazviita sei?

³⁵ Kuva neni pano, seshamwari yangu yakanaka, Chiremba Lee Vayle vagere kumashure kuno, mudzimai wavo akaisvonaka nemwanasikana. Uye naHama Roy Borders, uye, ndinofunga, Hama Ruddell, Hama Beeler, naHama Palmer, naHama Jackson. Uye, oo, ini zvangu, idzo—idzo...Idzo hama dzinodikanwa kubva kumativi ose akasiyana! Hama Anthony Milano, uye, oo, kwese kwaunotarisa, unotoona imwe hama! Vabva zasi muArkansas, handikwanise kufunga nezvezita ravo; Hama John, Hama Earl Martin, naHama Blair. Uye, oo, kunongova ne...imi...Havatongoperi, munoono. Ndinofara kwazvo kuva neboka rakadai rakandikomba pandinenge ndichidzidzisa paShoko raMwari, varume vandinofunga kuti varume mhare, vanhu vaMwari chaivo.

³⁶ Ndinotenda nekuda kwetabhenakeri ino diki. Ndinotenda nemasuwo ayo 5 akavhurika kune veruzhinji. Musuwo wega-wega...Tine madhikoni 4 pano, varume vakazadzwa neMweya; matirastii 4, varume vakazadzwa neMweya. Kureva kuti 2 pamusuwo wega-wega. Uye une mukova une masuwo maviri kumberi, evafundisi 2, vafudzi.

³⁷ Tinofara kuva nemi; ndinotenda Mwari nokuda kweizvi. Dai Vagara vachikuropafadzai.

³⁸ Zvino tinoda kumira kwekanguva, tichiverenga kubva kuna Petro Wechipiri chitsauko 3, uyezve kubva muBhuku raZvakazarurwa 21.

³⁹ Tichimira, O Ishe, zadzai mwoyo yedu nemufaro nokuda kwekuverengwa kweShoko reNyu, tichiziva kuti Jesu akataura, kuti, “Matenga nenyika zvichapfuura, asi Shoko raNgu harizokundiki.” Tichiziva zvakare kuti Akati, “Rugwaro rwose rwunofanira kuzadziswa.” Uye patinoverenga zvinhu izvi, dai tave nekunzwisisa kunobva kwaMuri, nguva yatiri kurarama mairi. Tinozvikumbara muZita raJesu, iye Munyori weBhuku. Amen.

⁴⁰ Petro Wechipiri 3.

Tsamba yechipiri iyi, vadikanwi, ndinokunyorerai zvino; madziri dzose dziri mbiri ndinomutsa ndangariro dzenyu nenzira yekurangaridza:

kuti mugorangarira mashoko akataurwa kare navaporofita vatsvene, nezvemirayiro yedu isu vaapostori vaIshe neMuponesi:

Muchiziva izvi kutanga, kuti pamazuva okupedzisira vaseki vachauya, vachifamba nokuchiva kwavo,

Uye vachiti, Chipikirwa chokuuya kwake chiripiko? (Kana izvozvo zvisingarevi mukadzi asingatendi uyu mu...)...kubva pakurara kwamadzibaba, zvinhu

zvose zvinongoramba zvakaita sezvazvakanga zvakaita kubva pakutanga kwokusikwa.

Nokuti vanokanganwa nobwoni chinhu ichi, kuti neshoko raMwari matenga aivapo kare, nyenya imire ichibva mumvura uye iri mumvura:

Apo nyika yaivapo nguva iyo, yakafukidzwa nemvura, ikaparadzwa:

Asi matenga nyenya, zviripo zvino, neshoko rimwe chete zvinochengetwa, zvakachengeterwa moto nezwa rokutongwa nerokuparadzwa kwavanhu vasina humwari.

Asi, vadikanwi, musakanganwa chinhu chimwe ichi, kuti zuva rimwe kuna Ishe rakaita samakore 1,000, namakore 1,000 sezuva rimwe.

Zvino, Ishe haanonoki kuita sezvaakapikira, sezvinoreva vamwe vachiti kunonoka; asi ano mwoyo murefu kwatiri, asingadi kuti ani zvake arasike, asi kuti vose vasvike pakutendeuka.

Asi zuva raIshe richauya sembavha husiku; umo . . . matenga nyenya, nokutinhira kukuru . . . zvichapfuura nokutinhira kukuru, nezvinhu zvichanyungudika nekupisa kukuru, nyenya zvakare namabasa ari mairi achatsva.

Muchiona zvino kuti zvinhu zvose izvi zvazvichaparadzwa, tinofanira kuva mhando yemunhu akadziniko pamatauriro matsvene nehumwari,

Tichitarisira kukurumidza kwekuuya kwezwa raMwari, apo matenga nokutsva nemoto achaparadzwa, nezvinhu zvichanyauka nekupisa kukuru?

Kunyangwe hazvo isu, maererano nevimbiso yake, tinotarisisira matenga matsva nyenya itsva, munogara kururama mazviri.

Saka, vadikanwi, tichiona kuti tinotarisisira zvinhu zvakadai, shingairai kuti musazowanikwa . . . muwanikwe naye mune rugare, musina gwapa, uye musina mhosva.

Uye muchitaura kuti mwoyo murefu waIshe ruponeso; kunyangwe semudikanwi wedu . . . Pauro . . . maererano nohuchenjeri hwaakapiwa akakunyorera;

Saizvozvo zvakare . . . tsamba dzake dzose, achitaura madziri pamusoro pezvinhu; . . . dzimwe nguva zvikukutu kunzwisiswa, izvo avo vasingazivi navasina simba vanorwisa, vanonzvongamisa, se—sezvavanoitawo mamwe magwaro, kusvika pakuparadzwa kwavo.

Naizvozvo imi, vadikanwi, tichiona kuti munoziva zvinhu izvi nechekare, chenjerai kuti nemiwo zvakare, muchitsautswa ne...kukanganisa kwevakashata, munowa kubva pane...kusimba kwenyu.

Asi kurai munyasha, ...mukuziva Ishe neMuponesi Jesu Kristu. Kubwinya ngakuve kwaari zvino nokusingaperi. Amen.

⁴¹ Zvino muna zva—Zvakazarurwa zvaKristu, muchitsauko 21, ndinoverenga Mashoko aya.

Zvino ndakaona denga idzva nenyika itsva: nokuti denga rokutanga nenyika yokutanga zvakanga zvapfuura; negungwa rakanga risisipo.

Zvino ini Johane ndakaona guta dzvene, Jerusarema idzva, richiburuka kudenga richibva kuna Mwari, rakagadzirwa somwenga akashongerwa murume wake.

Ndikanzwa izwi guru richibva kudenga richiti, Tarirai, tabhenakeri yaMwari iri pakati pavanhu, uye achagara navo, uye ivo vachava vanhu vake, zvino Mwari amene achava navo, ova Mwari wavo.

Uye Mwari achapisika misodzi yose pameso avo; zvino rufu haruchavipo, kana kusuwa, kana kuchema, kana marwadzo haachazovepo: nokuti zvinhu zvakare zvapfuura.

Zvino akanga agere pachigaro choushe akati, Tarirai, ndinovandudza zvose!...akati kwandiri, Nyora: nokuti mashoko awa ndeekhwadi uye akatendeka.

Zvino akati kwandiri, Zvaitwa. Ndini Arufa naOmega, kutanga nokuguma. Zvino ndichapa kwaari uye ane nyota matsime emvura youpenyu pachena.

Uyo anokunda achagara nhaka yezvinhu zvose; uye ndichava Mwari wake, uye achava mwanakomana wangu.

Ngatinamatei zvakare.

⁴² Ishe Jesu, nevimbiso yakadai uye nekutaura kwakadai kune kurevesa apo Jesu pachaKe nemuapostora vatipa pamusoro penguva iyi yatiri kusvika, tipeiwo, O Ishe, nzira yeNyu, kuti tigoziva masvikiro kwairi nemaitiro kwawo. Nokuti, iri kuuya, tinoziva. Magwaro anofanira kuzadzikiswa, uye zvichatova saizvozvo. Uye zvino, Ishe, tinokumbira tsitsi dzeNyu zvakare pamusoro pedu tose, patiri kudzidza Shoko reNyu. Ivaiwo nesu mugoRibhedhenura kwatiri, Ishe, nokuti tinozvikumbira muZita raJesu. Amen.

Garai zvenyu pasi.

⁴³ Zvino, handizive kana pangava neimwe nzira yekuti pamwe, zvichida vangadzima mwenje kubva muodhitoriyamu

huru, uye vongoisiya papuratifomu pano, zvingangodai zviri nani, uye zvotapudza mamwe magetsi. Takazopotsa tapisa imwe transformer, humwe husiku. Uye kana muchengeti wepano akatiitirawo izvozvo, tingatenda kana akadzima zvienda zvepazasi, zvienda zve muodhitoriyamu huru, ozvidzima. Uye zvakare ndinofunga muchava nenzvimbo yakakura yekuona, yekunyora.

⁴⁴ Zvino, musoro wenyaya zvakare, kuuzivisa, kuti tiri kusvika pa—pamusoro wenyaya wekuti: *Musha Unouya WeChikomba CheKudenga NeMwenga Wepanyika*.

⁴⁵ Zvino sezvazvainge zviri...Ndichatongoita izvi. Kuri kunyanyisa kupisa kumusoro kuno, munoona. Hongu, changamire. Sezvo isu...Ndinoziva kuti mudzimai wangu haadi kuti ndizviite izvozvo; asi, kuti, ndibvise jasi rangu. Kuri kutongopisa zvakananyisa kumusoro kuno. Munoona, mune mhengo kunze ikoko, uye haisi kungosvika mukanzvimbo kano kadiki, munoona. Zvino, mu—munguva inotevera, kana kuti... .

⁴⁶ Munguva yadarika, waro, takadzidza *Zvisimbiso Zvinomwe, Makereke Manomwe*. Hama Vayle neavo vari kushanda paari zvino, nokutendeka, kuti vaaise mubhuku.

⁴⁷ Uye tichiona zvinhu zvose izvi zvakananzvika zvatakaona zvichiitika, zvino ndinofunga, mushure mekunzwisisa izvozvo, munguva yatiri kurarama mairi, nechinhano; hapana angagona kugara pasi ane mufungo wakanyatsokwana oongorora zvakananzvika, nezvakavimbiswa kuzoitika, nezvakaitika, asingagoni kutaura kuti zvinhu izvozvo zvakananzvika. Maona? Ndizvo chaizvo zvakananzvika naMwari kuti Vaizoita, Vakanzvika chaizvo nemo-nemo. Maona?

⁴⁸ Zvino, ndinofunga mune izvi, kuti, ndisingazivi nguva iyo Ishe Jesu vangangouya, ndafunga kuti zvingava zvakananzvika, zvinoita sekufadza kuMweya Mutsvene kuti titaure pamusoro peizvi, zvino; uye pamwe ndozodzoka kwazviri zvakare, ka 2 kana ka 3, nekuti handisi kuzowana nguva yakakwana yekuburitsa zvese izvi.

⁴⁹ Sepaunobata chi—chidzidzo chinogona kuva chigumbuso zvisvikiro kune mumwe munhu, haugone kuchitaura chose kuti uchiite kuti chijeke, wobva wazodzoka zvakananzvika kuzatora chidzidzo chinotevera.

⁵⁰ Uye zvararo pamberi apo, mune...kana Ishe vachitendera, tinouya muzvisimbiso zvechi 12, kana kuti kwete... Ndiregerereiwo. Chitsauko 12 chaZvakazarurwa, chiri pakati peKuuya kwaShe nekuguma kweHwamanda, nezvimwe zvakananzvika. Tichaedza kudzosa izvozvo, kuratidza kuti Satani ndiani, uye nezvaakaita, kwaakabva, chinangwa chake ndechei, uye kuti runako rwake rwakuru rwaakapihwa rwakananzvika kuwa kwake. Hunyengeri hwake hwakananzvika kuti awe; runako.

⁵¹ Zvino, kuti iko kusatadzika kwazvo kumunhu upi zvake anoda kuzvitarisa zvakanaka, iya “mbeu” yenyoka. Ndaizozvipikisa izvozvo, kuna ani zvake, munoona, angada kuzvitarisa, ne—nekungonzwisisa kwemazuva ese. Mwana anogona kuzviona. Maona? Zvino, uye tichasvika kune izvozvo gare-gare.

⁵² Zvino, tinonzwisisa pano kuti Magwaro 2 aya . . . Chikonzero ndaverenga Petro Wechipiri chitsauko 3, ndokuchienzanisa naZvakazarurwa 21, ose ari maviri apa ari kutaura nyaya imwe chete, asi Johane haana kumbobvira—kumbobvira akazvinyora sezvakaite Petro. Maona? Tinonzwisisa kuti Musha mukuru uyu weMwenga uchange uri pano panyika.

⁵³ Uye zvino kana ukaverenga, sezvakaite chitsauko 21, chitsauko 21 chaZvakazarurwa, muapostora pano akati, kana kuti muporofita akataura, kuti, “Ndakaona Denga Idzva neNyika Itsva.” Zvinoita sekunge panouya kuparadzwa zvachose.

⁵⁴ Zvino, mawaniro andinoita Mharidzo dzangu kubudikidza nemunamato. Ndinenge ndigere mumunamato uye chimwe chinhu chondizarukira. Zvino ndinomirira pachiri kwemaminetsi mashoma ndoona kana zviri izvo, ndozochinzwa chave pedyo. Uye dzimwe nguva ndinoramba ndakamirira kusvikira chave chiratidzo. Asi pazvinotanga kuuya, uye ndagutsikana kuti zvinobva kuna Mwari, ipapo ndinobva ndaenda kuGwaro. Munoona, ndiZvo, zvinofanira kuva kusimbiswa kwechinhu chose chemweya chinoitwa, nokuti Bhaibheri chizaruro chakazara chaJesu Kristu; munoona, ndiWo Mutumbi waKe.

⁵⁵ Uye zvino, mune izvozvo, pamwe ndinowana nzvimbo muGwaro isingaiti sekureva zvakangonyatsonaka, zvino ndoshaya kuti chii. Ndinodzokera zvakare kumunamato. Zvodzoka zvakare. Zvino ndi—zvino ndinobva ndatanga ku—kuongorora Rugwaro rwangu.

⁵⁶ Zvino, Bhaibheri redu rakanyorwa neChirungu, uye mazwi eChirungu anoshanduka, nguva dzose. Semuenzaniso, saJohane 14, yakati, “Mumba maBaba vaNgu mune dzimba huru zhinji dzokugara,” zimba riri mumba. Saka, zvino, iwe, zvaunoita nazvo zvino, kuzvidzosea kune—kune zvepamavambo woona zvairehwa naJames, kana kudzokera kuchiHebheru, kana kuchiGiriki, kubva padudziro yekutanga. Uye imomo chinoti, “MuHumambo hwaBaba vaNgu mune mizinda mizhinji.” Saka, zvadaro, unodzoka kunguva iyo vaturikiri vakadudzirira King James, *humambo* hwainzi, muChirungu, “imba,” uye mambo akanga ari baba pamusoro pevanhu vake. Ndicho chikonzero vakadudzira kuti, “Mumba maBaba vaNgu mune dzimba huru zhinji.” Maona? Uye unobva wawana mazwi iwayo uye wochifanira kuatsvaga.

⁵⁷ Zvino, munoona, kubva mukufemerwa ikoko... Purupiti ino mangwanani ano, ndinoti, hapana kana imwe nguva yayakambove nechimwe chinhu kunze kweGwaro, chete. Ndiwo mauiro akaita *Mbeu yeNyoka* nezvimwe zvinhu zvose izvi. Maona? Ne...

⁵⁸ Uye ndizvo, chaizvo, kana mumwe munhu akangoverenga oti, “Mumba maBaba vaNgu mune dzimba huru zhinji dzokugara,” kana ukasamira kuti unzvere, unamate, unenge wakavhiringika zvikuru. Maona? Asi ramba uchingonamata. Mwari vanozvigadzirisira nguva dzose, kana zvichibva kuna Mwari.

⁵⁹ Zvino, Johane anotsanangura shanduko uye nemau... kuti zvinouya sei... Haazvitsanangure, waro, asi Petro ndiye anodaro. Johane akangoti, “Ndakaona Matenga Matsva neNyika Itsva; matenga ekutanga nenyika yekutanga zvakanga zvapfuura. Pakanga pasisina gungwa. Ini Johane ndakaona Guta dzvene richiburuka kubva kuna Mwari kubva Kudenga, rakagadzirirwa seMwenga akashongedzerwa Murume waKe.” Asi, tinodzokera kuna Petro Wechipiri zvino kuti tiwane, Petro anotsanangura kuti danho iri richaitika sei. Zvino, kana mukatarisa zvakataurwa naJohane, zvinonzwika sekuti, “Nokuti matenga ekutanga nenyika yekutanga zvakanga zvapfuura,” zvatsakatiswa. Munoona, zvino, zvinonzwika sezvinoshamisa kwazvo. Saka ndizvo vakandibata, ini ndokutanga kutsvaga izwi rekuti, “kupfuura.” Uye, zvino, asi zviripachena kuti vaviri ava, vaapostora nemuporofita, vaitaura pamusoro pechinhu chimwe chete.

⁶⁰ Uye zvino, zvakare, muBhuku raIsaya, zvino, kuti muchida kunyora Magwaro aya pasi, muna Isaya 65:17. Isaya, achitaura nezveMireniyamu, makore 1,000 iwayo ekuzorora e—evanhu vaMwari. Isaya akataura nezvawo, uye akati, “Ini... Paiva ne... Zvinhu zvekare zvose zvakanga zvapfuura,” uye kuti vachavaka sei dzimba, vogaramo. Dai taiva nenguva... Zvichida tichangatora nguva uye—uye toverenga izvi kwekanguva, Isaya 65, uye ngativerengei kwemaminetsi mashoma pano. Uye heinoi iyi, chaizvo, kuitira isu. Zvino, kutanga, Isaya 65:17.

Zvino, tarirai, Ndinosika matenga matsva nenyika itsva:...

⁶¹ Zvino, Isaya, muporofita, aive mumwe wevaporofita vakanyatsonyora chaizvo Bhaibheri rose muchiporofita chake. Anotanga nokusika; pakati peBhuku rake, chingangove chitsauko 40, panouya Johane Mubhabhatidzi, Testamende Itsva; zvozoperera pano, muBhuku rake, muna Zvakazarurwa, muMireniyamu. MuBhaibheri mune mabhuku 66, uye mune zvitsauko 66 muna Isaya. Akanyora pfupikiso yakakwana.

⁶² Zvino, tinoona kuti, pano iye zvino ari kutora chitsauko 65, chimwezve chitsauko, zvino anotaura nezveMireniyamu.

Zvicherechedzei, zvakanakisa chaizvo.

...tarirai, ndinosika denga idzva ne...nyika itsva: uye chinhu chakare hachingarangerwi, kana kufungwa mupfungwa. (Zvicha “pfuura.”)

Asi imi fa—farai mufarisise...kunyange mune izvo zvandakasika: nokuti, tarirai, ndinosika Jerusarema rive mufaro, navanhu varo vave mufaro.

Zvino ndichafarira Jerusarema, nokuva nomufaro muvanhu vangu: uye izwi rokuhwidza harichazonzwi mukati maro, nokuti...kana izwi rokuchema.

Hapangazovipo kubvapo...mucheche, uye... mutana asina kusvitsa mazuva ake: nokuti mwana achafa ane makore 100; nomutadzi ane makore 100 achapomerwa. Zvino vacha...

Zvino vachavaka dzimba, nokugaramo; uye vachasima minda yemizambiringa, uye vachadya michero yayo.

Uye havangavaki dzimba, zvino mumwe achizogaramo; (ndiko kuti, purazi rako, mwanakomana wako anogara nhaka yaro, kana vamwe vadyi venhaka yako)...havigasimi, mumwe odyapo: (vanozvidyarira vogarapo; vane Hupenyu Husingaperi)...nokuti samazuva emuti ndizvo zvakaita mazuva avanhu vangu, uye changu chakareba...vasanangurwa vangu vachapedza nguva huru vachifarira mabasa amaoko avo.

Havangabatiri zvisina pundutso, kana kuunza zvova matambudziko; nokuti imbeu yavakaropafadzwa naJEHOVHA, uye nevana vavo vachagara navo.

⁶³ Zvino cherechedzai, pano ndipo pandichasvika, mushure mechinguva.

Zvino zvichaitika kuti, vasati vadana, ndichapindura; uye vachiri kutaura, ndichanzwa.

Uye mhumhi negwayana zvichafura pamwe chete, uye shumba ichadya uswa senzombe:...guruva richava zvokudya zvenyoka. Zvino havangakuvadzi kana kuparadza pagomo rangu rose dzvene, ndizvo zvinotaura JEHOVHA.

⁶⁴ Ivimbiso yakadini, yevaporofita nevachenjeri vakuru ava, vadzidzisi veBhaibheri, kare-kare mumazuva ekare, tichiona Zuva rinobwinya iri richiuya!

⁶⁵ Nendima idzi, mumwe munhu anogona kufunga, kana kutungamirirwa, waro, kutenda kuti nyeredzi yacho yose, yepasi rino, ichaparadzwa, “Ndinogadzira Denga Idzva neNyika

Itsva,” munoona, kuti matenga achange asisipo nenyika ichange isisipo, zvatsakatiswa zvachose. Asi nekunyatsonzvera nepedyo, nerubetsero rweMweya Mutsvene, tinogona kuona Chokwadi cheizvi; uye ndizvo zvatiri kupinda mazviri.

⁶⁶ Dzinongova mhengo dzakaipoteredza, nechivi chiri panyika, zvichaparadzwa. Maona? Zvino, tinocherechedza kuti *matenga* anoreva kuti “mhengo dziri kumusoro.” Maona?

⁶⁷ Zvinoita sei? Zvino, rukato urwu, nehurwere, nerufu, nezvematongerwo enyika, nemurume mutadzi, nemukadzi mutadzi, nemweya yakaipa, zvose zvichange zvaenda uye zvaparadzwa zvachose. Maona? Zvino fanira kuitwa saizvozvo, nokuti tichagara ipo pano chaipo. Tichazviratidza neBhaibheri. Ipo pano chaipo ndipo patichagara. Zvino cherechedzai, rukato, hutachiona, zvirwere zvose nezvimwe, zvichabviswa zvachose. Zvose izvi, kuvapo kwazvo zviru munyika zvino, hurongwa hwakagadzirwa nevanhu, zvematongerwo enyika, chivi, mhando dzose dzemweya yakaipa idzo nyika yakasvibiswa nadzo, nematenga ose ari pamusoro pedu ari muno, akasvibiswa nemweya wakaipa. Zvino tichanyatsodzika uye neparefu, mune izvi, munoona.

⁶⁸ Zvose izvi zviru mumatenga, kana kuti mumhengo, nemunyika iripo zvino. Nyika ino ine zvinhu izvozvo, asi haina kugadzirirwa chinangwa ichocho. Chivi chakakonzero kuti ive saizvozvo. Maona? Yakaitwa naMwari, Musiki. Asi zvose . . .

⁶⁹ Uye mitumbi yedu yese, yatiri kurarama mairi zvino, yakaiswa panyika Mwari pavakaisika, nokuti wakabva muguruva renyika. Zvainge zvakarongwa apa. Apo Mwari pachaVo vakaisika, waive mumufungo waVo. Uye maVari, Mukuru Wokusingaperi, yaive pfungwa, inova chizenga chaVo.

⁷⁰ Uye zvino chivi chakakonzero kuti zvose izvi zviitike. Uye Mwari, nemuzera rino, vari kuunganidza zvinhu zvaVo.

⁷¹ Satani achiri pano. Ndicho chikonzero zvinhu zvose izvi zvichiitika. Achiri pano, uye masimba ake ose akaipa achiri pano. Cherechedzai, ndicho chikonzero nyika zvino yakasviba kwazvo. Ndicho chikonzero tsvina nezvinhu zvisina maturo zvinoenderera mberi; kudeura ropa, hondo, zvematongerwo enyika, chivi, hupombwe, marudzi ose etsvina anoenderera mberi, imhaka yekuti Satani ndiye mutongi wenyika ino nemhengo ino.

Unoti, “Mhe- . . .?” Hongu, changamire!

⁷² Zvose matenga nenyika zvino zvakasvibiswa nemadhimoni anogona kutipomera pamberi paMwari. Jesu ari iKoko kuti atireverere. Maona? Apo vapomeri vanoramba vachinongedza munwe, “vakaita *izvi*, vakaita *izvi*, vakaita *izvi*,” asi Ropa richiri kufukidza. Akauya kuzodzikinura Musanangurwa iyeye waAkafanoona. Ndosaka yakasviba kwazvo nhasi.

⁷³ Pano, muapostora, muna Petro Wechipiri pano, chitsauko 2, uye nendima yechi 5 ne...neyechi 5 neyechi 6. Hongu, ndaiwana. Anotaura nezvematanho 3 enyika. Munoono, iye—iye anotora matanho 3 ayo. Cherechedzai kuti anoanza sei.

⁷⁴ “Nyika yekare yakamira ichibuda mumvura,” zvino, ndiyo yakanga iri nyika yekuparadzwa nemvura zhinji.

⁷⁵ Zvino, iyo iripo, nyika yanhasi yatiri kurarama mairi zvino, akaidana kuti “nyika.”

⁷⁶ “Nyika yekare yakamira kunze kwemvura,” Genesi 1:1. Zvino uye “nyika” iripo zvino. Uyezve, zvakare, anoreva nezve imwe, “nyika iri kuzouya,” Nyika Itsva. Nyika 3; matanho 3 enyika.

⁷⁷ Uye cherechedzai kuti Mwari vanojekesa sei kwatiri zano raVo rerudzikinuro. Oo, izvi zvakangofadza mweya wangu pandakazviona, kuti Vanojekesa sei kwatiri pano zvino zano raVo rerudzikinuro. Zvino enzanisai zvatinooona nemaziso edu. Izvo Mwari vakaita kuti vadzikinure nyika yaVo, Vakaita zano rimwe chete kuti vadzikinure vanhu vaVo, nokuti Mwari vasingashanduki havashanduki mune chero remazano aVo kana chimwewo chinhu. Chinhu chakabwinyiswa zvikuru!

⁷⁸ Matungamiriro aVakatiita kwaVari, kutabhenakeri iri matiri, nematanho 3 enyasha; sekungotungamirira kwaVakaita nyika mumatanho 3, kuti tiuye panyika. SaMwari vanouya panyika mushure mekunge yapinda nemumatanho 3 akasiyana ekucheneswa, ndiwo mauiyiro chaiwo aVanouya kwatiri kuburikidza nematanho 3 enyasha. Ndakazvidzidzisa izvozvo pakutanga; handina kumbobvira ndashanduka, kubvirapo. IShoko raMwari.

⁷⁹ Unofanirwa kuchengeta vana 3 vako pamwe chete, vana 7 vako, vana 12 vako. Nhamba dzemuBhaibheri dzinofanira kufambirana zvakakwana kana kuti uchavhiringidza mufananidzo wako. Kana usingazvinzwisise, ingoramba uchinamata. Iwe tarisa, zvichafambirana, chaizvo. Mwari vanokwaniswa muhutatu. Maona?

⁸⁰ Cherechedzai, “nyika yekare,” nyika yakaparadzwa nemvura; “nyika” iripo zvino; neiYo ichauya.

⁸¹ Zvino, danho rekutanga raVanotisvitsa kwariri... Munoono, zano raVo rerudzikinuro rimwe chete chaizvo pazvinhu zvese. Vanoshandisa nzira imwe cheteyo. Havamboshanduki. Vakati, muna Maraki 3, “Ndini Mwari, uye haNdishanduki.” Maitiro aVanozvitiita, naizvozvo, kana Vakaponesa munhu wekutanga waVakamboponesa, neRopa rakadeurwa reUyo asina mhosva, Vanotofanira kuponesa anotevera wacho; newese waVanoponesa anofanira kuva nenzira imwe cheteyo.

⁸² Kana Vakapodza munhu chero nguva ipi murwendo rwehupenyu; angave mumazuva aJesus, vaapostora,

vaporofita, chero pazvaive; kana zvirango zvimwe chetezvo zvazadzikiswa, Vanofanira kuzviita zvakare. Ndizvozvo chaizvo. Havashanduke. Munhu anoshanduka, nguva dzinoshanduka, zera rinoshanduka, mwaka unoshanduka, asi Mwari vanoramba vari vamwe chetevo. Vakakwana. Itariro yakadini iyo inofanira kupa vanhu vanorwara!

⁸³ Kana Vakambopodza mumwe munhu, Vanofanira kuzviita zvakare kana zvirango zvimwe chetezvo zvazadzikiswa. Kana vakambo, vakamboponesa munhu, Vanofanira kuzviita nezvikonzero zvimwe chete zvaVakazviitira kekutanga. Kana Vakambozadza munhu neMweya Mutsvene, Vanofanira kuzviita nezvikonzero zvimwe chete zvaVakazviitira pekutanga. Kana Vakambomutsa munhu kubva muguva, Vanofanira kuzviita kechipiri, uye neimwe nguva yose, pachikonzero chimwe chete.

⁸⁴ Havashanduke. Oo, zvinondipa tariro huru kwazvo! Chii ichocho? Kwete mune imwe dzidziso yakaitwa nevanhu, chimwe chinhu icho mapoka evanhu akauya pamwe chete; asi Shoko raVo risingashanduki.

Unoti, “Ichokwadi here?”

⁸⁵ Akati, “Shoko remunhu wese ngarive nhema, uye raNgu rive rechokwadi.” “Nokuti matenga nenyika zvichapfuura, asi Shoko raNgu haringakundikani.” “Rugwaro rwose rwakapihwa nekufemerwa, naizvozvo rwakanaka uye rwunobatsira padzidziso.” Uye rangarirai kuti “Rugwaro rwose rwuchazadzikiswa,” chikamu chaRo chose.

⁸⁶ Cherechedzai kuti Mwari vanozviisa pachena sei kwatiri. Uye kana yanga isiriyo simbiso hu—huru, yakanaka... ropafadzo guru, rine rudo rinobva kuna Mwari! Pandinoona izvi, uye ndakazviona kubvira ndichiri mukomana, kekutanga apo Kristu akashanda neni, ndakagara ndichidzidzisa matanho 3 iwayo enyasha. Cherechedzai kana chisiri chokwadi zvino.

⁸⁷ Zvino, danho rokutanga “kutendeuka kuna Mwari.” Zvino chinotevera shure kwaizvozvo, rubhabhatidzo rwemumvura, “rubhabhatidzo rwemumvura,” “Tendeukai, mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu.” Munoono, rubhabhatidzo rwemumvura rwunotevera, rwuchiratidza kuti kutendeuka kwacho ndekwechokwadi. Kana kuti, ku “regerera” zvivi zvedu zvekare, izvozvo hazvinei nechokuita nechivi chenguva inotevera. Rwunoregerera chete. “Tendeukai, mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu.” Kuitirei? “Kuregererwa.” Kubvisa chivi chekare hakunei nechekuita nechamangwana. Kungoti, chivi chako chagarwa, icho chawakaita.

⁸⁸ Haugone kutendeuka pane zvakaitwa naAdhamu. Iwe hauna kumbozviita; Adhamu ndiye akazviita. Unongwana kuregererwa pane zvawakaita iwe. Hunhu hwekare huchiripo.

⁸⁹ Regai nditore bhodhi iri kwechinguvana. [Hama Branham vanodhirowa mifananidzo pabhodhi—Mupepeti] Zvino, *heunoi*

mwoyo wemunhu. Zvino, handisi. . . Ndiri kure nekuva munhu anodhirowa mifananidzo. *Heunoi* moyo wemunhu; uye *heunoi* moyo womunhu. Zvino, uyu uri neche *apa* une nyoka mauri, chinova chivi, apa uyu ane hupenyu hwake. Uyu uri neche *apa* une njiva mauri, unova Mweya Mutsvene, apa uyu ane Hupenyu. Zvinoka, uyu *pano*, ane hutsinye, ruvengo, godo; ndicho chiri kuzvikonzeresa, muchinda uyu ari *apa*. Zvino, uyu ari neche *apa* ane rudo, nomufaro, nokutsungirira; uye ndiWo unozviita, zasi *uku*.

⁹⁰ Zvino, kana wakumbirwa, kana kuti waregererwa zvivi zvako, wangoita izvi, wabvisa *ichi*. Asi chinhu chakuita kuti uzviite chichiripo. Ndiwo mudzi wekare wezvakaipa; uchiripo. Cherechedzai, zvino utotendeuka uye wobhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, kuti iYe akakuregerera zvivi zvako. Cherechedzai.

⁹¹ Zvino, chepiri, kunouya kucheneswa, kunoisa pfungwa dzedu muhurongwa wehutsvene, kuti tifunge zvakanaka. Kubviswa. . . kucheneswa izwi rechiGiriki rine zvirevo zviviri, iro rinoreva “kucheneswa, nekuiswa parutivi kuitira basa.”

⁹² Zvino, chinotevera, kunouya rubhabhatidzo rweMoto neMweya Mutsvene, kuti Mwari vagare matiri. Zvino Moto waMwari unosuka moyo yedu kubva kuchivi, woisa Mweya Mutsvene mukati. Tinobva tabereka Hupenyu humwe chete hwakaitwa ne*Uyu*, nokuti Uri matiri.

⁹³ Cherechedzai, mukuzvarwa kwepanyama, kana mudzimai azvara mwana. Hupenyu hwepanyama hunofananidzira hupenyu hwepamweya. Kana mudzimai achinge asununguka mwana, panyama, chinhu chekutanga chinoitika kubuda kwemvura, tevere ropa, zvino kwozotevera mweya (hupenyu hwacho). Vitora kamuchinda kadiki vokarova, kobva katanga, kukwetsura mhare. [Hama Branham vakaombera maoko avo—Mupepeti] Mvura, ropa, mweya.

⁹⁴ Uye zvino kana mwana azvarwa muHumambo hwaMwari, anouya nenzira imwe cheteyo: mvura, Ropa, Mweya.

⁹⁵ Zvino cherechedzai, kucheneswa, danho rechi 3. . . danho rechipiri razvo, rinochenesa pfungwa; rinogadza moyo, ndangariro dzemoyo, muhurongwa wehutsvene.

⁹⁶ Murume anogona kutendeuka pazvivi uye achiri kufunga nezve. . . Zvinoka, zvichida iye murume ane hu—hunzenza, mukadzi wese anotaridzika kuva nehunzenza waanoona, zvichiripo. Pamwe chidhakwa; pese paanonzwa hwema hwedoro, zvinenge zvichiripo. Maona?

⁹⁷ Asi kana acheneswa, zvinosuka chishuwo ichocho kubva maari. Maona? Zvinobvisa chido chazvo. Anogona kuramba achiyedzwa, asi Vanobvisa havi yacho. Kunyange zvakadaro, haasati arurama nazvino.

⁹⁸ Anobva, abhabhatidzwa neMweya Mutsvene neMoto. Ocheneswa, opiswa, onatswa; uye obva azoiswa mubasa raMwari.

Kucheneswa kunongovaisa parutivi *kuitira* basa.

⁹⁹ Uye cherechedzai chaizvo kuti zvakauya sei, mharidzo dzichiuya. Martin Luther, kururamiswa; John Wesley, kucheneswa; pentekosti, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Mharidzo, ndipo apo pasingazogoni kuva nemamwe mazera azvo, munoono. Tave panguva yekupedzisira. Matanho 3. Rubhabhatidzo rwunochenesa moyo kubudikidza neMweya Mutsvene.

¹⁰⁰ Zvakatanhamara chaizvo, Vanotora nzvimbo yatinofanira kugara mairi, kubudikidza nenzira imwe cheteyo.

¹⁰¹ Zvino, Vakadana Chechi nemukururamiswa, vakaIdaidza nemukucheneswa, ndokuIzadza neMweya Mutsvene neMoto. Uye VakaItora nemumatanho, ekuti iVo pachaVo, Mweya Mutsvene pachaKe, Mwanakomana waMwari, agone kugara mumoyo wemunhu. Zvino, Inofanira kupfuura nemune izvozvo Vasati Vapinda maIri.

¹⁰² Cherechedzai, Vakaita nyika, macho muchagarwa neuyo Mwenga, nenzira imwe chete, zano raVo rimwe chete reruponeso.

¹⁰³ Cherechedzai nyika yekuparadzwa nemvura. Ivo, mushure mekunge yatendeuka, kubudikidza neMwenga wezuva iroro, Noa, Vakaipa rubhabhatidzo rwemumvura, ndokuifukidza yose nemvura. Zvino, kururamiswa, zvichiratidza kuti Vari munzira yaVo kudana nyika ino yakawa, kubva muEdheni, kuti idzokere mukudzoreredzwa kwayo zvakare.

¹⁰⁴ Zvino Kristu akauya akadeura Ropa raKe pairi, achiichenesa uye achiitora. Munoono, ndiyo nyika yatiri kurarama mairi zvino.

¹⁰⁵ Munoono kuti Satani, pano muGwaro, akaedza sei kuMuita kuti aparadze zano raMwari kuti aigamuchire, kuipa kwaAri paakaMukwidza pamusoro pegomo, uye akaedza kuMupa pasina mubhadharo weRopa?

¹⁰⁶ Makacherechedza here kuti Abrahamu, pavakaedza kumupa nzvimbo, akaitenga nemashekeri esirivheri akatarwa, pamberi pevanhu, sechiratidzo, sehuchapupu? “Ngazvizikanwe nhasi kuti ndatenga nzvimbo yekuvigira iyi.” Munoono, akaitenga! Zvino Satani akaedza ku—kuMupa humambo uhwo hunova hwake zvino. Akaedza kuhupa kwaAri sechipo, asi haana kuhugamuchira. Nokuti ndizvo, munoono, zvino Satani anogona kuramba aine maruramiro pairi. Asi, yaitofanira kutengwa. Amen. Akanga ari Shoko muhuzaro hwaro. Havaigona kuMunyengedza mazviri.

Zvino, iko zvino yave kuzowana rubhabhatidzo rweMoto.

¹⁰⁷ Munoono, yave zvino... Chii chakaitika? Kristu akauya akadana Chechi pakutendeuka, rubhabhatidzo muZita raJesu Kristu, kuti iregererwe; kuchenesa Chechi; uye neMoto waMwari ukadzika ndokupisa tsvina yose, zvino ndokuuya kuzogara mumoyo wemunhu.

¹⁰⁸ Zvino, nyika, kuti idzikinurirwe munhu uyu akadzikinurwa, Vanoshandisa nzira yaVo imwe cheteyo. Vakaibhabhatidza mumvura, mushure mekuperadzwa nemvura zhinji. Akadeura Ropa raKe pairi, kuti aichenese nokuitora. NdeyaKe.

Satani akaedza kuti, “Ndichaipa kwaUri.”

¹⁰⁹ Akati, “Kwete, changamire, ndichaitenga.” Ngachive chapupu. Akasimudzwa, sechiratidzo, chokuti Aitenga. Aibhadharira.

¹¹⁰ Asi zvino inofanira kupinda nemurubhabhatidzo rweMoto, Moto mutsvene unobva kuna Mwari, unochenesa nyika nematenga akaipoteredza. Ipapo, yakatengwa kuitira kuti vakadzikinurwa vagare pairi, vagare mairi murugare. Cherechedzai, rubhabhatidzo rweMoto nderwekuichenesa kubva kuchivi, kubva kuhurwere, kubva kuhutachiona hwezvirwere, kubva kuvatadzi, kubva kuna dhiyabhore neboka rake rose. Ari kuzodzingirwa kunze, muDziva reMoto. Moto Mutsvene unobva kuna Mwari, unoburuka uchibva kuna Mwari, kubva Kudenga, woipisa, cherechedzai, kuigadzirira kuti Mwari vazogara mairi. Nokuti, Mwari, muNyika Itsva ichauya, vachagara panyika. Nekuti, unoti, “Mwari, Vanogara mumoyo wemunhu.” Asi, iVo neMwenga vanova Mumwe, uye vanoenda kuMusha wavo muNyika Itsva. Uye zano rimwe chete rerudzikinuro rinoshandiswa kudzikinura, zvose, nyika nevanhu vanogara mairi.

¹¹¹ Munoono, moyo unofanira kucheneswa saizvozvo. Mwari vasati vaburuka vari mumunhu weMweya Mutsvene, anova Kristu achidzika uye achigara mumoyo wemunhu, unofanira kutanga watendeuka. Unofanira kubhabhatidzwa mumvura, muZita raKe, kuratidza kuti ndewaani.

Zvino unofanira kucheneswa neRopa raJesu.

¹¹² Uye tevere Moto mutsvene neMweya Mutsvene, unobva kuna Mwari, unouya pasi uye wopisa chishuvo chose chechivi, hunhu hwose hwenyika. “Uye, naizvozvo, uyo anotadza nebwoni mushure mokugamuchira ruzivo rweChokwadi...” Zvino, zvakare Bhaibheri rakati, “hazvigoneke...” “Nokuti, mu—munhu akaberekwa naMwari haagani kutadza; haatadzi.” Hapana nzira yekuti atadze. Angave mutadzi sei, uyezve akadzikinurwa, panguva imwe cheteyo? Ndingava sei muchitoro chemukambo, uye ndiri kunze kwechitoro chemukambo, panguva imwe chete? Maona? Oo, Vakatifidzikanura neRopa raVo; neMweya waVo Vakatifichenesa; uye zvadaro vanouya kuzogara matiri, Chechi. Kwete sangano, zvino; Chechi!

¹¹³ Nyatsocherechedzai zvino patinotora izvi, nzvimbo dzacho dzatiri ku—kuzogara madziri. Zvino, zvino, kutendeuka kwe—kwenyika yekuparadzwa nemvura zhinji, ipapo, kwakaunza rubhabhatidzo rwemumvura. Zvino Kristu akauya akadeura Ropa raKe pamusoro payo, kuti aichenese uye agoitora. Zvino kwozouya, chinotevera, kuparadzwa kwenyika sezvairi zvino.

¹¹⁴ Zvivi zvose zviru kumatenga kumusoro, “ndiye muchinda wesimba remuchadenga,” anodzivisa (kurwisa) maropafadzo anobva kuna Mwari. Imomo munouya mabhanan’ana emheni yorova nyika, nezvose, kubva kumatenga, nemazidondhwe emvura inonaya zvakasimba, nepadutu, madu... padutu nezvose, “zvinobva kumusoro,” izvo zvinova Satani, “muchinda wesimba romuchadenga.”

¹¹⁵ Cherechedzai, onai kuti Satani akaedza kuitora sei, sezvandambotaura maminetsi mashoma apfuura, nokuipa kuna Jesu asina kuitenga. Zvino, Satani achine maruramiro pairi, nokuti ine mucherechedzo wake, munoona. Asi Jesu anoitenga neRopa raKe rakadeurwa oidzose kumuridzi wacho chaiye. Maona? Ndiwo matengero aAkatiita, neRopa raKe, matengero aAkaita Chechi.

¹¹⁶ Uye zvino rubhabhatidzo rwayo neMoto rwunoichenesa kubva kuhutachiona hwese, matenda ayo ose, hurwere hwose, kunyange zvinhu zvose zvemweya; zviru patiriwo, zvakare, rwunoita nezira imwe chete; kuigadzirira kuti Mwari vagare mairi, muzera guru iri richauya, Nyika Itsva. Munoona, Vanoidzikinura nezira imwe chete yaVanoita nayo vanhu vaVo. Vanozviiita zvose zvimwe chete, zano raVo rerudzikinuro. Nokuti, ndiMwari vasingashanduki, vanogara vari vamwe chete mumazano aVo.

¹¹⁷ Ndakambokuudzai chaizvo, kumashure, nekuzvivizisa kwamuri, nemazera ose, kuti Mwari havashanduke; vanoita kuti zvizivikanwe, nzira yose, nezira imwe chete.

¹¹⁸ Vakaizivisa, mharidzo yaVo yekutanga, munyika yekuparadzwa nemvura, kubudikidza nemuporofita Noa.

¹¹⁹ Ndaitaura neimwe hama inodikanwa yakagara pano neni iko zvino. Nezuro, vakati, “Chinhu chimwe chete chamakataura, Hama Branham, chakagara chichindityisa.”

Ndakati, “Chii nhai, hama?”

¹²⁰ Zvino vakati, “Hezvinoi zvakamataura,” uye ichokwadi, “Vashoma, kuti iboka duku richaponeswa mumazuva eKuuya.’ Uye takataura nezvekuti Jesu akati, ‘Suwo rakamanikana uye nzira in hete, uye asi kuchava nevashoma vachaiwana.’ Zvino cherechedzai, Bhaibheri rakati, ‘Sezvavakanga zviru mumazuva aNoa umo mweya 8 yakaponeswa nemvura, ndizvo zvazvichava muKuuya.’”

Ndakati, “Hama, makangobata . . .”

Vakati, “Rangarirai, mune mweya 8 chete imomo.”

Ndakati, “Makangobata chidimbu chemufananidzo wacho.”

¹²¹ Asi, Noa aive mufananidzo wevakasaririra vakayambutswa, kwete boka rakashandurwa. Enoki, murume 1, akapinda Mukubvutwa mafashamu asati auya, kuratidza kuti Chechi haipinde nemukutambudzika kana chimwe chinhu chakaipoteredza. Enoki akashandurwa, munhu 1. O, chechi inogona kuva muhuwandu; asi Mwenga uchange uri boka duku zvikuru richaumba Mwenga. Zvino, chechi inogona kuva nevakawanda zvikuru; asi, Mwenga, munoona, enzanisai 8 ne 1. Vashoma zvakapetwa ka 8, ndiwo uchange uri Mwenga, pane chechi.

¹²² “Uye kana zvichiremera vakarurama kuti vaponeswe, ko mutadzi nevasina humwari vachaonekwa papi,” avo vanoziva zviri nani, kuti vazviite, uye voenderera mberi kunozviita zvakadaro? Avo vanotevera mitemo yesangano panzvimbo yeShoko, vachaonekwa papi, asi vachinzi Makristu, vachitora Zita raKristu?

¹²³ Zvino, zvakanyatsokwana, Noa akanga ari mufananidzo wevakatakurwa. Rangarirai, Noa paakabuda, Hamu aiva naye. Chivi chakanga chichirimo. Chivi chakapfuurira mberi, nemuareka. Kusatenda, kupokana, kwakapinda nemuareka, kwakatakurwa pamusoro pekutongwa. Asi Enoki akakwira kumusoro-soro kudarika areka, akaenda muHupo hwaMwari. Asi Noa akapindamo ndokubuda, zvino pakanga pachine chivi; mufananidzo weMireniyamu, wechinhanu cheniyika.

¹²⁴ Mireniyamu haisi magumo ayo. Kuchange kuchine nguva mushure meMireniyamu. Mireniyamu chikamu chenguva; asi, kwete Nyika Itsva. Kwete, zvachose. Cherechedzai, mune izvozvo, tichasvika pazviri mushure mechinguvana.

¹²⁵ Munoona, nyika, yakadzikinurwa, inodzokera kuMuridzi wayo wepamavambo zvakare. Zvakatora... Akaitora kubva kuna Satani. Vakadhonza, vachitora nyika kubva kuna Satani, sokungokutora kwaVakakuita kubva kuna Satani, sekutora kwaVakaita mudzimai mudiki patsime kubva kuna Satani. Hapoka pamire muprisita, achifunga kuti aiva naMwari, zvino akanga asina chinhu. Maona?

¹²⁶ Ndinoda kukudhirowerai izvozvo kwechinguvana. Zvino, tinoda kunyatsojekesa izvi, saka zvino nyatsocherechedzai zvino padzidziso iyi. [Hama Branham vanodhirowa mifananidzo pabhodhi pandima shoma dzinotevera—Mupepeti]

¹²⁷ Zvino, uyu *pano*, hevanoi Mwari. Mwari, vanova vaZiyendanakuenda, vasina... Hakuna mumwe kunze kwaVo. Asi, muna Mwari, Vaiva nezvizenga. Zvino, ichi *pano* chinomiririra Shoko, Shoko raMwari, rakaitwa nyama rikagara pakati pedu mumunhu waJesu.

¹²⁸ Zvino uyu *pano*, muchinda ari apa, tichamuita sezvizi. Zvino, *uyu* anonzi mudzimai wepatsime. *Uyu* ndiye muprisita, muFarisei. Uye paunoono *apa*, pabhodhi pasina chinhu, zvinoreva nyasha neruponeso.

¹²⁹ Zvino, “Pakutanga Shoko rakanga riripo. Uye Shoko rakazova nyama ndokugara pakati pedu.” Matanho 3. Chaiva chizenga kutanga, chakanga chiri muna Mwari, chaVakafunga nezvaVo vari munhu; uye ndizvo zvakaVaunza pasi kuti vave Jesu; uye zvino, kana uchazove uriKo, waive naVo kareko. Nokuti, kunongova nemhando imwe chete yeHupenyu Husingaperi, ndiMwari; uye waifanira kuva chikamu chaMwari pakutanga, kwete zvawakangasarudza zasi kuno. Vakakusarudza. “Vose vaNdakapihwa naBaba vachauya.”

¹³⁰ Zvino tarirai muprisita uyu ari pano. Tinoona chikamu chake chepasi, *apa*, hupenyu hwake hwekuseri, shure kwake, kufanotemerwa kwake shure kuno, kune zvivi.

Herino gehena iri, pasi *apa*.

¹³¹ Zvino, chikamu chidiki ichi chiri *umu*, chinoita sebhodhi dema, chinomiririra kuchena kwake. Akanga ari muprisita. Akanga ari munhu anokudzwa. Izvo zvaimiririra *izvi*. Aivewo, zvakare, aifanira kunge ari murume akanaka, kana kuti aisakwanisa kuva muprisita. Asi munoona kuti akazviwana sei, kwaiva kudzidza kwenjere.

¹³² Zvino, mudzimai mudiki uyu, hupenyu hwake hwekutanga, kumusoro *kuno*, aive pfambi, ainge akanganiswa. Asi pakadzika-dzika maari, *umu*, maingova nekakunzwisisa zvishoma. “Ndinoziva kana Mesiya achinge auya...” Maona? Munoono, zvaivapo.

¹³³ Cherechedzai, Jesu paakauya ndokuratidza Shoko, nokuti Shoko rainzvera mifungo yaiva mumoyo; sekutaura kwaVaHebheru 4 inoti Richadaro, 4:12, kuti Aizodaro. “Shoko rakanga riri munzveri wemifungo yemoyo,” uye Akauya seMwanakomana wemunhu, Muporofita. Chii chakaitika? Muprisita uyu, anongori nekudzidza kwehungwaru, akati, “Idhimoni,” nokuti ndizvo zvazvaidanwa nesangano rake. Zvakaitei? Akanga asina chinomiririra, saka haana chaakaona.

¹³⁴ Asi mudzimai mudiki uyu akanga asina chaazeratidza; akanga akasviba uye aine tsvina chaizvo. Asi, cherechedzai, pakadzika-dzika maari, ane chinomiririra, munoona. Uye, zvakare, akanga achitarisira kuti izvi zviitwe nyama.

Uye paAkati, “Enda unotora murume wako muuye pano.”

Iye akati, “Changamire, handina kana.”

¹³⁵ Akati, “Wataura chokwadi, nekuti une 5, uye wauinaye ikozvino haasi wako. Wakambove ne 5. Vanobva vaita 6 vawava navo.”

136 Akati, “Changamire!” (Kwete, “Muri,” kwete, “Bherizebhabhu.”) “Ndinoona kuti Muri Muporofita. Zvino, tinoziva kuti Mesiya, anonzi Kristu, achauya. Uye paAnouya, Achaita izvi.”

Akati, “Ndini iYe.”

137 Hapachina kupokana. Hawaifanirwa kuti uzvitsanangure. Mudzimai uyu akazviona. Akazvitenda. Ndiye hutu achienda! Sei? Chii chaZvakaita kwaari? Zvakamudzikinura.

138 Zvino tarisai, Akauya kuzova Mudzikinuri. Ndizvo here? Kutu *kudzikinura* zvinorevei? “Kudzosa.” Sei Asina kutora muprisita? Haana kumbenge ari kumusoro uko. Maona? Munoono, akanga asina chinomiririra.

139 Akauya kuzodzikinura avo vakanga vawa. Mukuwa uku, *izvi* zvakakanganisika, pamusikana iyeye; asi Mwari vaiva naye mukufunga kwaVo nyika isati yavambwa, uye Vakauya kuzomuchenesa. Maona? Zvino iYe...Mudzimai akanga aine Hupenyu Husingaperi. Maona?

140 Apo, muprisita, zvakaitei kwaari? Zvakamudzoseru chaiko kumagumo ake. Akanga asina chinhu, pakutanga kwacho, aingova nedzidzo yenjere chete.

141 Zvino teerera, shamwari, kana chinhu chega chaunacho iri dzidzo yenjere, unowana chimwe chinhu chakasiyana naizvozvo. Uye hauzofe wakakwanisa kuZviwana kunze kwekunge uine chinokumiririra. Ndicho chikonzero ndinotenda kuti munobva kumabvazuva nekumadokero, kuchamhembe nekumaodzanyemba; Shoko, rinorarama, raratidzwa.

142 Cherechedzai zvino kuzivisa kwaVanoita nzira yaVo kubudikidza neaporofita vaVo, pakutanga. Havana kumbozvishandura.

143 [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]...ruponeso. Vakaruramisa munhu; vakamuita mutsvene; vakatumira Mweya Mutsvene neMoto, ndokupisa chivi kubva maari, ndokugara maari, pachaVo.

144 Vanodaro nyika, yaVachazoshandisa muzano rerudzikinuro, nenzira imwe cheteyo. Yakatendeuka ndokubhabhatidzwa mumvura, mu...naNoa. Jesu akauya akaichenesa, nokudonhedzera Ropa raKe pamusoro payo, ndokuitora. Uye muNyika Itsva ichauya, ichava nerubhabhatidzo rutsvene rweMoto, kuichenesa kubva kudhimoni rose, hutachiona hwise, hurwere hwise, zwise zviripo, nokuiita itsva. “Ndakaona Denga Idzva neNyika Itsva.”

145 Unova munhu mutsva. Amen! Kwete yekare inongova nezvigamba, nekujoinha chechi kana kuedza kuva ari nani, asi uri chinhu chitsva chakakwana zvizere. Mwari vanatora munhu wakare vonyatsomupisa zvokupera, neMweya Mutsvene neMoto, uye vouya pachaVo, votumira chinokumiririra chako.

“Hapana munhu anogona kuuya kwaNdiri kunze kwekunge Baba vaNgu vamukweva. Uye vose vaNdakapihwa naBaba vachauya kwaNdiri.” Mazviona here? Zano rimwe chete; nzira imwe chete.

¹⁴⁶ Satani aka... achabviswa panyika, chaizvo sezvakangoita Satani akabviswa pauri. Satani haakwanisi kunetsa; kana kuti, anogona kuyedza, asi haagoni kutora Mukristu akazvarwa patsva. Nokuti, Mwari, kubva pakuvambwa kwenyika, vakafanomuona, ndokutuma Jesu kuzomudzikinura, zvino Ropa rinotaura rakamumiririra. Angagotadza sei kana chisingagoni kuonekwa, kunyange, naMwari? Haatombo... Chinhu choga chaVanonzwa izwi rako. Vanoona chinokumiririra. Ameni! Ichokwadi. Maona?

¹⁴⁷ Nenzira imwe cheteyo, nokuti nyika ndechimwe chezvizenga zvaVo sezvakangoita iwe uri chimwe chezvizenga zvaVo. Nyika inova chimwe chezvizenga zvaVo, nekuti yaive pfungwa yaMwari, pakutanga. Kuva nenyika, kuva paChigaro chehumambo, kuva Mambo, kuva Mudzikinuri, kuva Mupodzi, ndihwo hunhu hwaVo.

¹⁴⁸ Sezvakangoita chizenga chako. Handikwanise kuti da—da “danda” kunze kwekunge ndafunga nezve danda. Handikwanise kuti “munhu” kunze kwekunge ndafunga nezvemunhu. Zvino kana ndafunga nezvemunhu, ndobva ndati “munhu,” kufunga ndicho chizenga changu uye kuzviture ndiro shoko racho. Maona?

¹⁴⁹ SaIsaya, aigona sei kutaura, kuti, “Mhandara yaizobata pamuviri”? Mufungo chii?

¹⁵⁰ Zvino, vazhinji venyu munoshaya kuziva kuti iko, kunzvera ikoko, kunouya sei. Ndiri kuzokuudzai. Munooona, ishoko randinotaura. Uye haisi pfungwa yangu, nokuti handizive. Handizive pfungwa yazvo. Ndingazokuudza sei kuti ndiwe ani nekwaunobva, ini ndisingakuzive? Ndingakuudza sei zvawakaita makore 10 akapfuura, ini ndisina kumbokuona muhupenyu hwangu? Ndingakuudza sei kwauchazviitira nezvauchaita makore 10 kubva zvino? Ndinoziva sei ramangwana? Asi ipfungwa yemumwe Munhu.

¹⁵¹ “Regai pfungwa yaive muna Kristu ive mamuri. Regai pfungwa yaive muna Kristu ive mamuri.” Munooona, zvino hakusi kufunga kwako. Kufunga kwaKe, kuburikidza newe. Uye hausi kutaura mashoko ako iwe; uri kutaura Mashoko aKe.

¹⁵² Ndizvo nguva zhinji hama dzichivhiringika, pakududzirwa kwendimi, nezvimwe. Munooona, vanotaura zvinhu zvisina kunaka, havacherechedzi kuti ndiSatani. Unoti, “Mubindu raMwari?” Ingomirai kusvika tapedza, toona kuti hazvisizvo here, kana kuti kwete. Masawi negorosi zvinokura mumunda mumwe chete. Zvose zvinorarama nezuya rimwe chete nemvura imwe chete. Maona?

153 “Asi kana paine mumwe pakati penyu anova muporofita, ini Jehovha ndichataura naye. Uye kana zvaanotaura zvikaatika, zvino ndiNi, munoona, nokuti haasi kutaura zvake iye. Ari kutaura pfungwa dzaNgu, zvizenga zvaNgu zvezvinhu zvichauya, uye Ndichashandisa muromo wake kuti agozvitaura. Uye mushure mekunge azvitaura, zvinofanira kuitika. Matenga nenyika zvichapfuura, asi Shoko raNgu harimbokundike.”

154 Isaya akati, “Mhandara ichava nemimba.” Zvakatoringana. Ichava nemimba. Zvakataurwa naMwari, Vanozviita.

155 Oo, kuzivisa, nevaporofita vaVo, kuratidzwa kwaVo kwese, nokuti zvizenga zvaVo zvepfungwa dzaVo zvaratidzwa.

156 Zvino, hezvino zvazvaive, mumudzimai mudiki *uyu*. Aive chimwe chezvizenga zvaVo. Maona?

157 Zvino paiva nemuprisita, aimiririra Chiedza, akanga aChidzidza kubva muBhaibheri. Akanga adzidza kuti Mwari vakanga vari Mwari. Akanga adzidza kuti hutsvene hwakarurama. Akadzidziswa kuti kune murairo waMwari. Akanga azvidzidza nokuda kwemaonero enjere. Uye akazvarwa mudzinza chairo; akanga ari muRevhi. Asi aingozviziva chete nemafungiro enjere. Uye Chiedza chenguva pacha... Munoona, akazvidzidza pane *zvakanga* zvaitika, kwete zvaitoitika; *zvakanga* zvaitika! Zvino paakaona *zvakanga* zvichiitika, sangano rake harina charakataura pamusoro paZvo, nokudaro akanga asina chinomiririra chaZvo.

158 Asi hepano paiva neMudzikinuri panyika panguva iyoyo, kuzodzikinura zvizenga izvozvo zvaMwari, zvino akazvigamuchira. Haana kumbova nemubvunzo pazviri. Akati, “Kana Mesiya auya, Achaita izvi,” uye zvikapedza nyaya yacho. Zvino akazviona zvichiitwa, saka... Akati, “Ndini Mesiya,” saka *zvaka*bva *zvapedza* nyaya yacho. Hapasisinazve mubvunzo. Kangoenda, achiudza vamwe vese, “Huyai, muone Wandawana.”

159 Matanho aya anotichenesa, temberi yenzvimbo yehugaro hwaKe: kururamiswa, kucheneswa, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene neMoto. Ndizvo zvacho zvinochenesa (yedu) temberi iyi.

160 Naizvozvo, sechimiro chenyika yekare chisina kuparara, nemvura apo yakakukurwa; chimiro chenyeredzi iyi, chimiro chekare, iyo...ivhu rose, zvinhu zvose *zvaka*nga *zvaiswa* naMwari panyika, hazvina kuparadzwa pakaparadzwa nyika yokutanga. Zvino Bhaibheri rakati “*yaka*paradzwa,” asi haina kuparadza chimiro chayo. Yakangoparadza zvivi nevatadzi vaive pairi. Chimiro chayo chakaramba chiripo.

161 Asi, munoona, sekururamiswa, semi maBaptisti nemaMethodisti munoda kufunga nezvazvo, kungoruramiswa chete, kutenda pamwe nekubhabhatidzwa, izvozvo hazvina kukwana. Muchadzungaira muchidzokera muzvinhu

zvemunyika, mogera vhudzi renyu nokupfeka zvikabudura, nezvimwe zvole. Munoono, hapana chati chaitika nazvino. Makangotarisa kumashure mukaona kuti makakanganisa.

¹⁶² Kururamiswa kwakaitei kunyika? Hakuna zvakwakamboita kwairi; yakatangidza chaizvo zvakare, ichingova nechivi chimwe chetecho sezvayaimbove. Ndiwo maitiro anoita munhu, uye ndipo paanongosvika ipapo.

¹⁶³ Ndiyo nzira iyo muvhangeri mukuru, Billy Graham, anofanira kuona. Akati, “Ndinoenda ndova nevanotendeuka 30,000, ndodzoka mushure megore ndoshaya kana 30.” Ndiko kwegwa kwavakangosvika. Maona? Uye, zvirokwazvo, vanotendeuka. Ndinotenda kuti vanotendeuka; vazhinji vavo, kana kuti vamwe vavo, toti. Asi hazvisi izvo zvazvinotora. Zvinozviratidza pano.

¹⁶⁴ Zvino, saka chimiro chenyika chekare hachina kuparadzwa nemvura. Nyika yakasukwa chete. Yakawana rubhabhatidzo rwayo. Yakabhabhatidzwa.

¹⁶⁵ Naizvozvo chimiro chayo chicharamba chiripo, kunyange ikapiswa neMoto. Hauparadzi nyika, munoono, unongoparadza chivi chiri pairo.

¹⁶⁶ Cherechedzai pano, vamwe venyu imi vadzidzi veBhaibheri, uye kunyanya Chiremba Vayle vakanditarisa. Cherechedzai muna Petro, muchitsauko 2 chaPetro pano, chitsauko 3, waro, anoshandisa izwi rekuti “nyika,” sezwi rechiGiriki rokuti *kosmos*, rinoreva kuti, “hurongwa hwenyika.” “Nyika ichapfuura, zvinhu zvichanyunguduka nokupisa kukuru.” Maona? Hazvirevi kuti nyika, nyeredzi yacho, ichapfuura. Asi nyika, *kosmos*, zvevatongerwo enyika, vatadzi, hurongwa hwayo, chivi, hurwere, hutachiona, zvese zvisina kunaka, zvichapfuura. Zvese zvakambo. . .

¹⁶⁷ Mwari vakambozunguza matenga, asi panguva ino Vakati vachazunguza nyika, matenga nenyika. . . “Vakazunguza nyika,” waro, “uye zvino panguva ino Vachazunguza matenga.” Maona? “Nokuti tinogamuchira Humambo husingazunguzwi.” Ihwo Humambo Husingaperi. Taisai kuti anoenda sei kwazviri.

¹⁶⁸ Cherechedzai pano apa, Petro akati, “Uye ichanyungudika nokupisa kukuru, namabasa ari mairi achatsva,” kwete nyeredzi yacho. “Mabasa arimo,” mabasa evanhu, vese zvevatongerwo enyika nemazano avo, nemasangano avo ose nemazano akaitwa nevanhu, zvichaenda nayo kana yatsva.

¹⁶⁹ “Uye—uye matenga achapfuura noruzha rukuru.” Macherechedza here apa? “Matenga achapfuura neruzha rukuru.” Teererai! Nyika yese ichapfuta nemoto, uye ichatungidza magasi ari panyika nekuiputitsa. Ndizvo chaizvo. Taura. . . Bhaibheri rakati pano, Petro akati, “Uye matenga achapfuura, nenyika, neruzha rukuru.” Kuputika kwakadaro kuchaizunguza, oo, ini zvangu, nokuti unofanira kuuraya

denda rose, rukato rwose, minzwa yose. Zvose zvinofanira kuitwa, Moto uchazvipisa. Uye, rangarirai, haungori moto chaiwo wemazuva ose, asi Moto mutsvene, munoona, zvichabvisa Satani nezvose zvake, madhimoni ose. “Zvose denga nenyika,” ameni, “zvichapfuura,” kuuraya hutachiona hwese, zvipembenene zvese, hupenyu hwese hwepanyama huri pairo nehwakaipoteredza, kunyangwe iyo H₂O (mvura) ichaputika. Pafungei ipapo. Taurai nezveruzha!

¹⁷⁰ Munofunga kuti karuzha kaya kunze kuno muTucson kaive chimwe chinhu, paVakazarura Zvisimbiso 6, zvakazunguza nyika kumativi ose akapoteredza, uye zvikakonzera mutauro. Mirai kusvika nyika ino yagamuchira rubhabhatidzo rwayo!

¹⁷¹ Munoziva, kana munhu agamuchira rubhabhatidzo rweMoto, panoita ruzha rwakawanda kwese ipapo. Vanofunga kuti zvinonyadzisa, kunzwa vanhu vachidanidzira nekuzhambatata saizvozvo. Ingomirai kusvika nyika ino yawana rubhabhatidzo rwayo!

¹⁷² Hongu, ichatsanangura... ichaiputitsa, iyo H₂O, mvura, nokuti Bhaibheri rakati pano muna Zvakazarurwa 21, “zvino pakanga pasisina gungwa,” kuriputitsa. Izvi zvichashandura pamusoro pose penyika yose. Ichaputika uye yobamuka kuita zvidimbu-zvidimbu. Kunze kwese, chigoko, uye kwemazana emafiti pasi payo, zvichawondomotswa zvachose. Mhepo, magasi ari munyika zvino, kwavari kuwana mabhomba aya ezvitundumusere achitadza kupinda nepakati payo, nzvimbo huru kumusoro uko, kumusoro-soro mune imwe mhando yenzvimbo iyo ine marudzi ese emagasi, vanodaro; zvino achaputika. Hasha dzehutsvene hwaMwari dzichauya pamusoro payo, munoona, dzigoichenesa, zvichashandura pamusoro penzvimbo yacho yose.

¹⁷³ Zvino, vazhinji venyu vanoda kunyora pasi izwi iri, izwi rechiGiriki, “kupfuura.” Rinobva paizwi... Ndakatoti ndiriwane. Ndakafunga, “Nyika ino ichapfuura sei, uye isu tiri kuzogara pairo?” Asi kana mukacherechedza, vamwe venyu imi vanhu vanoda kurinyora pasi, ndichariperetera kwamuri. Handina kugona kuridudza, p-a-r-e-r-e-c-h-o-m-i-a. Handizive kuti ndingaridudza sei.

¹⁷⁴ Zvino, nenzira iyoyo, sezvandataura, kana ndawana... Kufemera kana kwandibata pane chimwe chinhu, ndinobva ndadzokera kunotsvaga izwi racho. Zvino, pano, handikwanise kuperetera izwi racho, kana kuti handikwanise—handikwanise kuridudza. Asi, muna izvozvo, Ishe zvakadaro vakandipa nzira. Ndinoenda ndonotsvaga kuti izwi iri rinorevei, ndobva ndariwana. Maona? Ndobva ndariwana, zvakare. Maona?

¹⁷⁵ Matenga nenyika *zvichapfuura*, zvino, izwi iri rinoreva kuti, “kubva pane chimwe chimiro kuenda pane chimwe.” Hazvirevi kuti “kutsakatika,” sezvingarehwa neshoko reChirungu rekuti,

kupfuura, kunge yatsakatiswa. Asi shoko rechiHebheru, kana kuti rechiGiriki pano, harirevi *kupfuura*; rinoreva kuti, “kubva pane chimwe chinhu kuenda pane chimwe.” Tarisai, asi, “kupfuura kubva pane chimwe chihano,” rinoti, “kuenda kune chimwe.”

¹⁷⁶ Zvino cherechedzai, Pauro akarishandisa, kana muchida kuzviverenga zvino. Zvinyorei pasi, munogona kuzozviverenga panguva inotevera. Muna Tito 3:5, Pauro ari kushandisa izwi rimwe chete iri, rinoreva kuvandudzwa patsva kwemunhu, kuti munhu abva pakuva mutadzi achinova mutsvene, asina kutsakatiswa zvachose. Kana munhu ahandurwa, haana kutsakatiswa, asi munhu ahanduka. Akashandurwa kubva pane zvaakanga ari kuenda kune zvaari, kwete kutsakatiswa.

¹⁷⁷ Jesu akashandisa izwi rimwe chetero muna Mateo 19:28; zvino, kwete 28:19. Zvino, 19:28, Akati kwavari, “Muchagara pamwe neNi muHumambo hwaBaba vaNgu, makavandudzwa,” munoono, “kushandurwa,” kana washandurwa. Akashandisa izwi rimwe chetero.

¹⁷⁸ Uye Akashandisa izwi rimwe chete paAkati, kumbongoro, akati, “sunungurai mwana wembongoro momurega achienda.”

¹⁷⁹ Akataura zvimwe chetezvo pakumutswa kwaRazaro, “Musunungurei! Mushandurei! Ainge akasungwa; muregei aende!”

¹⁸⁰ Zvimorevei? Nyika ichasunungurwa kubva pakubata kwaSatani. Ichasunungurwa. Ichasunungurwa kubva mune zvevatongerwo enyika, ichasunungurwa kubva kuhurongwa hwezvinamato zveasangano; kuti ishandisirwe Humambo hwaMwari, kuhugadza pano panyika. Asi chero bedzi iri mumaoko aSatani, zvevatongerwo enyika. . . Satani mutongi wenyika, ndiye muridzi wayo; yakanga iri yake, asi zvino Kristu aidzikinura.

¹⁸¹ Imwe nguva, ndakanga ndiri mudziyo wake, asi kwete zvino. Imwe nguva, mudzimai mudiki uya aive mudziyo wake, asi kwete zvino. Munoono, Akauya kuzosunungura kubata kwake. Akasunungura kubata kwechivi, kwaSatani, pahupenyu hwangu, pahupenyu hwako, uye zvino hatisi vake.

¹⁸² Makambondinzwa here kakawanda ndichiti, mumunamato, “bvisa maoko ako pachinhu chaMwari”? Maona? Ameni! Iva nekutenda kutora zviriri zvako. Ikodzero dzako. “Bvisa maoko ako pamudzimai! Bvisa maoko ako pamurume!” Munoono, kutenda kunozviita. Oo, ini zvangu! Kwete kuchitsakatisa, asi, kungoti, “Bvisa maoko ako pachiri,” kuchisunungura, rega chiende, chipfuudze. Chinoshanduka.

¹⁸³ Nyika ichashanduka. Zvevatongerwo enyika zvichashanduka. Zvinamato zvichashanduka. Masangano achapfuura. Zvevatongerwo enyika zvichapfuura. Humambo hwaMwari huchamiswa.

184 Tinoverenga muna Johane, verengai Johane muna Zvakazarurwa 6:14, munoona, “rakaenda semupumburu.” Bhaibheri rakati...kuti izvo...Johane akati, “Ndakaona denga nyenika zvichibva semupumburu.” Johane, Zvakazarurwa 6:14.

185 Jesu akati, “Matenga nyenika zvichapfuura,” kana kuti, nemamwe mashoko, “matenga nyenika zvichashandurwa.” Munoona, akashandisa izwi rimwe chetero ipapo chaipo zvakare.

186 Kwete, kwete kutsakatiswa. Nokuti, pamberi apo, muna Zvakazarurwa 21:2 kusvika 24, akaona Jerusarema Idzva richiburuka kubva kuna Mwari kubva Kudenga, uye rikagara panyika ino. Hazvirevi kuti ichatsakatiswa. Hurongwa ndihwo huchashandurwa.

187 Dhanieri akaona zvimwe chetezvo. Dombo rakarova nyika, rakavezwa pasina maoko; zvino chimiro chose chehurongwa chakaputsirwa pasi chikaita sehundi iri paburiro remuzhizha, mhengo ndokuitakura. Zvino Dombo, pachaRo, rakakura kuita Gomo guru rakafukidza nyika. Tarisai Gomo iroro zvino, muchinguva chidiki. Gomo iroro rakafukidza nyika.

188 Uyezve, tinoona pano, umo, zvakare, muna Zvakazarurwa umo, yakati, “Madzimambo eNyika Itsva vachauza rukudzo rwavo nekubwinya mairi.” Munyika, marigere...Jerusarema Idzva rakagara panyika ino. Munoona, yakangoshandurwa.

189 Uri murume mumwe chete, pachimiro, chawaive apo Mwari vakakudana, mudzimai mumwe chete. Asi, munoona, zvayakaita, kwaiva kuvandudzwa patsva. Hupenyu hwekare hwakapfuura. Chishuvo chekare chakapfuura. Paye, pawaimbofarira kunwa, nokutika, nokukakavara, nokupopota, nokumhanya-mhanya, nehunzema, chinhu ichocho chakatongofa. Maona? Asi zvino unoshandiswa...Kumashure waive mudziyo waSatani; zvino wadzikinurwa.

190 Uye ndizvo zvichaita nyika, nzira imwe chete, kudzikinurwa, Matenga Matsva neNyika Itsva.

191 Sezvawakaita iwe, “Wave chisikwa chitsva.” Uye izwi rechiGiriki ipapo, chero ani zvake anoziva, akati, “Wave chisikwa chitsva.” Amen! Chisikwa chitsva mutemberi yekare imwe cheteyo. Hareruya. Tarirai zviru kuitika pano zvino. Zvakabwinyiswa! Zvakanaka.

192 Zvino tinoona kuti nyika ino ichabata madzimambo enyika.

193 Uye, zvakare, muna Mateo 5:5, Jesu akati, “Vanyoro ndivo vachagara nhaka yenyika.” Hakusi kuti, kuzongova neimwe nyika. Ichangova nyika imwe cheteyo. Ndiri kuedza kuunza za—zano rerudzikinuro kwamuri, tisati, kana ndikasawana chimwewo chinhuve, munoona. Rubhabhatidzo rweMoto, pairi, nderwekuichenesa bedzi nokuiita nzvimbo yakakodzera kuti vanyoro vaVo vagare mairi. Maona? Oo!

¹⁹⁴ SezvaVakaita kwatiri, zvisikwa zvaVo, kugara matiri. Vasati vakwanisa kupinda matiri, Vakatotipa rubhabhatidzo rweMoto; zvino Mweya Mutsvene ndokupinda worarama, rubhabhatidzo rweMoto. Zvino, kana wawana rubhabhatidzo rweMoto irworwo, zvino Mweya Mutsvene unogona kupinda. Chii? SezvaUnoita, Unopisa zvose zvinopesana neShoko, kubva mauri. Maona? Hapana chimwe chaungatende kunze kweShoko, nokuti IShoko. Maona? Maona? Maona?

¹⁹⁵ Zvino, ndizvo zvataitaura rimwe zuva, humbowo hweMweya Mutsvene. Maona? Humbowo hweMweya Mutsvene ndipo apo paanokwanisa kugamuchira Shoko; kwete humwe hurongwa, asi kuva nekunzwisisa kwakajeka. Unoziva sei kuti Shoko rakajeka, kuRinzwisisa? Ritarise richiZvisimbisa.

¹⁹⁶ “Zvino,” unoti, “Ndinoona *ichi* chichizviita, *neicho*.” Oo, hongu, masora anorarama nenzira imwe cheteyo. Maona?

¹⁹⁷ Asi rinofanira kuva Shoko rose. Kuti uve Mwenga, unofanira kuva chikamu chaKe. Iye iShoko. Maona? Uye chikamu chipi chaKe chazviri? Shoko rakavimbiswa rezuva rino paAnodaidza Mwenga waKe. Iva chikamu chaRo. Mazvibata here? Zvino, musa—musarase izvozvo zvino. Cherechedzai.

Zvino Vanoiita kuti ive nzvimbo yakakodzera yekugara nemuna Ziyendanakuenda.

¹⁹⁸ Cherechedzai, izvi hazvisati zvataurwa nezvazvo... Kutonga uku muMireniyam, makore 1,000, hakusi Nyika Itsva. Munoon, hutongi hwemuMireniyam hutongi hwakasiyana. Ndimu matinopinda mairi, Mireniyam, asi handiyo Nyika Itsva, Denga Idzva. Kwete, kwete. Ingori nzvimbo yekuzorora, munoon, nguva yekuzorora, haisi zvachose Denga Idzva neNyika Itsva; nokuti, munoon, muMireniyam tine zvinhu zvisingapindi maIri. Mufananidzo wezuva rechi 7 rekare, kunze kuEdheni; zuva rechi 7, mushure mokunge Vasika nyika. Zuva rechi 7, Vakazorora muEdheni, uye neMireniyam.

¹⁹⁹ Munoon, nyika zvino yava nemakore angaita 6,000, ekukura kwayo. Maona? Makore 2,000 ega-ega yakave neku—kuparadzwa. Maona?

²⁰⁰ 2,000 ekutanga, mafashamu akavapo, uye Vakaibhabhatidza ne (chii?) mvura.

²⁰¹ 2,000 akatevera, Jesu akauya kuzoichenesa nokuitora, akadonhedzera Ropa raKe pairi, akaiti yaKe. Zvakanaka.

²⁰² “Ndichadzoka zvakare,” uh-huh, zvino saMambo naMambokadzi waKe, uye makore 2,000 echipiri (Anoitei?) Anouya opa nguva yaKe yekuzorora.

²⁰³ Zvino obva aipisa, uye oitora kuti ive yaKe pachaKe; odzosea vokwaKe Omene pairi.

²⁰⁴ Zvino cherechedzai, haisi nyika yakakwana, Mireniyam iyi, mufananidzo wezuva rechi 7. Zvino kunozouya Kutongwa

kwepaChigaro chehushe Chichena. Munoono, tichine kutongwa. Tichiri munguva, muMireniyamu. Izuva rimwe, makore 1,000. Chinotova chikamu chenguva. Kwete, musaivhiringidza neNyika Itsva, zvino, nokuti haisiyo.

²⁰⁵ Unogona kutaura izvi kwandiri. Zvino ndinongonzwa kuti mumwe munhu angataura izvi kwandiri, kuti, “Zvino, Hama Branham, muchaita sei zvino? Mapererwa nema 7 enyu akakwana. Muchaita sei zvino? Zvino, muri munhu anoshanda nemwaka.” Zvinova, zvandiri. Ndinotenda kuti Mwari ndizvo zvavariwo, zvakare. Cherechedzai, cherechedzai. “Mapererwa nemifananidzo yemwaka. Nokuti, kana muchizoisa chimwe chinhu mberi kwezuva iroro rechi 7, muchazviwana sei? Muri kuenda kupi zvino?”

²⁰⁶ Zvakanaka, ndinokuratidzai chimwe chinhu, munoono. Uh-huh. Maona? Saka, handisati ndapererwa—handisati ndapererwa nemwaka, nazvino. Ndine rimwe Gwaro pano. Uye, rangerirai, zvose zvaRo zvinofanira kuzadzikiswa, chikamu chaRo chose. Maona?

²⁰⁷ Zvino unoti, “Hama Branham, muri kuedza kuisa chimwe chinhu kure-kure mberi kwezuva rechi 7 iroro, sabata iyoyo yezuva rechi 7.”

²⁰⁸ SaMwari vakasika nyika uye vakashanda mazuva 6, ndokuzorora rechi 7 racho, waingova mufananidzo wenguva, nguva. Asi ndangobva kutaura pano, tinova veZiyendanakuenda.

²⁰⁹ “Saka mufananidzo wenyu uripi zvino? Mati munoshanda nemifananidzo. Saka, imi, mazopererwa nemifananidzo zvino.” Kwete, handina. Ngationei chete kana tapererwa.

²¹⁰ Ngatiendei kuna Revhitiko, kumashure muchitsauko 23 chaRevhitiko. Zvino ndinoda kuti mucherechedze muna Revhitiko, pataiva Svondu yapfuura, kana yapedzisira... Izvi ndizvo zvakanipanga pfungwa yacho, ipo pano. Chitsauko 23 chaRevhitiko, nevhesi 26.

²¹¹ Zvino rangerirai, kune mazuva 7 emitambo. Mutambo wehwamanda, mutambo we-wematumba, mutambo wokuzunguza zvisote, mu... Zvose izvi, kune mazuva 7 makuru emitambo, aingova bedzi mufananidzo weMazera Manomwe eKereke. Uye munorangerira here kuti maSabata mangani aivepo pakati perimwe nerimwe racho? Munoono, masabata 7 ari pakati pepentekosti nehwasamanda, aive Mazera Manomwe eKereke. Zvino kwaiva nemazuva 7 emitambo, anomiririra Mazera Manomwe eKereke. Chengetai manhamba enyu achifambirana.

²¹² Woti, “Zvinoka, zvino, Hama Branham, matopererwa kare. Mava ne 7 yenyu.”

213 Zvakanaka, ngatitorei mutambo wekupedzisira, unova mutambo wematumba. Zvino cherechedzai pano muvhesi 36.

Munofanira *kuvigira JEHOVHA* zvipiriso zvinoitwa *nomoto mazuva 7: nomusi wochi 8—nomusi wochi 8 munofanira kuva neungano tsvene* (pane imwe nguva tsvene iri kuuya). . . *ungano tsvene kwamuri; uye muchapirisa kuna JEHOVHA chipiriso chinoitwa nomoto: uye kuungana kune kuyeres; uye musabata basa ripi zvaro ravaranda mariri.*

214 Zvino tine “zuva rechi 8.” Zvino, pane mazuva 7 chete, asi pano tiri kutaura nezve “zuva rechi 8,” ungoro tsvene, ungoro. Cherechedzai, “Musashanda mariri.” Zuva rechi 8, (chii?) kudzokera kuzuva rokutanga. Sei, rinotaura nezvaZiyendanakuenda, paringe richingotenderera pasina pokumira. Amen. Munozviona here?

215 Cherechedzai, paivawo pazuva iri rechi 8 zvakare. Zuva rekupedzisira, zuva remutambo wematumba, cherechedzai mushure mairoro, mushure mezuva rekupedzisira remutambo, mushure meZera reKereke yokupedzisira, mushure memazuva 7 akakwana ekupedzisira panyika, mushure meMireniyamu, kuti iko Kuungana Kutsvene uku kunovapo.

216 Rangarirai, uyu ndiwo mutambo wematumba, *matumba*, “nzvimbo dzekuunganira.” Amen! Uko, “MuMireniyamu,” Bhaibheri rakati, “vachavaka dzimba; vagogaramo.”

217 Asi muNyika Itsva, Akatoenda kare kunogadzirira nzvimbo. Yakatovakwa. Hatinei nechokuita nekuvakwa kwayo. Amen. Nokusingaperi! Oo, ndinongoda Shoko iroro! Ini zvangu! Kuungana Kutsvene, zuva rechi 8. Zvinova kuti, panongova nemazuva 7. Zvino pazuva rechi 8, iro rinodzokera pazuva rokutanga zvakare, rinodzoka chaipo pazuva rekutanga, zuva rechi 8 Kuungana Kutsve- . . . Kuungana.

218 Cherechedzai, mazuva 7, ane chekuita bedzi nezvisikwa zvekare, nguva yenyika. Mazuva 7, ndiyo Mireniyamu, zuva rekuzorora. SaMwari vakashanda mazuva 6, vakazorora nezuva rechi 7; Chechi inoshanda mazuva 6, uye yozorora rechi 7 racho, asi muchiri muchikamu chenguva. Handisi kutaura nezveZiyendanakuenda.

219 Asi, munoona, hakuna chinhu chinonzi mazuva 8; unodzokera kuzuva rokutanga zvakare, munoona, zuva rokutanga.

220 Sabata rinotaura nezvemurairo wekare, waizopfuura. Kuchengetwa kwesabata, uko “kwakapfuura,” kana kuti, ndati, “kwakashandurwa kuve chimwe.” Hakuna kupfuura; kwakangoshandurwa kubva pamurawo wekare, wekuchengeta rimwe zuva revhiki.

221 Isaya, chitsauko 19, akati, ndinotenda 28:19, akati, “Chirevo chinofanira kuva pamusoro pechirevo; apa zvishoma, neapo zvishoma.” “Batisisa kune izvo zvakanaka.” “Nokuti nemiromo inokakama uye nedzimwe ndimi ndichataura kuvanhu ava. Uye herino zororo.” Maona?

222 Unopinda muHupenyu, usingachengeti rimwe zuva kana mumvuri. Pauro akati, uko muna VaHebheru chitsauko 4, “Munochengeta mazuva nemimvuri, nezvimwe zvakadaro; ndinotyira chiitiko chenyu.” Munooona, hatipfuuri nemune mamwe mazuva nehurongwa. “Mabva murufu muchipinda muHupenyu Husingaperi,” kwete mazuva nenguva. Mapinda muna Ziyendanakuenda. Ndiko kuungana kutsvene-... kuungana, kuungana, waro.

223 *Mazuva 7*, tarisai, ayo “anopfuura,” kana kuti, ndati, “achashanduka kuva zvimwewo.” *Mazuva 8* anoshanda nezvisikwa zvitsva, munooona, kwete zvisikwa zvekare. *Mazuva 8* zvisikwa zvitsva.

224 Nokuti, rakanga riri zuva rechi 8 Ishe wedu pava kamuka kubva kuvakafa. Hapo pane kumwe kuungana kwenyu, hutsvene; tisingacherechedzi masabata, zvachose, kana mutambo wematumba, mutambo *weizvi*, nemutambo wepentekosti. Jesu akamuka kubva kuvakafa, kuti tiruramiswe, nezva rechi 8. Mushure memasabata 7, kana mazuva 7, Mazeru Manomwe eKereke, Jesu akamuka kubva kuvakafa. Zuva rechi 8, rinova kuungana kutsvene, munooona, rinova zuva rokutanga.

225 Munooona, makatopfuura, nemunguva, ndokupinda muna Ziyendanakuenda zvakare; kwete zvekuchengeta mazuva, nekuchengeta masabata; nenguva dzekugara kwemwedzi, nezvimwe zvakadaro. “Asi *wakapfuura*,” ukashandura chimiro chako; kwete kutsakatiswa. Girori! “Asi wakabva murufu uchienda muHupenyu Husingaperi.” Oo, zvatinodzidziswa neBhaibheri! Munooona, kubva kune chimwe chichinova chimwe.

226 *Zvakanaka*, “rakapfuura,” sabata rekare rakapfuura. Jesu akamuka nezva rechi 8. Rakanga riri zuva rakayereswa, dzvene. Uye rakanga risiri zuva; nokuti zuva, nguva, yakanga yatopera. Yakapinda muna Ziyendanakuenda. Munooona, yakatenderera ichidzokera kuzuva rekutanga zvakare. Maona?

227 Ziyendanakuenda rakafanana neri—rin’i. Haugone kuwana kona pairi. Haugone kuwana nzvimbo yepokumira mudenderedzwa rakakwana. Unoramba uchingoenda mberi nemberi. Handina basa kuti unoenda kupi, uchiri kungoenda. Unogona kutanga kutenderera sezvizi; wopfuura nepasi, wopfuura nemunyika, woenda mberi kwenyika, uchiri kungoe-... [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

228 Zvinhu zvose zvakasikwa zasi mukati *munu*, zvakatsveyamiswa, hazvina kusikwa, naSatani, zvichadonha kana bhero guru regoridhe rarira uye neHwamanda yorira.

229 Uye kumashure uko pamavambo, apo pakaitwa mbambo muEdheni, apo munhu akauya panyika akawa, gwayana duku rakadeura ropa raro, zvichitaura nezveGwayana guru raizouya kuzodeura Ropa raRo. Karivhari yakasimudza muchinjikwa, wakasungirira Testamende Yekare; kune avo vakaruramisa, vakaItarisira. Uye mumwaka mutsva uyu, paKuuya kwaShe, paNyika Itsva, tambo yeruponeso (Ropa, Simba rakadzikinurwa randiri kutaura nezvaro, uye kubudikidza nehurongwa humwe chete ndokudzikinura zvose munhu nenyika) ichasimuka muna Ziyendanakuenda zvakare. Uye Dziva reMoto richaparadza zvose zvisina humwari uye nezvisina kufanotemerwa kwaRiri. Muri kuzviona here?

230 Cherechedzai, zuva rechi 8, Jesu akamuka kuti tiruramiswe. Mambo waZiyendanakuenda, neHumambo hwaZiyendanakuenda hwekubhabhatidzwa mahuri, kuHupenyu Husingaperi. Kwete mazuva 7; rakanga risina chokuita nemamwe mazuva api zvawo. Zviri kutaura nezverimwe, raZiyendanakuenda, riri kuuya; zvichitaura nezvenguva yaZiyendanakuenda, Nyika yandiri kutaura nezvayo.

231 Uye, cherechedzai, mushure memazuva 50, kana kuti masabata 7 kubva ipapo, zvakare panouya imwe ungoro tsvene. Chii chakaitika? Mweya Mutsvene wakaburuka neZuva rePentekosti, nezva rechi 7... Kana kuti, zuva rechi 8, waro, zuva rechi 8, wakawa pazuva rechi 8. Aive masabata 7 akatevera, chaizvo, mushure merumuko rwaKe, munooona; saka angave akapetwa ka 7 zvakare, zvonyatsoadzoserwa kuzuva rekutanga revhiki zvakare, chaizvo. Maona?

232 Heko kuungana kwenyu kutsvene, kusina nechokuita nezvinhu zvinobatika. Kunopfura izvozvo. Zvapinga muHumambo hwaMwari, neHupenyu Husingaperi, nevakafanotemerwa vasina kumbotanga. Hazvina kumbotangira pane chero zuva. Hauna kuponeswa pane chero zuva. Wakagara wakaponeswa. Amen. Jesu akangouya kuzodzikinura ivavo; asi wakaponeswa, kubva pakutanga, nokuti waiva neHupenyu Husingaperi, pakutanga kwacho.

233 Hove yetrout haingambove hove yegar kana buruuru. Inogona kunge iri mumvura imwe chete nayo, asi yakanga iri, kubva pakutanga, iri trout. Mambure chete akaibata, munooona, asi yakanga yakadaro kubva pakutanga. Hezvo izvo...

234 Zvino, hatina kupererwa nemwaka. Ndizvo here? Titori chaizvo muMagwaro. Mazuva 50 akazotevera, rakasvika.

235 Munooona, 8 haiverengerwi pamwe nevhiki. Munooona, haingaverengwi, mazuva 8 pavhiki. Haukwandise kuzviita, munooona, nekuti kune mazuva 7 chete pasvondo. Averenge nechero nzira yaunoda. Svondo ndiro zuva rokutanga revhiki. Munooona, ukaverenga 7, zvino unofanira kudzokera wotanga

patsva zvakare. Verenga 7, wodzoka uye wotangidza zvakare. Maona?

²³⁶ Zvino takararama nemumifananidzo yose iyi iri muno, asi, paunosvika rechi 8, unopinda muZiyendanakuenda. Hauuyi nemirairo, netsika, nehurongwa. Unouya nokufanotemerwa. Amen! Heyo iyo ungoro tsvene, yechokwadi! Maona? Uye tiri kupedzisa zera rekereke yechi 7, zera rekereke, zera rePentekosti. Muri kuzviona here? Tiri kupinda muungano tsvene iyoyo. Tiri kupinda muZiyendanakuenda iroro, remazvirokwazvo, rechokwadi, uko kwakadanwa Chechi; kwete kune imwe nzvimbo, rimwe sango, asi muna Ziyendanakuenda naMambo wavo waZiyendanakuenda. Maona? Hatina zvachose, hapana chinhu chakadaro chinonzi mazuva, nezvinhu, nenguva. Wapinda muna Ziyendanakuenda, kwawakabva. WaiveKo, pakutanga. Maona?

²³⁷ Kana uine Hupenyu Husingaperi, pane mhando imwe chete, ndiMwari, uye uri chizenga chakaraidzwa. Maona? Kana iwe...Kana usiri, hausi kuzovako, zvakadaro. “Hapana munhu anogona kuuya kwaNdiri kunze kwekunge Baba vaNgu vamukweva.” Maona? Izvo, “zvinopfuura,” zvinhu zvose izvi zvekare; asi Zvinhu izvi hazvidaro, saka zvinotaura nezvaZiyendanakuenda. Mweya Mutsvene ndewaZiyendanakuenda. Zvino, uri muZiyendanakuenda, kwawakanga uri nguva dzose, asi uchangobva kucherechedza zvakaikita.

²³⁸ Munooona, wakagadzirirwa chinangwa cheKusingaperi, nokuti wakanga uri ku—kuratidzwa kwechizenga chakanga chiri muna Mwari, vakafunga nezvako nokukuita kuti uvepo; uye Vakagadzira nyika yekukutora uchibva mairi, uye nokukuita munhu. Zvino chivi chakauya ndokutsveyamisa nzira yaVo. Wakauya, zvakadaro, asi waive wakararika pamwe nenyika. Saka Wakauya ndokukudzikinura, chizenga chakaraidzwa, uye zvakare vanodzikinura nyika ino nenzira imwe cheteyo. Zvino, chinangwa chaVo chinoenderera mberi. Maona? Oo! Hareruya! Oo, zvinonditira zvakanaka kwazvo, kungofunga nezve zviri mberi!

²³⁹ Zvino, muna VaEfeso 1:10, hunonzi...Zvino, kana muri kuzvinyora pasi, VaEfeso 1:10, hunonzi, kwete mwaka, kwete zuva rechi 7. Hunonzi, “Huzaro hwenguva.” Zvino kana “huzaro hwenguva” hwasvika, ndipo apo nguva inenge yazadziswa. Kana nguva isisipo, zvino unopinda muZiyendanakuenda, mushure mokunge zera rekereke yechi 7 rapera, uye rapera; Zera raLuther rakapera, zera reMethodisti rakapera, zera rePentekosti rapera. Uye zvino wava kupinda mune (chii?) Ziyendanakuenda; hapasisina vana 7, hapasisina vana 3, hapasisina vamwe. Vari muna Ziyendanakuenda, umo musina nguva yakaita semanhamba, nenguva, nezvimwe. Amen! Oo, ini zvangu! Mazviona here zvino?

240 Kana kuti, mushure mekunge nguva yazadziwa, chivi chose chaenda, chabviswa, paMireniyamu, paChigaro chehumambo Chichena Chekutonga. (Mufananidzo, neMweya Mutsvene.) Mushure mokunge nyika yabvira moto uye yabhabhatidzwa, rubhabhatidzo rwayo rweMoto mutsvene unobva Kudenga; chivi chose chaenda, hutachiona hwose hwaenda, madhimoni ose aenda, miyedzo yose yapera, huipi hwose hwaenda. (Mufananidzo zvino.) Zvino Mwari vanoitei? Vanokwanisa kugara panyika, munoono, nokuti chivi chose chaenda.

241 Ndizvo zvimwe chete zvaVanoita paVanokupa rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene neMoto. Vanogona kuuya kuzogara newe, uye tinogona kugara munzvimbo dzeKumatenga muna Kristu Jesu, nokuti tatova maAri kare. Kwete kuti isu “tichazova.” Takatogara izvozvi muna Kristu Jesu. Tinopinda sei imomo? Norubhabhatidzo rwumwe chete rweMweya Mutsvene. “NoMweya mumwe chete tose tinobhabhatidzwa muna Kristu,” izvo, zvati zvino. Hatisi “kuzova” muna Kristu; tirimo! Ndiye Mambo mukuru wepamweya ari pamusoro peMweya uri matiri, nekuti takanga tiri maAri pamavambo.

242 Munoono, Mwari, pakutanga, paVakafunga pamusoro pako uye vakafunga nezvevamwe saizvozvo, vakafunga nezvaVo vari vanobatika. Ndizvo dzaiva pfungwa dzaVo. Maona? Saka, Vakaratidza pfungwa dzaVo neShoko. Vakati, “Ngakuvepo.” “Ngakuvepo,” uye kukavapo. “Ngakuvepo,” uye kukavapo.

243 Zvino, mushure mechinguva, Vakaramba vachiti “ngakuvepo,” kusvikira vanhu vati, rimwe zuva, “Musarega Mwari vachitaura!”

244 Vakati, “Zvino Ndichataura kwavari kubudikidza nemuporofita.” Maona? “Kubva zvino zvichienda mberi, Ndichataura kwavari kubudikidza nemuporofita.”

245 Zvino muporofita akati, “Kuchauya; kuchavapo,” uye zvikavapo, uye zvikavapo. Uye zvikava saizvozvo, uye zvikava saizvozvo, munoono, saizvozvo. Mazvibata zvino here?

246 “Huzaro hwenguva” hwouya mushure mekunge nguva yazadziwa. Chivi chaenda, mushure merubhabhatidzo rwenyika, mushure merubhabhatidzo rwenyika rwaiita nzvimbo yakakodzera; pachisina hurwere, pachisina hutachiona; pachisina minzwa, pachisina rukato; pachisina rufu, pachisina kusuwa, pachisina marwadzo emwoyo; pachisina kuchembera, pachisina chinomiririra rufu; pachisina chakaipa; zvose zvakanaka; pachisina chepanyama. Nokusingaperi!

247 Zvino, chizenga chaVo chinoratidzwa nekuti chaivepo, kutanga, pakutanga kwacho. Ndizvo zvaVakafunga. [Hama Branham vanozviratidza pabhodhi—Mupepeti]

248 Uye zvadaro chii chakaitika? Vakagadza Adhamu naEvha pano panyika, ndokuti, “Wandai zvino muzadze nyika.” Mitumbi

yavo yakanga yakaradzikwa pano, kuti iwe udye uye ugadzire mutumbi wako. Ndiyo nzira yaVakatozoviita nayo.

²⁴⁹ Asi chivi chakauya chikavhiringidza zano raVo. Inoramba ichienderera mberi, zvimwe chetezvo, panofamba nguva.

²⁵⁰ Asi Jesu akaitei? Mwari vakadzika ndokuZviratidza vari muchimiro cheMunhu, munhu anorarama; akapa hupenyu hwaKe, pachinzvimbo chekugara pano. Izvo, Akanga ari Mambo, asi AkaZvipira pachaKe kuti adzikinure zvimwe zvose. Mazvinzwisisa here?

²⁵¹ Zvino kana zvose zvapera, ipapo inodhonzerwa kumashure chaiko, zvino chinangwa chaMwari chazadzikiswa. Hoyo Mambo waZiyendanakuenda zvakare nevanhu vaKe vaZiyendanakuenda, vachiratidzwa munyama yemunhu, nenzira chaiyo yaVaimbove nawo; chivi chabviswa; dh iyabhore aenda; zvese zvapera zvino.

²⁵² Chii chichazviita? Nyika ino haigoni kuva nzvimbo yekuti Denga rigare zvino. Itarisei, chivi. Ichafanira kuti icheneswe.

²⁵³ Hapana murume, hapana munhu, hapana mukadzi, mukomana, musikana, handina basa kuti ndiani, akakodzera kuenda papurupiti, kana kutozviti Mukristu, asina kuzadzwa neMweya Mutsvene. Hauna kodzero yekudya chirairo chaShe, kana chirairo chipi zvacho, kugeza tsoka, kana chero chii, kusvikira wacheneswa neMoto Mutsvene waMwari.

²⁵⁴ Hapana munhu ane kodzero yekuparidza kunze kwekunge iwe, saMosesi, wasangana naYe kunze uko panzvimbo iyoyo tsvene, Shongwe yeMoto iya yakaremba ipapo, paanoziva paari. Maona?

²⁵⁵ Cherechedza kuti sei, tinoenda sei. Mushure merubhabhatidzo neMoto rweipasi rose, hutachiona hwise hunoenda, zvoiita kuti ive nzvimbo yakakodzera kuti Denga rigare pano panyika.

²⁵⁶ Mufananidzo, zvino, wekugara munzvimbo dzeKumatenga muna Kristu Jesu; kupfuura kubva pane uhwu, hwakasviba sezvaive mudzimai mudiki, kupinda mupfungwa yaMwari yakaratidzwa. “Zvino tiri vanakomana vaMwari,” kwete kuti *tichava*. Tiri zvizenga zvepfungwa dzaMwari. Maona?

²⁵⁷ Zvino unoti, “Zvinoka, tarirai muprisita uyu. Akanga asiri here mwanakomana waMwari?” Zvakaratidza kuti akanga asiri. Haana kukwanisa kucherechedza chii? Akati here, “Ndinotenda Bhaibheri”? Chokwadi. Asi haana kukwanisa kucherechedza Shoko rakataurwa renguva iyoyo. Aingova nedzidzo yenjere kubva kune rimwe boka rakanga rakamutangira.

²⁵⁸ Uye chinhu chimwe chete nhasi! Maona? Ndinoziva kuti zvakasimba, asi iChokwadi.

²⁵⁹ Hapo paiva neShoko, rakataurirwa chaizvo zvezuva iroro; uye, iye, zvisinei aiva mudzidzi, zvisinei aive munhu

ane mukurumbira, asi haana kugona kuRicherechedza. Sei? Hazvinei kuti aive mudzidzi akadii, chero zvakadaro, zvakadaro akange asina chinomiririra chakafanotemerwa. Maona?

²⁶⁰ Vakafanotemerwa chete ndivo vachazviita; voga vanogona kuva. Uye unogona chete kuzviita. . .Nokuti, tarisai, zvinoratidza kufanotemerwa. Nokuti, kana uine Hupenyu Husingaperi, waitofanira kuva chikamu chaMwari nguva dzose, nokuti ndiVo Vega vaZiyendanakuenda. Mazviona here? Oo, ini zvangu! Fungai nezvazvo.

²⁶¹ Zvino tarisai zvinoitika nemuMireniyamuru huru. Chivi chaenda chose, Mireniyamuru yapinda, yave nguva zvino Mweya Mutsvene unotora nzvimbo yaWo.

²⁶² SezvaUnoita matiri, “kubva murufu kuenda kuHupenyu,” tichigara munzvimbo dzeKumatenga muna Kristu, muHupo hwaVo hunobwinya. Kunyange rufu rwepanyama rwuchapfuura ipapo; sokupfuura kunenge kwaita rufu rwepamweya zvino.

²⁶³ Hakuna chinhu chinonzi rufu rwepamweya zvino, kune—kune mutsvene waMwari aka—akabhabhatidzwa. “Kunyange akafa, asi achararama. Ani naani anorarama uye anotenda maNdiri haangatongofi.” Rugwaro rwose, Rwunofanira kuzadziwa. Maona? Haugone kufa. Une Hupenyu Husingaperi. Chinhu choga, Mudzikinuri akuita kuti uzvizive. Uye wakagara uri Izvozvo, uye ndicho chikonzero uchiona zuva rauri kurarama mariri. Vangani vanozviona? Simudza ruoko rwako. Maona? Ndatenda. Maona? Zuva ratiri kurarama mariri, unoricherechedza.

²⁶⁴ Zvino, muMethodisti akati, “Paunodanidzira, waUwana.” Vazhinji vavo vakashevedzera vasinaWo.

²⁶⁵ MuPentekosti akati, “Kana uchitaura nendimi, unaWo.” Vazhinji vanotaura nendimi, uye vasinaWo.

²⁶⁶ Tarisai kuti, marudzi ese ezvimiro zvaive nevaFarisei ivavo, asi Shoko parakaradidzwa, havana kuRicherechedza. Maona? Maona?

²⁶⁷ Uye kana uri Mwenga, Mwenga chikamu cheMurume. Uye kana. . .Nzvimbo chete yauchazoRicherechedza, kucherechedza kuti uri chikamu chipi cheMurume iyeye (Shoko iroro), kana kuti haukwanise kucherechedza kuve uri Mwenga. Vangani vanozviona? Maona? Maona? Unofanira kucherechedza nzvimbo yako.

²⁶⁸ Haugone kucherechedza yemumwe munhu. Ko kana—ko kana dai Mosesi akauya nemharidzo yaNoa? Zvino Noa aive chikamu charo, asi zvingadai zvisina kushanda. Ko kana—kana—kana—kana dai Jesu akauya neMharidzo yaMosesi? Zvingadai zvisina kushanda. Munooni, raive zera rakasiyana, chaive chiporofita chakasiyana, chikamu chakasiyana cheShoko chaifanira kuzadziwa ipapo. Vakanga vari mune rimwe zuva

revhiki. Kwete, basa reChipiri harigone kuitwa neChitatu. Uye Chitatu chinofanira kuitwa neChitatu. Maona? Mugovera unofanira kuva basa reMugovera. Maona?

Uye, ivo, vakacherechedza, “Oo, Mosesi, tina Mosesi.”

²⁶⁹ Akati, “Kana dai makaziva Mosesi, mungadai maNdiziva, nokuti ndiye wacho akataura nezvaNgu. ‘Jehovha Mwari wenyu achakumutsirai muporofita akafanana neni.’” Mabata pfungwa yacho? Oo, ini zvangu! Maona?

²⁷⁰ Zvino Jesu akati, muna Johane 14, “Kana iWo, Mweya Mutsvene, wauya, Uchakuyeuchidzai zvinhu izvi, munoono, kukuratidzai zuva rauri kurarama mariri. Uyezve, chimwe chinhu chamuchazoUziva nacho, Uchakuratidzai zvinhu zvichauya,” munoono, munoono, kudzokera chaiko kuchiporofita zvakare, “kana Wauya.” Maona?

²⁷¹ MuNyika Itsva neMatenga Matsva, hazvimbobofi zvakasviba zvakare, kana Nyika Itsva iyi yauya. Dhiyahore achange akasungwa...Satani, achiri akasununguka zvino; ndiye mupomeri. Asi muNyika Itsva, achasungwa okandwa muDziva reMoto, muMoto mutsvene uyu.

²⁷² Zvino, muNyika Itsva iyi, ngatiitarisei kwemaminitisi mashoma zvino. MuNyika Itsva iyi, matenga haazombosvibi zvakare; kwete, zvakabva pakutukwa, munoono. Haazombove matema zvakare nemakore ane hashu. Mhepo hadzizombovhuvhuti pairi zvakare saizvozvo. Kwete. Haizomboparadzi miti, nokuparadza dzimba, nokupidigira zvinhu. Mheni nehaha hazvisi kuzowodzvoka zvichibva kuna Satani mhiri uko, uye zvooraya munhu achifamba achidzika nenzira, kana kupisa chivakwa. Maona? Kwete, kwete zvachose. Hakuchazove nemhepo dzakasimba dzichavhuvhuta pasi, kana madutu nezvamupupuri zvine ukasha, uye zvoparadza dzimba, nokuuraya vana vaduku, nezvimwe. Huh-uh, hazvizovepo. Kuedza kuparadza, hazvizovepo. Satani anodzingwa.

²⁷³ Dai taive nenguva zvino. Ndiri kungopa Magwaro, zvino, kuti tisanyanyisa kunonoka. Ndinofanira kunamatira vanorwara.

²⁷⁴ Matenga nenyika zvasangana; Mwari nemunhu vayananiswa. Edheni rakadzoreredzwa ratanga; munoono, chituko chose hachisisipo.

²⁷⁵ Sezvakangoita, chituko chese chechivi hachisisipo kana Mweya Mutsvene wakugamuchira. Munoono, hauUgamuchire; Unokugamuchira, munoono, nokuti iWo chizenga chaMwari. Munoono, kana Uri Mweya Mutsvene, zvinoreva kuti, Mweya waMwari; uye chizenga, pfungwa yaMwari, yakugamuchira nokuti wakatemerwa chinangwa ichocho. Maona? Asi, wakaberekerwa muchivi; asi Mwari vaive nechizenga ichocho, zvino wakazviratidza pano panyika, zvino Vanodzika kuzokutora. Munoono, wadzoka *pano*; *pano* ndipo pako. Maona?

Munoona, chivi charasikirwa nesimba racho. Ndizvozvo. Chishuwo chechivi chatobva kare munwoyo mako, kana Mweya Mutsvene wapinda. Uri munhu adzoreredzwa.

²⁷⁶ Zvino kana nyika yadzoreredzwa, nechinhu chimwe chete, hapazovi nekutukwa zvakare, hapazovi nemadutu, hapazovi nemhepo zhinji, hapazovi nezvamupupuri zvine ukasha—zvamupupuri zvine ukasha, waro. Wayananiswa; munhu naMwari vasangana. Nyika Itsva ichaiswa parunako rwayo rweEdheni zvakare. Nyika Itsva ichapararira, yayo, mushure mekubhabhatidzwa kwayo neMoto.

²⁷⁷ Chimbofunga, ichabatira moto yotsva. Zvinhu zvichatsva ne—nekupisa kukuru. Mabasa ose ari panyika achatsva. Mvura yose ichaputika; ichatungira moto nekuputitsa zvese. Zvinhu zvose zvichaputika. Matombo epasi akanyungudika achadhuuka uye, kwezviuru zvemamaira muchadenga, kuchabhururuka matombo epasi akanyungudika anopisa. Utachiona hwese... Mweya Mutsvene waMwari uchasuka kadodzi kese kechivi nezvose. Dhiyahhore wese achasungwa okandwa muDziva reMoto, Moto unoparadza, hasha dzaMwari dzeMoto.

²⁷⁸ Hakuna mhuka ichaveko kuzokuparadza zvakare. Kana uchifamba munzira, mumapindu emaruva, hapazovi nenyoka ikoko ichashita kwauri nekukuruma, nehuturu hwayo houraya. Oo, ini zvangu! Hazvizove zvakana here? Teererai. Pachange pasina kana chii zvacho cheNyika Itsva iyoyo chichambozoungana kuita murwi wevhu reyeru, riri guva; hakuzove nawo ikoko zvachose.

²⁷⁹ Munhu naMwari vauya pamwe chete; Mwenga neChikomba. Matenga nenyika zvambundirana; Mwari vaburuka kuzogara pakati pevanhu. Tabhenakeri yaVo iri pamwe navo.

²⁸⁰ Hapachazovi nechivi zvachose, hapachazovi nekusuwa zvachose. Hapachazombodonha musodzi padama raamai, nekuda kwemwana wavo. Amen. Hazvizovi, paNyika Itsva iyoyo. Kwete. Yakadzikinurwa. NdeyaVo, uye nevakadzikinurwa vaVo vanobva mairi. Maona?

²⁸¹ Uye, tarisa, uri chikamu chenzvimbo iyoyo. Ndizvozvo here? Zvino paVakakudzikinura, Vakadzikinura nyika nechinhu chimwe chete, zvino mave pamwe chete zvakare. Oo, zvingave zvakanyanya kujeka zvakadii? Maona? Unofanira kudzikinurwa nokuti uri chikamu chayo. Uye kana Ropa risina kudonha pauri, uchigere kudzikinurwa; hauna kudanwa. Zvino Vanoichenesa; ndizvo zvimwe chete zvaVanoita muMoto. Kunyange, Ropa rakadonha, ichigere kucheneswa neMoto, ndizvozvo, kuti ive nzvimbo yehugaro hwaMwari.

²⁸² Mwari vakatotora hugaro hwaVo, tingadaro. Humambo hwaMwari huri panyika zvino, munwoyo yevatsvene vaVo. Zvizenga zvaVo zvaVakavamba pakutanga. Zvino zvizenga zvaVo zvakadzikinurwa. Vakamirirei? Kudzikinura nyika,

kuisa zvizenga zvaVo pairi, kuzadzisa nemazvo zano raVo rakafanotemerwa. Munozviona here?

²⁸³ Cherechedzai, hakuna makuva, hakuna madonhwe emisodzi, kana, hapasisina kudeuka kweropa. Haizombofa yakanyoroveswa nedonhwe remusodzi kana ropa. Kwete. Hapazovizve nehondo. Kwete. Hakuna makore echando. Hapazovi nemazaya echando anotonhora pasi pairi; haazogari ipapo pairi zvachose. Zuva rinopisa harizo, harizombopisi huswa hwayo. Hareruya! Kunyange gwenga richabereka maruva emarozzi. “Gwenga riya rekare, rine minzwa richadombera, rimwe zuva, seruva reerozi,” Mwari vakataura kudaro; painenge yadzikinurwa, painotora rubhabhatidzo rwayo rweMoto. Pane marudzi ese emadhorofiyo neminzwa nezvose zviripo zvino, asi ine rubhabhatidzo rweMoto rwuri kuuya.

²⁸⁴ Sezvakanga zviri munhu, paakanga achine ruvengo, pfini-pfini negakava maari; pakauya rubhabhatidzo rweMoto, rwakazvichenesa. Hapasisina godo, hapasisina chii zvacho; inongova mazvirokwazvo nzvimbo yehugaro hwaMwari. Uye, rangarirai, ndivo vanhu vaKe vachasangana naYe mhiri ikoko. Amen! Oo, zvakadii . . .

²⁸⁵ Haingori nyaya chete; ndicho Chokwadi. Ndizvo zvakataurwa naMwari. Ndizvo zvaVakavimbisa. Ndiko kunoenda Mwenga. “Kunyange gwenga,” Vakati, “richadombera, rova ruva reerozi.”

²⁸⁶ Satani, chivi, nevatadzi, zvaenda, nokusingaperi. Zvose zvatopera; zvapinda muna Ziyendanakuenda. Uye zvose zvaive zvakatsveyama, mutumwa mukuru uya aigarapo rimwe zuva, Satani, akaita zvakaipa zvose izvi, achaparadzwa. Munorangarira, Bhaibheri rakati, “Kana mweya iwoyo ukasaita sezvaVakaita, zvavakati uite, Vachatoparadza mweya iwoyo.”

²⁸⁷ Asi, munoona, haVakwanise kuZviparadza voramba vari Mwari. Saka, kana mweya iwoyo uri wenyika, unofanira kuparadzwa. Asi kana uri waZiyendanakuenda, pamwe naMwari, hauna kumbobvira wava nemavambo, nokuti iwo chikamu chaMwari uye haugoni kumbofa wakaparadzwa. Amen! Zvakanaka sei! Tinotenda sei—sei, kuti Chechi inofanira kuzviona!

²⁸⁸ Vanhu, zvese zvamakaita zviri pano chaipo. Izvi ndizvo zvandiri kuedza kutaura. Ndiri kusiya zvimwe zvacho nekuti ndinoda kudzokera kwazviri zvakare.

²⁸⁹ Kunyange zvinhu izvi, Satani, vatadzi, vaenda, Nokusingaperi; havachazombovipo zvachose. Zvose . . . Munoona, Satani haakwanisi kusika. Kana achisika, ndiMwari. Maona? Anongogona chete kutsveyamisa zvakatosikwa. Maona? Uye kutsveyama kwose kuchazo, kutsveyamisa, kuchazobviswa. Zvino rufu ndiko kutsveyamiswa kwehupenyu; uye kana kutsveyamiswa kwapedzwa, hapangazombovi nerufu zvachose.

Kuchembera chiratidzo cherufu; uye kana kuchembera kwaenda, hupenyu hunopinda. Zviratidzo zvose zvekutsveyama nezvimwe zvose zvaenda. Minzwa nerukato chiratidzo chechivi, “nyika ichatukwa pamwe chete nazvo,” uye zvichabviswa. Hurwere hunouya, nazvo; huchabviswa. Rufu rwuchabviswa. Kudeurwa kweropa kuchabviswa.

²⁹⁰ Hapana chichazombobata panzvimbo pane huswa ipapo kunze kwehutsvene, Vadzikinurwa. Oo, ini zvangu! Hongu. Oo, ndiri kungonzwa zvakanaka kwazvo. Mwari, nezvisikwa zvaVo; uye nezvisikwa zvaVo zvekusika uku zvinodzikinurwa neRopa raVo pachaVo. Zvinochenesa nedanho raVo iVo rekuchenesa; Danho raVo rekuuraya hutachiona, rekuuraya chivi!

²⁹¹ Sekunge kana chero chinhu chanatswa, kunatsa kwakanakisa kwatati tambova nako waingova moto. Unogona kutora chero chinhu wogeza nesipo nemishonga yese yavanotaura nezvayo, hachisati chanatswa. Asi ingochipisa kamwe bedzi!

²⁹² Zvino kana Moto mutsvene waMwari wanatsa nyika neMishonga; Vasimudza Mwenga waVo, unogona kuuya Kudenga pamwe naVo, apo izvi zviri kuitika. Uye vozodzoka panyika zvakare, Matenga Matsva neNyika Itsva. Chando chinotonhora hachigoni kuikanganisa. Zhizha rinopisa harigoni kuikanganisa. Magwenga achadombera seruva reerozi. Chivi nevatadzi zvaenda.

²⁹³ Mwari, nezvisikwa zvaVo nezvakasikwa, vari kugara pamwe chete mukuwirirana kwakakwana. Sematenga nenyika zviri murume nemudzimai, ndizvo zviri Kristu neKereke, uye vose vanosangana muzano guru rinobwinya rerudzikinuro uye vanounzwa chaimo muchipfuva chaMwari zvakare. Munozviona here?

²⁹⁴ Uye, muNyika Itsva, mune Guta Idzva. Oo, ini zvangu! Zvino nyatsoteererai. Musakanganwa izvi. Kuti, Jesu akati, muna Johane 14, Aizoenda kunogadzirira. “Mwoyo yenyu ngairege kutambudzika.” PaAnenge achienda, “Ndine chikonzero chekuenda. Makatenda muna Mwari,” Akati, “tendaiwo zvakare maNdiri.” Havana kukwanisa kuona kuti Aiva Mwari. Akati, “Makatenda muna Mwari, zvino chitendai maNdiri. Zvino Ndichakugadzirirai Nzvimbo. Mumba maBaba vaNgu mune dzimba huru zhinji; muHumambo hwaBaba vaNgu mune mizinda mizhinji.” Kristu aripo, pakuvakwa kweJerusarema Idzva iri zvino. Zvino nyatsoteererai. Musafamba. Musa, musapotsa izvi. Kristu ari Kudenga, nhasi, achigadzirira Jerusarema Idzva.

²⁹⁵ SaMwari vakasika nyika mumazuva 6, vakaita nyika mumazuva 6, kana kuti makore 6,000. Sezvaakataura, “Musava vasingazivi,” tinoverenga muRugwaro, “makore 1,000 izuva 1.”

296 Zvino Kristu akaenda uye ari kugadzira Nzvimbo, yave ichivakwa kwezviuru zvizhinji, kwazvo zvemakore, achigadzirira Nzvimbo. “Zvino kana Ndikaenda ndikanogadzirira Nzvimbo, Ndichauyazve, ndokugamuchirai; kuti pose pandinenge Ndiri, nemi mugovapowo zvakare.” Cherechedzai Mudzikinuri neMudzikinurwa!

297 Ndinoshuva dai taive nenguva zvino, ndinazvo zvakamakwa pano, “Soromoni achifambidzana nemusikana uyu: Mwenga.” Oo, tinongofanira kungozvisiya; nguva yanyanya kuenda, munoon. Ndichazovibata, zvakare. “Paanoedza kumutora, asi akatsiidzirana nemukomana mufudzi.” Vamwe zvichida vakafunga kuti rwaive rwiyo rwaakaimba. Oo, kwete. Soromoni aive mugari wenhaka yechigaro chehumambo chaDhavhidha, panyika, asi akararatidza kuti humambo hwaifanira kupfuura. Waive mufananidzo waKristu ari murudo neMwenga. Maona?

298 Cherechedzai kuti Jesu akati, Johane 14 zvino, “ndoenda kundogadzira Nzvimbo.”

299 Oo, ichange ichiratidzika sei? Wakambofunga here zvino, Mwenga, kuti ichange ichiratidzika sei? Yakagadzirirwa nokugadzirwa neMuvaki weKudenga. Ko Guta iroro richataridzika sei? Zvino, tichataura nezvaro kwemaminitsi mashoma. Muvaki weKudenga akarigadzirira, akarigadzira. Uye, tarisai, Akarigadzira nemaoko akapfava, kuitira Mwenga waKe anodikanwa. Richange richitaridzika sei?

300 Ungafungidzira here murume achiroora mudzimai, anokwanisa, mavakiro aanoita nekuisa chinhu chidiki chese zviri maererano nezvo chaizvo mudzimai anonyatsoda, chaizvo sezvaanoda? Amen.

301 Zvino, Muvaki weKudenga akagadzira Guta Idzva, raAchazogara neMwenga waKe, sezvinodiwa neMudzimai. Ndosaka muapostori akati, “Ziso harina kuona, nzeve haina kunzwa, kana kumbopinda mumoyo wemunhu.” Ngationei kana tichikwanisa kupinda mazviri kwechinguvana, toona kuti richange rakaita sei.

302 Muvaki weKudenga akarigadzirira Mudiwa waKe. Maona? Oo, inzvimbo yakadini yarinofanira kunge riri, apo, Hunhu hwaMwari, Muvaki weKudenga akarigadzirira chizenga chaMwari chakafanotemerwa neHutsvene kubudikidza naMwari veKudenga Vanova—Vanova Muvambi weHupenyu hwaMwari! Guta iroro richaratidzika sei? Pafunge ipapo.

303 Rangarirai, hakusi Kudenga. Johane anoti, “Ndakaona richidzika kubva Kudenga.” Richange riri panyika. Maona?

304 Kwete nyika ino ichapfuura; inyika yakadzikinurwa. Mwari havana kuti Vaizomutsa chimwe chizvarwa chitsva; Vari kuzodzikinura icho chiri pano. Havasi kuzomutsa chimwe chizvarwa chitsva; Vanodzikinura icho chitori pano kare. Havasi kuzogadzira imwe nyika itsva; ndeino iri ipo pano.

Vachangoipisa, voichenesa, sezvaVakaita iwe. Mazano aVo anofanira kugara nokusingaperi. Zvino, tarisai, zvichava sekudaro.

³⁰⁵ Rangarirai, hakuzonge kuri Kudenga. “Rinoburuka richibva Kudenga.” INzvimbo yekugara, Nzvimbo yekugara mairi, kuti vatore hugaro hwaVo. Sezvainge, zviru Johane, pachitsuwa chePatimosi, pano muna Zvakazarurwa 21, akariona “richiburuka.” Johane akaona Guta, “richiburuka kubva Kudenga,” senjiva, sezvaakaona.

³⁰⁶ Hevanoi Mwari vachiuuya, vachidzika pamusoro petabhenakeri yaVo yepanyika, Jesu, ari mune. . . “vachiburuka kubva Kudenga.” Jesu akabhabhatidzwa, akaenda pakarepo. . .

³⁰⁷ PaAkasangana nemuporofita! “Shoko rinouya kumuporofita.” Zvino Aiva Shoko. Zvino muporofita akanga akamira ipapo, achiramba sangano ravo rose, zvose hazvo. Uye, paakaona Shoko, Shoko rakauya kwaari chaiko.

³⁰⁸ Zvino muporofita akashamisika zvikuru, akati, “Ndinofanira kuti ndibhabhatidzwe neMi. Ko Munouyirei kwandiri?”

³⁰⁹ Akati, “Ngazvive saizvozvo, nokuti zvakafanira kwatiri (tinoziva shoko) kuti tizadzise kururama kwose. Ndini Chibayiro; Chinofanira kusukwa.” Akamutendera.

³¹⁰ PaAkabuda mumvura, akati, “Ndaona matenga achizaruka.” Muporofita akaaona. Akaona matenga achizaruka.

³¹¹ Zvino hepanoi pachiuuya, pachidzika kubva Kudenga, chimiro cheNjiva; neNzwi, richiti, “Ichi ndicho chikamu chaNgu chenyika chaNdakadzikinura, uye kubva pachikamu ichi chenyika Ndichadzikinura zvimwe zvacho zvose, nokuti iYe iShoko raNgu raratidzwa.” “Uye nyika yose, Ndakaitaura kuti ivepo neShoko raNgu,” VaHebheru 11. “Uye Satani anga akaibata nguva yose iyi, asi Ndauya kuzoidzikinura. Chikamu chayo chakawanda kudai chakagadzira Mutumbi waKe, uye Ndiri kuuya kuzogara mauri.”

³¹² Johane akati, “Ndakaona Guta dzvene, Jerusarema Idzva richiburuka kubva Kudenga, seMwenga akashongedzerwa Murume wake.” Zvino rakanogara papi? Zvimwe chete chaizvo sezvarakangoita ipapo pacho; panyika.

³¹³ Jesu akanga ari chikamu chenyika iyoyo icho Mweya Mutsvene wakaburukira pairi, (ndizvo here?) uye ukagara paAri nokusingaperi. Haumbogoni kuMusiyi. Unogara uripo. Iye naMwari Mumwe. Zvinogara nguva dzose zvakadaro!

³¹⁴ Zvino saka Johane akaona Guta dzvene, Jerusarema Idzva, richidzika senyeredzi iri kubva kudenga, kana kuti nji–njiva, richiburuka kubva Kudenga uye richinogara panyika yose zvayo, yakadzikinurwa, (kuitei?) kutora chizenga chese chaAkasikira nyika. Murume wese aive akamiririrwa muZiyendanakuenda,

uye nemukadzi wese, anodzikinurwa ipapo. Yakakweshwa uye ikapiswa neMoto.

315 Jesu, mumiyedzo yaKe yakaamarara murenje, kwemazuva 40. Mushure maizvozvo, cherechedzai, yakanga yagadzirira shumiro yaKe ipapo.

316 Pafungei ipapo, Mweya Mutsvene uchiburuka panyika, Jesu, uye neRopa Dzvene iroro! Zvino tarisai, uye ndinovimba kuti handiende kwakanyanyisa kudzika kwamuri, munoono. Ropa dzvene rakasikwa naMwari; Ropa, Hupenyu, kusikwa kwaMwari. “Jesu aive mavambo ekusikwa kwaMwari.” Oo! Muri kuzviona here? Mwari, vakaitwa muchisikwa. Vakanga vari Mweya. Bhaibheri rakati, “Ndiye mavambo ekusikwa kwaMwari.” Ko Akatanga sei? Muchizvaro chemudzimai. Chinova chii? Mudzimai haasi. . .

317 Sevanhu vaya mapofu vasingagone kuona “mbeu” yenyoka ipo pano. Maona? Evha akaiswa pano panyika, uye, Satani asati ambombata, kana chimwe chinhu, Mwari vakati kwavari, “Wandai muzadze nyika.” Ndizvozvo, asi Satani anouya umu. Zvino, kana aive mwanakomana waAdhamu, saka ndepapi. . .

318 Adhamu akanga ari wedzinza rakabva chaiko kuna Mwari. Uye unongotora hunhu hwemubereki wako.

319 Zvino kana wakazvarwa patsva, unotora Hunhu hweMubereki wako, weKudenga. Uye Mubereki wako weKudenga hunhu hweShoko. . .Kana kuti, Shoko ndiro hunhu hweMubereki wako. Zvino, ungaRiramba sei, uchitora sangano? Oo, ini zvangu!

Ndinovimba hamupotse izvi. Ndinoziva kuti zvinobva kuna Mwari.

320 Jesu. Heunoi Achiuya, achiburuka; uye hapo pakanga pana Jesu, chizenga chaMwari.

321 Zvino, “mudzimai,” iye. Tarirai. Mwari vakati, “Nokuti vakaita izvi,” vakati, “Ndichaisa ruvengo pakati peMbeu yako nembeu yenyoka.” Ndizvo here? Zvino mudzimai haana kana mbeu. Makambofunga nezvazvo here? Ane munda, kwete mbeu. Munoono, nyoka yakanga yatoisa “mbeu” yayo ipapo.

322 Zvino, kana mudzimai asina mbeu, anofanira kugara kuti ave neMbeu.

323 Munoono, kubudikidza nokusangana pabonde apa, kwakanga kwaunzwa kubva kuna Satani, nyoka, yakanga isiri mhuka inokambaira; yaiva nemakumbo, nokuti makumbo ayo akabva pairo. Yakanga iine mano anodarika dzose, chikara chega chaigona—chaigona kubatanidzwa nemukadzi.

324 Mbeu yechikara haichazviita zvino, uye hapana chimwezeve. Vakaedza. Hazvishande. Munoono, hupenyu hwembeu hunobva kune mumwewo mukono haupindi mumunhukadzi. Hauzozviiti.

325 Asi ndicho chinhu chaiva pedyosa. Munoono, havakwanise kuwana chipuka ichocho chiri pakati pechimupanzi nemunhu. Munoono, imwe neimwe, pakushanduka kwayo, kubva kushiri, zvichikwira kusvika kutsoko, nezvimwe zvakadaro, kusvika kuchimupanzi, zvino pane “chakarasika.” Iyoyo yaiva nyoka chikara, kwete nyoka inokambaira; chimiro chose chakarasika kubva kwairi, nokuti yakatukwa.

326 Zvino, Mwari havana kutuka Adhamu; anogona kunge akaita chinhu chimwe chetecho, asi Vakatuka nyika, “minzwa nerukato.”

327 Havana kutuka Evha, asi vakati Adhamu aizova “mutongi” wake. Kubva zvino zvichienda mberi, haasi kuedza kuparidza kana chimwe chinhu, Adhamu ndiye mutongi wake. “Uye mazuva ese ehupenyu hwako, uye mukusuwa, uye uchaunza yako...hupenyu panyika.” Asi Vakati, “Ndichaisa ruvengo pakati peMbeu yako...”

328 Zvino, akanga asina kana mbeu, haana kumbova nayo, saka, akatozogamuchira Mbeu kubva kune imwe nzira. Mwari vakamupa Mbeu, kwete nokusangana pabonde, asi nekusika.

329 Imi vanhu mapofu hamuone here kuti ndiyo “mbeu” yenyoka? Oo, ini zvangu! Satani akasvikapo Adhamu asati; ndiyo yaive “mbeu.”

330 Asi akagamuchira Mbeu. Yaiva chii? Mwari pachaVo. “Akanga ari mavambo ekusikwa kwaMwari.”

331 Zvino tarisai pakazvarwa Seti, kana kuti Abheri, akanga ari munhu akarurama, kubva kuna baba vake. Seti ndiye nzira imwe cheteyo.

332 Ko muchinda iyeye akaipa akabvepiko; mhondi, murevi wenhema? Munoono, munoono kwayakabva? Yaifanira kuva “mbeu,” nokuti yakanga iri mbeu; Kaini aive munhu.

333 Oo, mapofu aya ari kupi? “Mwari wenyika ino akavapofomadza.” Zvino, ndosaka, Jesu akati hapana munhu anogona kuzviona. Maona?

Unoti, “Sei vasingazvione?”

334 Jesu akati imwe nguva, kumudzidzi waKe, “Zvakapihwa kwamuri kuziva Humambo hwaMwari, asi kwete kwavari.”

335 Uye ndicho chikonzero muchibva mamaira 1,500 kumativi ose mana akaenzana, munoono, “Zvakapiwa kwamuri kuti muzive Humambo.” Tarirai, vanhu vanouya kubva kuSouth Africa nekwakapoteredza, nguva ino yapera apo Mwenga agadzirwa kuti apinde muHumambo.

Handitongorina nguva yakakwana. Cherechedzai. Tarirai zvino, munoono.

336 Zvino munogona here kuona “mbeu” yenyoka ipapo, moona kuti chakazviita sei? Zvakakwana, munoono. Zvino vamwe vavo vakati. . .

337 Zvino, semuchinda uya muTucson rimwe zuva, achiedza. . . Ah, anogona kuzoterera tepi ino. Asi, kana zviri izvo, changamire, ndinoda kukuudzai chimwe chinhu.

338 Paakati, “Evha akati,” apa ndipo pavanoenda, “Ndawana mwanakomana kubva kuna Jehovha, kana murume kubva kuna Jehovha.” Handiti, zvirokwasvo. Mwari vane murairo.

339 Tarisa, ukatora mbeu woidyara kunze uko mumunda mune gorosi, uye wodyara rukato kunze uko. Handina basa nazvo, zuva rimwe chete nemvura imwe chete zvinounza mbeu iyi kuhupenyu. Mwari vane murairo, uye murairo iwoyo haugoni kutyorwa.

340 Handina basa kana—kana. . . mukadzi akashata kwazvo muguta nomurume akashata kwazvo, uye vasina kuroorana uye nezvose, vofa—fambidzana, uye vogara pamwe chete uye vobereka mwana; mwana iyeye anotofanira kuuya nemurairo waMwari, nokuti hapana imwe nzira. Kana ukasadaro, unoita Satani musiki, zvadaro ova mwari. Oo, ungava bofu sei! Munoono, murairo waMwari, zvirokwasvo.

341 Kana ukaita mwana, handina basa kuti angava Esau, Jakobho, chero waangava, kana chero munhu ane mbiri yakashata, kana anga ari Judhasi, aifanira kuuya kubudikidza naMwari. Mwari vane murairo.

342 Bhaibheri rakati, “Zuva rinovhenekera pane vakarurama nevasakarurama; mvura inonaya pane vakarurama uye nevasina. . .” VaHebheru chitsauko 6, uye inotaura kuti, “Mvu—mvura inonaya kazhinji panyika, kuzoidiridza, nokuita kuti igadzirire zvayakagadzirirwa, munoziva, kuti iraramise; asi minzwa nerukato zvinorarama nemvura imwe chete, zuva rimwe chetero.” Nokuti, murairo waMwari, wokuibvisa mbeu yose, kuita kuti mbeu yose izvibereke.

343 Saka, yaifanira kubereka “mbeu” yenyoka. Uye hazvina kumbo—kumbodzivisa Mwari; zvakazadzisa zano raVo rakakwana, zvakaVaita Mudzikinuri. Chero bofu ripi zvaro rinofanira potse kuzviona, kunze kwekunge zvakavanzwa. “Mwari wenyika” akazvivanza kwauri. Zvakangojeka sechero chinhu chaungaona. Hezvoka izvo. Heyoka “mbeu” yako yenyoka. Zvino cherechedzai.

Asi, “Jesu aiva mavambo ekusikwa kwaMwari.”

344 Zvino mukadzi anoita sei? Apo, mbeu inobva kumunhurume. Zvino unoramba izvozvo? Mukadzi haana kupenyu maari, zvachose. Anongova nezai duku, rinova munda kunze kuno.

345 Sezvawakatora munda uye wourima, uye—uye woupfapfaidzira mushonga, uye wopfapfaidza hutachiona

hwose kubva mauri. Uye hapana—hapana kana huswa kana chinhu chingakwanisa kumera mauri; wozobva waisa fetireza zvakare, wodyara mbeu yakanaka imomo. Kana muvengi akauya akadyara imwe mbeu, murairo mumwe chete waMwari uchaibvisa mbeu dzose dziri mbiri.

³⁴⁶ Zvinoka, Mwari vakanga vasiri kuda kuti zvidaro, munoona. Asi chii chakaitika?

³⁴⁷ Munoona, mbeu inobva kumurume inotakura muumbwa weropa, rinova ropa. Muropa ndimo mune hupenyu. Uye kana wakambo...Ndakazviona, mukuberekesa mombe nezvimwe zvakadaro. Hama Shakarian neni takazviona, uye vanachiremba nevamwe vakadaro, tichiona kuti zvinozofamba sei, makemisti. Maona? Zvino hapo pachiyua mbeu kubva kune hadzi, inova chitsamha chemazai. Hepanoi panouya mbeu kubva kumukono, inova chitsamha chezvizenga.

³⁴⁸ *Uyu* haana kana mbeu zvayo maari. Chinhu chakabva kumurume. Ndiwo mauiro aakaita pano, pakutanga, uye anongova munda. Pane zai; rine nzvimbo yakafanira kuitira hupenyu uhwu. Zvino hupenyu uhu hunopinda uye hwokambaira. Pane chakavanzika, kuti sei . . .

³⁴⁹ “Pamwe,” unoti, “zvinoka, yekutanga inosangana. Dzimwe dzose dzinofa.” Zvino, sei, ndiani anotara izvozvovo? “Zvinoka, yekutanga.” Ichava iyo iri pamberi here; zai rekutanga riri pamberi, nembeu yekutanga? Kwete, kwete.

³⁵⁰ Rinogona kunge riri zai rimwe chete; riri kumashure chaiko, shure, pakati pembeu, panobuda mbeu yondosangana naro. Zvinoratidza kuti humwe hungwaru hunotara kuti achava nebvudzi dzvuku here, bvudzi dema; kana kuti achava muduku, akakura; murume kana mudzimai. Maona? Haugone, haugone kuita chimwe chinhu pamusoro pazvo; hazvishande. Unogona kuzvisanganisa pamwe chete, uye nezvese, hazvizoite chero mutsauko. Mwari ndivo vanotara. Uye mushure mechinguva, mbeu duku imwe inokambaira mumunda imomo, zai. Ine wakaita semuswe mudiki, sekunge, pairi, ichimonyoroka-monyoroka; unodonha, uye ndipo panotangira musana wemwana.

³⁵¹ Zvino iye chii? Haana mbeu. Ane munda wokugamuchira mbeu. Saka izvo . . .

³⁵² Munoona, muvengi akaenda mberi. Mukushi akanaka paakaenda mberi, achikusha Mbeu yakanaka; muvengi ndokuuya shure kwake, achikusha mbeu yakaipa. “Asi mvura inonaya pamusoro pevakarurama nevasakarurama; zuva.” Zvose zvinofanira kukura.

³⁵³ Jesu akati, “Ngazvikurirane pamwe chete. Nezuva iroro achasunganidzwa muzvitsumbu, masawi.” Uye vari kusunganidza muzvitsumbu zvino, mumasangano makuru; vachienda kutsumbu guru, Mubatanidzwa wemaChechi ePasi

Rose. Uye magumo acho aiva chii? Ari kuzopiswa. Asi tsanga iri kuzoiswa mudura. Maona? Apo, zvose zvinorarama nechinhu chimwe chete, mvura imwe chete, mvura inonaya imwe chete.

³⁵⁴ Muti wemucitrus, uri—uri muti wemaranjisi, uhabereka, uchatodaro; uhabereka pauri, kana wakapfekedzerwa mauri, mutamba. Uhabereka remani. Uhabereka girepifurutu. Maona? Asi harizove ranjisi, asi uri kurarama nehupenyu humwe chete huri kuberekwa nemuti wemuranjisi.

³⁵⁵ Masangano akapfekedzerwa muDzinde. Nokuti, kana vachiti “Makristu,” vanorarama naro. Kayafasi akanga ari; munoziva zvaakanga ari, asi zvakadaro akatoporofita. Maona? Munoono, vanorarama naro.

³⁵⁶ Oo, ndinoshuva kuti dai taive nevhiki, yekuti tizogona kungonzvera chinhu ichi, uye nekunyatsochijekesa zvekuti iwe—iwe haugone kupotsa kuzviona. Zvino ndichasiya zvimwe zvezvinhu izvi.

³⁵⁷ Zvino tarisai. Tarisai, maoko iwayo akagadzira izvi kuitira Mwenga waKe Anodikanwa, anozvigadzira murudo runyoro kuitira Mwenga waKe.

³⁵⁸ Rangarira kuti Mweya Mutsvene wakaburukira pana Jesu, izvo, Jesu aive chikamu chenyika. Sei? Mbeu yaMwari, Hupenyu hwaMwari, hwakagadzirwa muchizvaro chemudzimai (ndizvo here?), uyo aiva nyika. Zvakanaka. Ndokubva Hupenyu hwaMwari hwapinda, saka, “Akanga ari mavambo ekusikwa kwaMwari.” Maona? Zvino Ropa iroro raMwari, rakanga riripo kubudikidza nembeu iyi; parakadeurwa paKarivhari, rakadonhera panyika. Kuitirei? Kudzikinura nyika. Zvino, yakaruramiswa; yakacheneswa; yakadanwa, uye yakatorwa; uye zvino yava kuzogamuchira rubhabhatidzo rwayo rweMoto, uye yocheneswa kuitira Jesu neMwenga waKe.

³⁵⁹ Uye muri zvimwe zvikamu izvi zvakatorwa kubva panyika ino. Nyika, uri chikamu chenyika; mutumbi wako. Mweya wako chikamu chaMwari, chizenga chaMwari, chichiratidzwa pano panyika mumutumbi. Mutumbi uri kuzodzikinurwa.

³⁶⁰ Zvino, mweya wakadzikinurwa, nokuti wakanga uri muchivi. Saka Mwari vakadzika pasi, nematanho ekururamiswa, kuchenesa, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, ndokudzikinura mweya wako.

³⁶¹ Zvino iwe, zvauro chikamu chenyika, unodzikinurwa nayo. Uri mudanho racho zvino. Zviri kuramba zvichikura. Mutumbi wako wakaruramiswa pasi perubhabhatidzo rwaNoa. Ameni! Uye, nyama yako, paRakadonhera ipapo. Zvino nyika ichacheneswa neMoto, nzvimbo yauchagara, nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene; Nzvimbo yehugaro hwaKristu neMwenga waKe, Jerusarema Itsva.

³⁶² Tarisai Guta iri; nyika, richitora hugaro hwaro panyika. Zvino munogona kunyatsoona sezvandataura, izvo. . . shanduko iyi, nyika inofanira kushandurwa. Haikwanise kuva naRo iri sezvizvi. Chechi yaisakwanisa kuenda. . . Kana kuti, nyika yaisagona kuenderera mberi, mushure meMireniyamu, isina kushandurwa. Maona? Kuve neNzvimbo yakadaro mairi, inofanira kushandurwa.

³⁶³ Sezvakangoita, tinofanira kushandurwa neMoto waKe mutsvene, kugadzirira nokuita nzvimbo yokuti Ugare matiri; iwo, Mweya Mutsvene.

³⁶⁴ Cherechedzai zvino, kuchava nenzvimbo yakakura muNyika Itsva. Uh-huh. Munoono, nzvimbo yakakura! Ichagadziriswa, ichokwadi, neMoto, asi hakuzovi negungwa zvachose. Cherechedzai, Guta racho rakareba mamaera 1,500 kudivi pamana akaripoteredza.

³⁶⁵ Zvino nyatsoteererai patinenge tichidhirowa zviyero zvacho. Ndinoda kudzima bhodhi, kwekanguva.

³⁶⁶ Hechino chizaruro chakadzika chabva kuna Mwari. Pano, ndichangomira pano. Hapana chimwe cheizvi. . . Ndichaunza zvimwe zvose izvi, Ishe vachitendera.

³⁶⁷ Tarirai zvino nyika iri. . . Zvino, vhurai muBhuku raZvakazarurwa, munogona kuona kuti akaiyera sei namakubiti uye namasitadhia. 2,300. . . Saka zvino tinoona kuti Gu—Guta rinoyerwa, “mamaira 1,500” kudivi pamana akaripoteredza.

³⁶⁸ Munoziva kuti angasvika kure zvakadini? Ndakaiyera, vhiki rino. Yaizosvika kubva kuMaine kusvika kuFlorida, uye kubva kumahombekombe ekumabvazuva kusvika mamaira 600 kupfuura, kumadokero kweMississippi. Nemamwe manzwi, hafu yeUnited States, ringori Guta racho chete.

Unoti, “Hapana nzvimbo.”

³⁶⁹ Kana gungwa raenda ichavapo, nokuti zvikamu 4 kubva mune 5 zvayo zviri mumvura. Ndizvo here? Kuputika kunoomesa gungwa, kwobvirisa nyika. Oo, ini zvangu! Rangarirai, rakareba mamaera 1,500 kudivi pamana akaripoteredza, iGuta rakadini! Uye, asi, rangarirai, gungwa raenda.

³⁷⁰ “Uye hupamhi nehurefu hwacho zvakaenzana.” Zvinoriita mamaira 1,500 kuenda *neuku*, mamaira 1,500 kuenda *neuko*; mamaira 1,500; kureba nohupamhi nehurefu. Mamaira 1,500, pafungei ipapo, ndarama inoonekera. Zvino Guta rakanga rine rusvingo rwakaripoteredza.

³⁷¹ Zvino, manje, izvozvo hazvireve hazvo, nekuenzana. . . Rakati, “Zvino masvingo nenheyo zvakanga zvakaenzana,” izvozvo hazvireve hazvo kuti rakaita chibhokisi kana sikweya. Pane chimwe chiyeo chenzvimbo, chekuti zviyero zvacho zvakafanana, ndiyo, piramidhi. Mativi mana akaenzana, “rine

mativi mana akaenzana,” uye masvingo acho akanga ari zvimwe chete.

³⁷² Regai ndizvidhirowe. Munoono: kureba, kufara, hurefu. Tichapinda mune chimwe chinhu, zvechokwadi chaizvo. Maona? Cherechedzai, zviyero zvekurereka *uku* zvakangofanana chaizvo, ose zvawo, kureba kwacho ne—nehurefu hwacho. Pane chimwe chiyero, piramidhi, chinovisimbisa.

³⁷³ Izvi, zviri nenzira iyi, zvaizopindura chaizvo chiratidzo chaEnoki muEgipita, piramidhi. Zvingadaro here? Enoki, kuparadzwa nemvura zhinji kusati kwasvika, apo kururamiswa kwaipinda, akaunza chiratidzo, zvino mupiramidhi iyi mune masitepisi 7 anoenda kukamuri yamambo. Tarisai pasitepisi rechi 7, kana makambodzidza zviyero zvepiramidhi, uyo anobuda kuzotora auya wacho, kunomuzivisa kuna mambo. Tarisa kuti inzvimbo yaani akamira apo, uye uchaona zuva rauri kurarama mariri, mupiramidhi.

³⁷⁴ Zvino, Mwari vakagadzira maBhaibheri 3. Zvino, pane dzidziso yepiramidhi isina maturo, asi kune piramidhi rechokwadi. Maona? Cherechedzai. Zvino, Mwari, Bhaibheri rokutanga... Vakagadzira 3. Panofanira kuva nezvinhu zvose zviri muhutatu.

³⁷⁵ Jesu anouya ka 3. Akauya, kamwe, kuzodzikinura Mwenga waKe; nguva inotevera, kuti atore Mwenga waKe; nguva inotevera yacho, pamwe neMwenga waKe. Maona?

³⁷⁶ Zvino cherechedzai kuti zvakanaka sei. Maona? Uye mupiramidhi iri maive nemasitepisi 7, kwozouya kamuri yamambo. Zvino tiri muzera rekereke yechi 7, Mambo asati atora Chigaro chaKe chehushe. Uye, rangarirai, piramidhi harina kumbova nedombo rechiruvi pariri.

³⁷⁷ Bhaibheri raMwari rekutanga raive mumatenga, hurongwa hweNyeredzi; rinotanga uye rinoenda nemuzera rega-rega. Kutanga, kwekutanga kwehurongwa hweNyeredzi, imhandara; ndiwo mauiyero aAkaita, kutanga. Mufananidzo wekupedzisira mune hurongwa hweNyeredzi ndiLeo shumba; Kuuya kwechipiri. Pasati pava nehove dzakachinjikana, rinova iro zera rekenza; ratiri kurarama mariri zvino.

³⁷⁸ Pakava nepiramidhi mushure maizvozvo, Enoki, iro rakapupura chaizvoizvo. Hatingave nenguva yekuenda mazviri, asi, rimwe zuva, nerubatsiro rwaMwari, ndichakuratidzai, nemazvo nokunyatsodhirowa chiyero chenguva yatiri kurarama. Maona?

³⁷⁹ Cherechedzai, asi chiyero chenzvimbo ichi zvino chatinacho, chine zviyero zvakafanana, hazvinyatsorevi hazvo kuti rinofanira kuva riri chi—chibhokisi. Cherechedzai, izvi zvingapindura cheEgipita...kana kuti chiratidzo chaEnoki muEgipita.

380 Munguva yekucheneswa kwenyika, nerubhabhatidzo rwayo rweMoto, pachava nekuputika kwematombo epasi akanyungudika, zvakaita senyika ino ichiputika, uye zvichasundira kumusoro Gomo rakaita sepiramidhi. Maona? Pane nzvimbo yakakura yekuzviita! Chinhu chose ichi chichashandurwa. Nzvimbo yose yepasi ichashandurwa. Mazvibata here? Ichasundira kumusoro Gomo rakaita sepiramidhi.

381 Izvi zvinonyatsoenderana neShoko kana zvikazviita, izvo zvaichaita. Zvino cherechedzai, nokuti, muna Isaya 65:25, patangobva kuverenga, Akati.

Havangakuvadzi kana kuparadza pagomo rangu rose dzvene, ndizvo zvinotaura JEHOVHA.

382 Oo! “Gomo raNgu rose dzvene!” Rangarirai, rinogara nguva dzose riri “Gomo.”

383 Dai masvingo aive akatwasuka kubva kumusoro kusvika pasi, Guta raingoonekwa nekunze. . . kana kuti kubva nemukati, Chigaro chohumambo chinogona kuonekwa chete kubva nemukati; asi cherechedzai chaizonekwa chete kubva nomukati.

Asi zvino tinoona chipikirwa chaIsaya 4:5. Ngatingopaverengai.

384 Muri kumhanyira here? [Ungano inoti, “Kwete.”—Mupepeti] Kwete, musamhanya zvino. Isu—isu—isu tiri kusvika pane—pane chimwe chinhu chakatanhamara zvino, i—inguva yakawandisa—yakawandisa yamunofanira kunzwisisa ipo apa. Nokuti, ndinoda kujekesa izvi. Uye kana tadzokera kwazviri zvakare, ndicha—ndichakuratidzai zvino apo patiri—apo patiri kutaura nezvazvo, izvo, muchidzidzo chedu chinotevera pane izvi, pane imwe nguva.

385 Oo, Ishe Jesu ngavarumbidzwe! Tarisai pano, kuti Mashoko haakundikane sei. Zvino tarisai pano muna Isaya. Ndazvinyora pano, kana ndikazviwana zvakare, kwechinguvana. Isaya 4:5. Zvino teererai, ari kutaura pamusoro peKuuya kwaShe, kuti madzimai achazenge ane hunzenza kwazvo. Oo, akati, “Vakadzi 7 . . .” Teererai, ngatingozviverengai, tarisai pano:

Nezuva iro vakadzi 7 vachabata murume mumwe, vachiti, Tichadya zvokudya zvedu, . . . tichapfeka zvipfeko zvedu: ngatidanwe chete nezita rako bedzi, kuti zvibvise kunyadziswa kwedu.

386 Ndiyo nguva yekupedzisira, yatiri kurarama zvino; kuroorana, kurambana, nechipfambi, nezvimwe zvakadaro.

Nezuva iroso davi raJEHOVHA richava rakanaka nokubwinya, . . . zvibereko zvenyika zvichava zvakaisvonaka nekuyevedza . . . avo vaka . . .

vakapukunyuka veIsraeri. (Kuti wakapukunyuka sei kutongwa kwese ikoko! Maona?)

Uye zvichaitika, kuti uyo akasara muZioni, naiye akasara muJerusarema, acha... (Ngationei)... muJerusarema, achanzi mutsvene, kunyangwe munhu wese akanyorwa pakati pavapenyu muJerusarema, munoono:

Apo Ishe achange ashambidza tsvina yemukunda weZioni, (rangarirai, ndiye Mwenga nguva dzose, munoono)... uye achange anatsa ropa reJerusarema (ndivo vakasara vemaJudha, pamwe neMwenga, munoono)... uye mukati maro nomweya wokutonga, moto...

³⁸⁷ Ndiko kutonga kwaMwari nguva dzose, paVanoita mutongo waVo wekupedzisira. Vanokudana, vokururamisa, uye vokusvitsa pakudzikinurwa; zvino kutonga kwaVo kunobuda paUri, zvino Mweya Mutsvene neMoto zvosuka chivi. Zvino unobva wava waVo.

³⁸⁸ Zvimwe chete zvaVanoita kunyika, paVanoichenesa neMoto, “uye nemweya wekupisa.” Zvino tarirai. Teererai! Magadzirira here?

Zvino JEHOVHA achasika pamusoro peimba imwe neimwe yepagomo reZioni, napamusoro peungano yaro, gore routsi masikati, nokupenya kwo... moto usiku: nokuti pamusoro pokubwinya kwose pachava nechidziviro.

³⁸⁹ [Hama Branham vanoratidza pabhodhi—Mupepeti] “Ishe, nezuva iroro, pamusoro paro, vachasika Moto weChiedza kuti ubvire masikati.” Zvino rinoenderera mberi richiti, “Richava nzvimbo yechengetedzo, zororo, hutiziro.” Cherechedzai, zvichiita chaizvo zvakataura neBhaibheri, chaizvoizvo. Kuri kuti masvingo aive akatwasuka kubva kumusoro zvichidzika, hamaizviona. Anofanira kurerekerera. “Gomo raNgu rose dzvene...” “Vachasika Chiedza ichi pamusoro peGomo iri, uye chichava chedziviro.” Oo, tinoimba rwiyo rwuya:

Oo, Guta riya riri paGomo reZioni,
Somufambi, zvisinei ndichiri kurida;
Zvino nekudarika nemumazera iwayo,
Kana ndasvika paGuta riya riri paChikomo.
(Maona?)

³⁹⁰ Cherechedzai, Gomo reSinai ndipo pakaburuka Mwari pamusoro paro, paVakataura kuIsraeri vari muShongwe yeMoto. Vakaburuka pamusoro pegomo, Gomo reSinai.

³⁹¹ PaGomo reShanduko, paVakazivisa kuti, “Uyu ndiye Mwanakomana waNgu wandinoda; Munzwei,” Vakaburuka vari muShongwe yeChiedza uye nokubwinya kwaipenya, pamusoro

pegomo, pamberi paPetro, Jakobho, naJohane. Uye, imomo, Akamiririrwa navose Mosesi naEria; yakashandurwa, uye nevakafa vakamutswa. Girori!

³⁹² Guta Idzva neNyika Itsva; chisikwa chitsva; Guta riri paChikomo, rine Chigaro chohumambo pamusoro paro. [Hama Branham vanodhirowa mifananidzo pabhodhi pandima shoma dzinotevera—Mupepeti] Chigaro chehumambo kumusoro *kuno*, panhongonya, nevagari, kwese kumusoro nezasi, paGomo iri.

³⁹³ Uye rusvingo rwakapoterredza iri, rwakanga rwune nheyo 12. Uye imwe neimwe yadzo yaive nedombo repachipfuva raive pana Aroni, raimiririra marudzi 12 eIsraeri.

³⁹⁴ Uye, mumasuwo, vaive nemasuwo 4 akaiswa zvakangoita chaizvo setemberi yemurenje, setende rakanga riri murenje. Cherechedzai rimwe nerimwe, raiva—raiva nevaapostora, 3 kurutivi rumwe-norumwe, vaapostora 12. Mumwe nomumwe. . . Uye rakanga rakareba makubiti 144. Makubiti 144 atori mafiti 216 chaiwo, zvichiita rimwe nerimwe rematombo makuru iwayo potse mafiti 20 pakureba, chidzitiro chepachipfuva pasuwo iroro, chichiita rusvingo irworwo rwaive rwakapoterredza Guta.

³⁹⁵ Zvino iro, Guta, harigari pamusoro perusvingo, nokuti guta, riri mamaira 1,500, haraigona kuita izvozvo. Rusvingo rwuri *apa* rwaunopinda marwuri, semasuwo eJerusarema rekare. Waipinda neparusvingo, uchipindamo.

³⁹⁶ Uye rimwe nerimwe reaya, rakanga rine nheyo 12, uye rimwe nerimwe rakanga rine emaraudhi namabwe akasiyana-siyana, aimirira marudzi 12 eIsraeri.

³⁹⁷ Zvino vaapostora, mumwe nomumwe, pamusoro pesuwo jena, guru iroro, paive nezita remuapostora. Zvino Jesu haana here kuti, “Muchagara pazvigaro zvehumambo 12, muchitonga marudzi 12 aIsraeri?” Ndiani anogara pasuwo, kuti atonge, kana vopinda muGuta? Oo, ini zvangu! Hezvoka izvo. Madzimambo enyika achipinda muGuta, anouya pamberi pomutongi muapostora, sokuvimbisa kwakaita Jesu. Oo, ini zvangu!

³⁹⁸ PaChigaro chehumambo ichi, pamusoro paro, mamaira 1,500 kuenda mudenga, pasi rose richaona Chiedza chenyika, Jesu, agere paChigaro chehumambo pamusoro penyika, pamusoro peChechi, pamusoro peGomo reZioni; rinova mamaira 1,500, hafu yekukura kweUnited States, uye rosimuka kusvikira wava kuMuona pasi rose, ari mamaira 1,500 kuenda mudenga.

³⁹⁹ Uye kwese kumusoro nezasi *apa*, pachave neVadzikinurwa. Pachava nedzimba dzendarama yakaisvachena. Pachava nemigwagwa, nemapaki, nemapindu. Uye Rwizi rweHupenyu rwuchiuya, rwuchiyerera kubva paChigaro chehumambo, uye rwuchidzika nemumikaha midiki uye, oo, nepamusoro pemativi echikomo. Uye Muti weHupenyu uchange uchidombera

muchivanze chega-chega; uye unobereka zvbereko zvaWo, ka 12 pagore, muchero wakasiyana mwedzi woga-woga.

⁴⁰⁰ Uye madzimambo enyika achapinda mariri vounza rukudzo rwavo. “Uye mashizha ndeekupodza ndudzi,” apo madzimambo ari kugara murugare kunze uko. Pavanobuda kunze, vanotanha muti, vanotanha shizha *sekudai*. Senjiva yakadzoka, kuti hasha dzaMwari dzakanga dzapera, ndokuunza shizha dzvene muareka. Zvino kana mambo oenda, nokuunza kubwinya kwake mukamuri yeMwenga muno muGuta, achabata shizha kuna mambo muvakidzani wake, uye, “Tiri murugare nekusingaperi.” Ameni! Kupodzwa kwemarudzi! “Zvose zvakagadziriswa. Imwe nguva takarwira ropa remumwe nemumwe, hama. Uye takakoshesa, nekudanidzira; nokupfura, nokupisa vana, zvose hazvo. Asi zvino kune rugare, kupodzwa.” Kwete kupodzwa pahurwere; zvose zvakapera. Kupodzwa kwerudzi! Ameni!

⁴⁰¹ Guta rine Chigaro chehumambo pamusoro. Zvakazarurwa 21:23, “Uye havadi chiedza, nokuti Gwayana naIshe Mwari ndivo Chiedza chacho.” Maona? Ishe Mwari ndivo Shongwe yeMoto iya yakatevera vana veIsraeri nemurenje. Uye Vakakwira paChigaro chehumambo, mune hweHumambo ihwohwo hwakakwana... apo nguva... “Humambo uhwo Jesu achapa kuna Baba, kuti Mwari vave zvose, uye muna zvose.” Jesu agere paChigaro chaKe chehumambo pano, saJosefa wedu. Uye Mambo ndiye Chiedza ichocho chichava pamusoro peGomo reZioni, uye Chiedza chaKe chitsvene chichajekesa Guta rose. Hareruya!

⁴⁰² Mamaira 1,500 kuenda mudenga, uye nemamaira akareba 1,500 kudivi pamana akapoterredza, nemaparadhisu aMwari akavakwa nemuGuta rose iroro; migwagwa, nzira! Verengai Zvakazarurwa 21 yenyu, muone kana zvisiri izvo. Munoono, “Havadi chiedza ikoko, nokuti Gwayana ndiro Chiedza.” Uye paChigaro chehumambo chinogona kuonekwa, chigere, mamaira 1,500.

⁴⁰³ Hariendi mudenga zvakatwasuka sezvizi. Rinoteramira, sepiramidhi. Kana raizove hafu yechinhambwe chacho, zvino raizonge rakakwira mudenga sezvizi, munoono, kubva kune rimwe guta kuenda kune rimwe... zvino kana mukacherechedza, kubva kune rimwe divi reGuta kuenda kune rimwe racho.

⁴⁰⁴ Ndinogona kudonhedzera kamwe kanhu pano kana muchida kuti ndidaro. Macherechedza here boka duku riri pano? Ringori chikamu chakada kudaro, chikamu chenzvimbo yarinozadza. Georgia, California, kusvika kuSaskatchewan; kubva kuKansas, kusvika kumahombekombe ane matombo ekuMaine; ndivo vacho vakaungana. Ndizvo zvakada kuita zvakamiririrwa pano chaipo, angaita mamaira akareba 1,500 kudivi pamana akapoterredza.

Oo, vanobva kuMabvazuva neMadokero,
 Vanobva kunyika iri kure,
 Kuzodya mabiko naMambo wedu;
 kusvusvura... (Chii chacho? "Munhu
 haangararami nechingwa choga."
 NeChingwa, Shoko!)...kuti vadye sevaeni
 vaKe;
 Vakaropafadzwa sei vafambi ava!

Munyika, ndinofanira kutaura, handina kumboona vanhu vakaita savo.

Oo, vachiona chiso chaKe chitsvene
 Chichibwinya neChiedza chaMwari;
 Vagoverani venyasha dzaKe vakaropafadzwa,
 Sematombo anokosha ari mukorona yaKe
 achipenya.
 Oo, Jesu ari kuuya nenguva isipi,
 Matambudziko edu ipapo anozenge apera.
 Oo, ko toti Ishe vedu izvozvi vakauya?

⁴⁰⁵ Hakuna nguva refu. Zvinhu zvose zvakanyatsokwana. Nzvimbo yacho chaiyo, Sodhoma, vatumwa vacho; zvinhu zvose zvingori panzvimbo chaiyoio. Maona? Zvinorevei? Chimbofungai, tichiuya kutabhenakeri imwe chete diki ino, parwendo rwemamaira 1,500 mativi ose, kubva pakuyera kwakaenzana.

⁴⁰⁶ Sei zviriri izvo kuti Mwari vakafunga uye vane hanya zvakanyanya pamusoro penzvimbo diki iya yeParastina, munoono, iyo ingori hayo kanzvimbo kadiki? Asi imomo chaimo ndimo makaiswa temberi. Ndipo pachapamukira Jerusarema Idzva, chaipo ipapo. "Muorivhi, Gomo reMuorivhi richatsemuka, ropamukira kurudyi nokuruboshwe," chokwadi, parinosundira mudenga richibva pasi. Kwete, zvavanoti, riri kupamukira kumativi sezvizi. Riri kusundira kumusoro, "Nezuva iro paAchamisa tsoka dzake tsvene pamusoro peGomo." Cherechedzai, paChigaro chaKe chehumambo, chiri mamaira 1,500 kuenda mudenga!

⁴⁰⁷ Rangarirai, Satani akaedza kuMuyedza, imwe nguva, pamusoro pegomo. Maona?

⁴⁰⁸ Guta Idzva rine nheyo 12, sezvatapfuura nemazviriri, madzitateguru 12; makubiti 144; chiri icho chidzitiro chepachipfuva chaAroni; masuwo 12 emaparera, zita revadzidzi 12.

⁴⁰⁹ Jesu amire, Dombo repamusoro, ari paChigaro chehumambo, kana vatsvene vaKe vaMupfekedza korona, "Mambo wamadzimambo, Ishe wamadzishe." Uye iYe ndiye Dombo repamusoro.

⁴¹⁰ Handina kachikwama kangu pandiri. Asi kana ukacherechedza mukachikwama kako, kana uine dhora rimwe

chete, ane chisimbiso cheUnited States; chapungu kune rimwe divi, chakabata mapfumo, mucherechedzo wenyika, tingati; uye kune rimwe divi, rine piramidhi, neziso rinoona zvose pamusoro paro. Munoono, vaisaziva zvavaiita. Uye pariri pakanyorwa muchiLatin, uye muchaona rinozviturea kuti, ichi ndicho “chisimbiso chikuru.” Vaisaziva zvavaiita. Kana Kayafasi haana kuziva kuti aiporofita.

⁴¹¹ [Hama Branham vanoratidza pabhodhi—Mupepeti] Hecho Chisimbiso Chikuru. *Herinoi* iri, munoono, Guta. Harisi chibhokisi chakangoti sandarara sezvizi, munoono, asi rinoterama richienda mudenga kuti rionekwe. Uye paGomo iri dzvene raJehovha, Jehovha vachaburuka pamusoro peGomo raVo; *hevanoi* aVa. Ndicho chikonzero dombo rechiruvi risina kuiswa naEnoki. Maona? Ndicho chikonzero Dombo rechiruvi rinofanira kuuya zvino. Zvino Gomo richasundirwa kumusoro, uye richava Gomo raJehovha.

⁴¹² Uye mukati *umu* muchagara Vakadzikinurwa. *Idzi*, nzira nemigwagwa mikuru, tingati, mapaki, neRwizi rweHupenyu ruchabva, rwuchinyatsopfuura nemo. Uye imba imwe neimwe ichavakwa negoridhe rinoonekera. Uye migwagwa ichagadzirwa negoridhe. Uye miti yeHupenyu ichange iripo, uye ichabereka marudzi 12 emichero. Zvino madzimambo nevanokudzwa venyika vachauyisa rukudzo nokubwinya kwavo nemumasuwo. Zvino masuwo haangavharwi nehusiku, nekuti hakuna husiku ikoko.

MuGuta iroro uko Gwayana ndiro Chiedza chacho,
 MuGuta iro kusingauyi husiku;
 Ndine imba huru ikoko isina kubinduka nezvinetso,
 Oo, ndiri kuenda uko Gwayana riya ndiro Chiedza chacho.

⁴¹³ Hamuoni here kuti maguta madiki, maguta makuru, dzimba, misha, zviri—zviri kutaura nezvazvo izvozvi? Zvinhu zvose izvi zvepanyama mumvuri.

⁴¹⁴ Tora mumvuri, uri kure, seruoko rwangu. Pasati pave nechichiri kupa mumvuri. . .kana kuti mumvuri, panofanira kuva nechinopa mumvuri. Uye, munoono, mumvuri iwoyo, unoita sekunge ndine minwe dhazeni, asi zvino paunozvionza pedyo pamwe chete, zvino—zvinosvika pakuva chinhu chimwe, uyezve mumvuri unopera uchipinda muruoko.

⁴¹⁵ Uye ndizvo, nguva zhinji, vanhu vanofunga kuti kuna vanaMwari 3 kana 4. Wakatarisa kure-kure kumashure mukuvandudzwa kwepakutanga. Maona? Dzika zvino uye, unozoono, wonyatsotarisa kusvikira ava Mumwe. Ndizvo chaizvo.

416 Kune Mwenga mumwe chete; kwete dhazeni, masangano. Asi Mwenga mumwe chete, ndiye Musanangurwa, kubva kune ose . . . kubva pa—kubva panyika akafanotemerwa kune izvi, avo vanogona kucherechedza nzvimbo yavo muHumambo.

417 PaChigaro chehumambo ichi, tarisa, chakakwirira kwazvo! Guta Idzva; rine nheyo; masuwo 12; Jesu, Dombo repamusoro; vaapostora, vachitonga; marudzi 12.

418 Piramidhi yaEnoki haiisi mumvuri chero nguva zvayo yezuva. Ndakanga ndiri muEgypt, kumapiramidhi. Yakanyatsogadzwa panzvimbo, nemuzviyero zvechinhu chikuru ichi chakanyatsomisikidzwa; kuti, zvisinei kuti zuva riripi, hapambova nemumvuri papiramidhi. Munoono zvariri?

419 Uye hakusi kuzombova nehusiku ikoko. Iye ari pamusoro peGomo, anorizadza nokubwinya kwaKe. Kubwinya kweChiedza chaKe kuchavapo nguva dzose. Hakuzovi nehusiku ikoko. Jesu, Dombo repamusoro!

420 Zvino cherechedzai. Saka, Vakadzikinurwa vachafamba muChiedza. Tinoimba zvino, “Tichafamba muChiedza, Chiedza ichocho chakanaka.” Pane chimwe chinhu chiri matiri chiri kudanidzira. “Tabva murufu tichipinda muHupenyu.” Imhaka yekuti chakamirira. Maona? Ndicho chizenga, chatinonzwa.

421 Chokwadi, iri ndiro . . . Magadzirira here? Iri ndiro Guta raitsvakwa naAbrahama. Maona? Nokuva ari muporofita, aiziva kuti Guta iri raiva kune imwe nzvimbo. Bhaibheri rakataura kudaro. Zvino akasiya guta raaigara, uye akaenda; tarisai kwaakaenda, chaiko kwarichave. Maona? “Akanga achitsvaga Guta iRo movaki waro nomugadziri waro akanga ari Mwari,” munoono, nokuva ari muporofita.

422 Jesu akaenda kunogadzirira, nemaoko Matsvene, Guta Dzvene; Muvambi weKudenga, achiitira vanhu vakatengwa naMwari, kuvanhu vakafanotemerwa. Akaenda kunogadzirira.

423 Abrahama akanga ari kuritsvaga. “Uye akataura kuti aive mufambi nemutorwa, nekuti aitsvaga Guta iRo movaki nemugadziri waro aive Mwari.” Muporofita iyeye, achiziva kuti raive pane imwe nzvimbo! Johane akariona richidzika, asi Abrahama akafunga kuti raitonge riri panyika panguva iyoyo. Sei? Akasangana naMerkizedheki, Mambo waro, ndokuMupa chegumi. “Akanga asina baba, asina kana amai. Akanga asina mavambo ehupenyu kana kuti magumo ehupenyu.” Abrahama akasangana naYe, uye vakadya chirairo panzvimbo chaiyo pachasimudzwa Guta racho, paGomo dzvene raJehovha, pachagara Vadzikinurwa. Oo, ini zvangu!

424 Nguva iyoyo haitongomiri. Kwete, tiri munguva; mushure mechinguva tichaenda muna Ziyendanakuenda.

425 Oo, Gomo dzvene! Pachava nemigwagwa yegoridhe rinoonekera, nzira; nedzimba, nemapaki. Kana muchida

kuverenga izvi, Zvakazarurwa 21:18. Muti weHupenyu uchange uriko; marudzi 12 akasiyana emichero, mumwe pamwedzi wega—wega, uhabereka pauri. Vanhu vanodya michero iyi, vanoshandura kudya kwavo, mwedzi wega-wega.

⁴²⁶ Uye zvi—zvinobva...ndezeve vakundi chete. Munozviziva here? Hazvisi zvemasangano.

Unoti, “Muri kureva izvozvo, Hama Branham?”

⁴²⁷ Ngativhurei kuna Zvakazarurwa 2, kwechinguvana, tigozwiwana. Zvakazarurwa 2:7. Ngationei zvino kuti iChokwadi chaicho here kana kuti kwete. Zvakazarurwa 2:7 inorava sezvizvi.

Zvino uyo ane *nzeve, ngaanzwe zvinoreva Mweya*...

⁴²⁸ Zvino, rangarirai, Haasi kutaura kuma Judha zvino. Iyi iChechi, Murudzi.

Uyo ane *nzeve, ngaanzwe zvinoreva Mweya* kumakereke; Kune uyo *anokunda*, ndichamupa *kuti adye muti woupenyu, uri pakati muparadhisu yaMwari*.

⁴²⁹ “Vakundi voga, vanokunda chikara, vanokunda munembo wacho,” chinova chiKatorike, chiProtestanti, zvemasangano, “anokunda chikara, munembo wacho, vara rezita racho.” “Achava nekodzero kuMuti weHupenyu, kupinda mumasuwo umo musina chinovibisa chingambopindamo.” Maona? Fungai nezvazvo. Zvino, chimbomirai zvino, tichienda mberi zvishoma. Muti weHupenyu uchava wevakundi chete.

⁴³⁰ Mashizha acho achava ekupodzwa kwendudzi. Ndiko kuti, madzimambo anogaramo, achiunzamo rukudzo rwavo, pavanounza rukudzo rwavo mukati uye vorwuisa pamberi peChigaro chehumambo chaMwari. Sezvakangoita kunze, 10...marudzi 11 akaunza, ose zvawo, chegumi kuna Revhi, munoona. Pavanounza rukudzo rwavo mu...kubva munyika yakaropafadzwa, imomo, vachasvika paMuti weHupenyu, votyora shizha dzvene...kana shizha reMuti weHupenyu, uye vachabuda pamwe chete. Hapasisinazve hondo. Zvinhu zvose zviru murugare. Mashizha chirangaridzo, chekupodzwa kwenyika.

⁴³¹ Muti mumwe chete, kwete saAdhamu, iye...Paiva neMuti weHupenyu mubindu reEdheni, waangadai akadya pauri dai asina kuwa. Muti weHupenyu iwoyo waimuyeuchidza, nguva dzose, kuti hutsva hwake...hujaya hwake hwakanga huchiramba huchienderera mberi. Maona?

⁴³² Zvimwe chete zvichaitawo marudzi. Mashizha achava okupodzwa kwemarudzi; cherechedzai, kwete hurwere zvino. Unenge uine kodzero dzakafanana nedzaiva naAdhamu, senge shi-...njiva ine shizha dzvene, ndizvo zvese...mambo mumwe nomumwe achitora shizha.

433 Cherechedzai, Rwizi rweHupenyu, zvichida tuhova tuduku twakawanda tunorwugadzira. Zvino, munyika iyi. . .

434 Ndichavhara mumaminetsi mashoma. Munyika ino. . . Kana kuti, ndichangomira. *Ndiwo* mawandiro ezvinyorwa zvandinazvo, zvino angangoita mapeji 30. Hongu. Tarisai.

435 Mune huno—muhupenyu huno, handisati ndamboona chinhu chinopedza nyota sekuva mumakomo uye wowana, sezvandakaparidza nezvazvo humwe husiku, rukova rwuya rwaitubuka, mvura dzaro dzinopa hupenyu. Unenge waneta uye uine nyota, wowira pasi pahova yakanaka; zasi-zasi uko hutachiona husingakwanisi kuenda, zasi-zasi mazana emafiti munyika, kuchitubuka mvura yakachena, yechokwadi, inopa hupenyu. Tinotenda izvozvo. Zvidiki izvo. Zvino, nyika ine hova dzayo dzakawanda dzine mvura yedonhodzo. Paunenge uchinzwa nyota uye uchifa, unowana mvura yakanaka, inotonhora kubva ipapo, icha—ichakubatsira kurarama.

436 Asi tarisai kunobva iYi. Kubva paChigaro chehumambo, ndiko kwainowana zvikwanisiro zvayo zvinopa Hupenyu. Inobva pasi peChigaro chehumambo chaMwari, panogara Mwari.

437 Yose zvayo, nyika yose ino, nyika ino yatiri kurarama mairi zvino; munhu wese, angava Mukristu kana muhedheni, vane matemberi. Makambofunga nezvazvo here? Makereke, vose zvavo.

438 Asi iRi harina kana. Bhaibheri rakati, “Zvino pakanga pasina temberi ikoko. Asi Ishe Mwari neGwayana ndiyo Temberi yaro.” Gwayana ndiro Chiedza. Gwayana ndiro Temberi. Gwayana ndiro Chigaro chehumambo. Gwayana ndiro Hupenyu. Ndiye Temberi yacho. Munoono, matemberi ose aya ane chinhu chavari kunamata; asi, muGuta iri, ndiYe chinhu chacho. Ari pamwe nevanhu vaKe. Chiedza cheMweya waKe chinojekesa Guta repiramidhi iri.

439 SaPetro naJohane, pamusoro pegomo. Chiedza chakafukidza pamusoro pegomo, uye Inzwi rikataura, rikati, “Uyu ndiye Mwanakomana waNgu anodikanwa.”

440 Muna Zvakazarurwa 21:3 ne 4, “Tabhenakeri yaMwari iri pamwe nevanhu.” Mwari vakagara mumunhu, nekumudzikinura, nematanho 3 aya. Zvino Mwari vari kuzodzikinura nyika nekuzogara panyika, pamwe nevanhu vaVo vepanyika, vaVakabuditsa kubva panyika. Uye kubudikidza nechivi yakawa, asi ivo. . . Vakatozoirega ichienderera mberi. Asi zvino Vakatuma Jesu kuzodzikinura nyika iya yakawa, yatiri chikamu chayo. “Hakuna bvudzi rimwe chete romusoro wako richaparara.” Jesu akataura kudaro. Akati, “Ndichaumutsa zvakare nezuva rekupedzisira.” Maona? Sei? Uri chikamu chenyika.

441 Cherechedzai, ndakaita kajeje kekuti mudzimai wangu aindiudza kuti ndarasikirwa nebvudzi rangu. Ndakamuudza kuti ndakanga ndisina kurasikirwa kana nerimwe raro.

Iye akati, “Riri kupi?”

442 Ndikati, “Kwaraive riri ndisati ndariwana.” Chero kupi kwaraive, chinhu; chero kupi kwariri, rakandimirira. Maona? Ndizvozv. Ndichaenda kwariri, rimwe zuva.

443 Mutumbi wakare uyu, uri kuunyana nekudonha, uye nekuperezeka mumapendekete, nekurwadziwa mumabvi, ne—nekushoshoma pahuro. Zvakanaka. Munogona kuuvinga mugungwa, asi Hwamanda ichandimutsa!...?...Hongu, changamire. Tiri kuzoshanduka, rimwe remazuva ano. Ndiri chikamu chenyika ino yakadzikinurwa. Uri munyika, asi usinei nekosmos. Uri muhurongwa hwakasiyana, hurongwa hwakadzikinurwa.

444 Cherechedzai, “Tabhenakeri yaMwari ichava pamwe nevanhu.” Cherechedzai, “Zvinhu zvakare zvapfuura.” Chinhu ichi, ichi, chapfuura. Zvimoreva kuti Denga rakaburuka kuzogara nemunhu. Maona? Denga nenyika zvambundirana.

445 Ndizvo chaizvo pakauya Njiva pamusoro pechikamu chenyika, chaive Jesu; Akanga ari guruva renyika, Munhu. Mwari, vachiuya kubva muchizenga cheHupenyu chinwe chidiki, kubudikidza nesimba rekusika. NeRopa riya rakanga riri imomo...Hupenyu hwakanga huri muRopa iroso hwakakwira ndokudzokera kuna Mwari, asi Ropa rakadonhera panyika, kuti aitore.

446 Nokuda kweropa rakaunzwa, kubva muchizenga chembeu kubva kuna Kaini, munoono; zvino Vanouya nesimba rokusika sezvaVakangoita Adhamu, vachisika Adhamu, heunoi Adhamu Wechipiri. Uye kubudikidza nechizenga chaipamuka ipapo, apo (chivi) Kaini akapamura chizenga ichocho cheropa pane vakarurama, munoono, zvino Chizenga cheRopa ichi... Nokuti, akauraya Abheri, asi Abheri akaberekwa nekusangana pabonde.

447 Asi Uyu haana kuberekwa nekusangana pabonde. “Kwaiva kusikwa kwaMwari, kutanga kwacho,” uye Rikadzikinura nyika. Zvino calcium yose, potashi, petroleum, chiedza chemuchadenga, zvawakagadzirwa nazvo, zvakadzikinurwa. “Hakuna bvudzi rimwe chete richakuvadzwa. Uye Ndichaumutsa zvakare pazuva rekupedzisira.”

448 Zvochizodii? Mwari vanoburuka kuzogara panyika. Izvo, iVo vari chikamu chayo, mutumbi waVo pachaVo. Vakaumutsa kuti tiruramiswe, uye tinoruramiswa nokuzvitenda nokuzvigamuchira. Cherechedzai mumifananidzo, Jesu anova...Mumifananidzo, Jesu anova munhu; Mwari... kana kufanotemerwa kutora nzvimbo yake, kutidzikinura, kuita kuti zvinhu zvose izvi zvigoneke.

Cherechedzai, kunze kwemasvingo aro akanaka, eGuta iri.

449 Zvino mawana here “Guta”? Munoono, iGomo dzvene. [Hama Branham vanozviratidza pabhodhi—Mupepeti] “Hapana chichakuvadza kana kuparadza muGomo raNgu rose dzvene, ndizvo zvinotaura Jehovha.” Guta iri harisi chibhokisi. Rinotova Gomo. Uye hu—hupamhi nokufara nehurefu, hwaro zvakaenzana, tarirai; mamaira 1,500 kuenda *neuku*, mamaira 1,500 kuenda *neuko*, mamaira 1,500 kutenderera mativi ose; uye mamaira 1,500 kuenda mudenga. Saka rinongova Gomo guru, sepiramidhi, uye Guta riri paGomo. Kubwinya!

450 Hezvoka izvo, hawo maparadhiso aMwari, Chiedza chenyika, Humambo ihwohwo hwakakwana. Kwete zuva rechi 7; raZiyendanakuenda! Maona? Kwete Mireniyamu; Nyika Itsva! Maona?

451 Apo iri kupfuura nemuMireniyamu, iri kupfuura nemudanho rayo rekucheneswa, asi zvakadaro inofanira kupiswa. Maona? Izvo, Ropa rakadzikinura vanhu, zvinoratidza rangaridzo iyi kuti ndizvo...mutengo wakabhadharwa, makore 1,000 iwayo. Asi zvino inofanira kucheneswa neMoto; sezvawakangoitwa, vanhu vaVo vemuGuta iri, vanhu vacho.

452 Saka kana ukafa kana ukararama, zvinoita mutsauko wei? Kana Vakauya nhasi, kana Vakauya makore 100, kana makore 1,000, ndichazorora chete kusvikira shanduko yangu yauya.

453 Saka, mutana nechembere, usaora mwoyo. [Hama Branham vanoratidza pabhodhi—Mupepeti] Kana uine chinomiririra kumusoro *kuno*, muchizenga ichi chaMwari; *ichi*, Mwari; kana unacho, kana wakamiririrwa *apa*, haugone...Uri muna Ziyendanakuenda. Uye kana wakayambuka kubva muzuva iroto rechi 7, uchipinda mune rechi 8, wakapinda muna Ziyendanakuenda nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, unoverengerwa mune *izvi*. Zvino, kana uri kungovimba nekutekenyedzwa, kana kusvetuka-svetuka, kana kuti, “Ndinoita *izvi*. Ndinochengeta zuva rangu rechi 7. Handidye nyama,” nezvinhu zvakadaro, zvichaparara, zvakadaro. Maona? Asi *Iri* ndiro Ziyendanakuenda. Maona? Iri ndiro raZiyendanakuenda, Mutambo mushure memutambo wematumba. Maona?

454 Mutambo wematumba ndiwo waiva mutambo wekupedzisira, mutambo wechi 7. Tiri kunamata zvino tiri pasi pemutambo wematumba, zera rekereke yechi 7.

455 MuMireniyamu, tichange tiri pasi pemutambo wematumba, zvakare, muzuva rechi 7.

456 Asi, zvino, mushure mezuva rechi 7, tinova neUngano Tsvene, todzokera muna Ziyendanakuenda. Sei? NeUyo waZiyendanakuenda akauya akatidzikinura uye akatidzoseru, achitiita kuti ticherechedze kuti taive chikamu che*iRi*.

457 Zvino unoziva sei kuti uri chikamu? Nokuti, iro, Shoko renguva, vimbiso yezuva. Chii ichochi? Kudzoreredzwa kuzuva rokutanga, rokutanga. “Uye achadzoreredza mwoyo yevana kumadzibaba,” kuunza kudzoreredzwa zvakare kwepentekosti yechokwadi, kwete zvekutekenyedzwa; uye acharatidza Chiedza chemanheru, Mwanakomana mumwe chete akaratidza muChiedza chemangwanani, sezvakavimbiswa muzuva racho. Amen! Amen!

458 Tiri kupi, shamwari, tiri kupi? Tangomirira zvino kubuda munzira, kuti Zvakazarurwa 11 igone ku...izivikanwe kumaJudha; ndizvozo, Kubvutwa kuri kuuya.

459 Tarisai, kunze kwemasuwo emasvingo, kwakapararira kwese muNyika Itsva, marudzi achagara murunyararo Rwusingaperi. Zvino chii? Madzimambo anokudzwa achaunza kubwinya kwawo mariri. Hapana chivi chingavepo. Hapasisina vakadzi vakagerwa bvudzi vachapinda muGuta iroro. Ndichakuvimbisai izvozo. Hapasisina kupfeka zvikabudura, kuputa fodya; mhombwe, zvipfeve, kana varevi venhema, vanamati vezvifananidzo, chero zvavanga vari, havazopindi Guta iroro. Kwete, zvese zvichange zvapera. Chivi chichange chaenda. “Pasisina chinhu chinovibisa hutsvene hwaro chichapinda imomo.” Ndizvo zvaVakataura. “Zvose zvapfuura, nokusingaperi.”

460 Tarirai muminda yaro napamasuwo aro:

Chitsere chichava chinyoro, mhumhi
ichapingudzwa;
Uye shumba ichavata pasi pamwe negwayana;
Uye chikara chomusango, chichatungamirirwa
nomwana;
Ndichashandurwa kubva pachisikwa chandiri.

461 Nerufu urwu rwuri kushanda mumutumbi wangu unofa, kuchembera kuchipinda, ndichashandurwa.

462 Manzwa rwiyo rwacho? “Chitsere chichava chinyoro. Mhumhi ichapingudzwa.” Haizosvetuka, uye yosimuka uye yoedza kukuuraya. Ichafamba newe zasi munzira.

Ndiani achagara nhaka yaro? Vadzikinurwa. Vachange vari vanaani?

Cherechedzai, ndinokwanisa chete kudzidzisa nemifananidzo zvino. Cherechedzai, Hama Lee.

463 Ndiani vakabuda panyika itsva nemuporofita Noa? Vaya vakapinda naye muareka. Ndizvo here? Ndivo vanofamba vari pari. Maona? Avo vakapinda naNoa, nemharidzo yake, ndivo vakafamba panyika itsva mushure merubhabhatidzo rwayo rwemvura.

464 Uyo anopinda naJesu zvino. Unopinda sei maAri? NeMweya mumwe chete; uye iYe ndiye Shoko. Unova chikamu chaKe.

Uri chikamu chipi chaKe? Shoko riri kurarama renguva ino, waricherechedza. Uchafamba naYe muchipinda muMireniyamu. Ndipo paunobuda. Cherechedzai, kwete chizvarwa chitsva. Kuiswa pane imwe nzvimbo!

Unoti, “Oo, Hama Branham!” Oo!

⁴⁶⁵ Cherechedzai, kana Mwari vakakwanisa kusimudza Eria nokumutora kumusoro, makore 2,500 akapfuura, kuti vamuissezve panyika zvakare, kuti ave muporofita wemaJudha, zvikuru sei zvaAngaita neMwenga!

⁴⁶⁶ Mushure mokunge Noa abuda muareka, cherechedzai zvakataurwa kuna Noa mushure mokunge abuda mumafashamo, sezvazvakanga zviriri naAdhamu kumashure. Mushure mokunge abuda, auya panyika itsva; akati, “Wandai muzadze nyika,” shure kwemafashamu. Cherechedzai, “vaifanira kuberekana, vozadza nyika,” saAdhamu pakutanga.

Zvino unogona kuona chaizvo pano. Zvino nyatsoteereresai.

⁴⁶⁷ Adhamu aifanira “kuwanza nekuzadza nyika.” Ndizvo here? Noa aive, mushure meitsva, (nyika yaparadzwa), aifanira “kuwanza nekuzadza nyika.” Mazvibata here? Zvino hamusi kuona here kuti “mbeu” yenyoka chii? Chii chakazadza nyika? Mazvinzwisisa here? Zvakana. Munoono kuti Satani akasvika sei kuna Evha zvino. Ndicho chikonzero rufu rwakatonga panyika kubva ipapo. Uye matenga, nyika, mhuka, mhupo, zvose zvakatukwa naMwari nokuda kwazvo. Ndicho chituko, nekuti Satani akasvika kune uyu kutanga.

⁴⁶⁸ Jesu akauya kuzoidzikinura ichidzokera kuna Baba. Kuti ave anoita izvi, Akava chikamu chayo; sezvandichangobva kupinda nemazviri. Uye kubva muguruva iroro chairi (chikamu icho chaive Jesu, pachaKe) richidzikinurwa, kubudikidza naYe zvizenga zvese zvaMwari zvinodzikinurwa pamwe nenyika.

⁴⁶⁹ Akanga ari Shoko rakataurwa. Isu vakadzikinurwa tiri chikamu chaKe. Zvino, kana uchigona kucherechedza! Maona?

⁴⁷⁰ VaFarisi vaiti ndivo. Asi, munoono mufananidzo wangu wekutanga, vaingova izvozvo chete nenjere. Havana kukwanisa kucherechedza Shoko paRakaraidzwa pamberi pavo chaipo. Vakati, “Murume uyu mweya wakaipa.”

⁴⁷¹ Zvino, nhasi, tinodaidzwa kuti vaporofita venhema. Tinodaidzwa nechinhu chose chetsvina chingaidzwa, nevanhu vanonamata, munoono, nevarume vakuru vane zvipo. Munoono, havatongonzwisise. Maona?

⁴⁷² Rubhabhatidzo rwayo rwemumvura rwakanga rwusina kukwana kuichenesa; kunyangwewo nerwavo. Kuchenesa, kweRopa, kwakaidzosa, ndokuitora. Asi rubhabhatidzo rweMoto rwakaichenesa; sezvarwakaita Mwenga waKe. Sekururamiswa, kucheneswa, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene.

473 Havana kumbovimbisa kumutsa rudzi rutsva, sezvandataura, asi Vakavimbisa kudzikinura vakawa. Avo vaive va—vakafanotemerwa, vanogara nhaka yayo sezvaVakavimbisa. Uye ndiVo Mwari vasingashanduki; tinozviziva izvozvo.

474 Rangarirai, Mwari vakatora Eria, mushure mekubvutwa, ndokumuisa pamwe, ndokumuisa zvakare pakati pevanhu, kuti atore nzvimbo semuporofita pakati pevanhu vake; manjemanje Vachaita izvozvo. Uye vakamuchengeta, ari mupenyu, makore 2,500 aya. Ari kuzoonekwa zvakare.

475 Cherechedzai zvakare, Vakamutsa Mosesi kubva kuvakafa. Guva rake riripi? Pane angariwana here? Verengai Bhuku raJudhasi. Maona? Satani, Mutumwa mukuru, achikakavadzana neMutumwa mukuru, Satani akati, “Ungambo...Ishe ngavakutuke,” vachikakavadzana pamusoro pomutumbi waMosesi. Zvino heunoi Petro, Jakobho naJohane vakanga vakamirapo vakamutarisa, paGomo reKushandurwa, imomo chaimo munyika umo Gomo racho richasimudzwa kuti rigarwe mariri. Maona?

Zvino Vakauya kuzoidzikinura.

476 Munoono, hapo paiva neChechi yakabvutwa zvino, yaimiririrwa; hapo paiva neavo vakanga vavete, vakamiririrwa. Kupi? [Hama Branham vanozviratidza pabhodhi mundima shoma dzinotevera—Mupepeti] MuGuta; pamusoro pegomo. Maona?

477 Hapo paiva naPetro, Jakobho, naJohane, vakatarira; 3, chapupu. Hapo paiva naEria, Mosesi, naJesu; sehuchapupu hweKudenga. Maona?

478 Uye hapo paiva naMosesi, akafa, akanga amutswa. Hapo paiva naEria, kubvutwa, vakanga vachiri vapenyu. Uye vose vaimiririrwa pagomo dzvene iri.

479 Zvino, Jesu, Mudzikinuri. Apo Mwari, vari pamusoro paKe sezvizvi, vakaMufukidzira, vakati, “Uyu ndiye Mwanakomana waNgu anodikanwa.”

480 Rangarirai, Jesu akataura, anenge nezuro wacho, Akati, “Zvirokwazvo Ndinoti kwamuri, kuti vamwe vamire pano zvino, havazooni rufu, kusvikira vaona Humambo hwaMwari huchisimbiswa nesimba.”

481 Chaiva chii? Vakafa vakamutswa nevatsvene vabvutwa, pamwe chete, vabvutwa pamwe chete kuti vasangane naYe muchadenga. NaMwari vakaMufukidza, uye Jesu akamira ipapo mumumvuri uyu, vachiti, “Uyu ndiye Mwanakomana waNgu anodikanwa, WaNdinofara kwazvo,” hurongwa weHumambo Hutsva. Oo, hama, hanzvadzi!

482 Rufu harwukushandure. Rufu rwunongoshandura nzvimbo yohugaro hwako. Maona?

483 Rangarirai, Samueri, apo akanga afa avigwa kwamakore 2, akanga ari muParadhiso. Zvino muroyi wekuEndori akamudana, uye Sauro ndokumucherechedza; naiye akazivawo, zvakare, ndokuwira pasi nechiso chake. Akanga asina kumboshanduka, nepadiki zvapo. Akanga achiri Samueri mumwe cheteyo, ava nemakore 2 afa, uye akanga achiri muporofita. Akati, “Mangwana uchawa muhondo, mwanakomana wako newe, uye nenguva dzino mangwana manheru uchange uineni.” Uye ndizvo chaizvo zvakangoitika.

484 Maona? Uye Mosesi paanodzoka, naEria, kuna Zvakazarurwa 11, vachange vachiri vaporofita. Hareruya!

485 Uye mhiri uko, muNyika, Guta umo Gwayana riri iro Chiedza, ndichakuzivai, Hama McKinney. Ndichakuzivai, vanhu vangu, matombo angu anokosha ari mukorona. Pavanobva kuMabvazuva nekuMadokero, kuuya kuGuta racho; apo riri mamaira akareba 1,500 kudivi pamana akaripoteredza, richange rigere ipapo, uye Guta rakavakwa riine mativi mana akaenzana. Paunenge wakagara imomo naGomo dzvene, apo Mwari vakagara pamusoro peGomo, uye naJesu ari paChigaro chehumambo. Uye hwamanda yegoridhe inorira apo Josefa paanoenda, kunofamba achidzika nemuParadhiso, uye vana vaMwari vanowira pamabvi avo vachiMunamata, vachiziva kuti vakanga vadzikinurwa. Maona? Amen! Hareruya!

Dzimwe nguva ndinoshuva Denga,
 Uye nekubwinya ini iKoko kwandichaona:
 Uchava mufaro wakadii pandichaona
 Muponesi wangu,
 MuGuta iroro rakanaka regoridhe!

Ndakananga kuGuta iroro rakanaka
 Ishe vakagadzirira... [Chibenga chisina
 chinhu patepi—Mupepeti]

486 Isaya akati, muna Isaya 9:6, “Uye zverugare rwaKe nezvekukura kwaKe hazvichazovi nemagumo. Humambo huchava pamapfudzi aKe; Zita raKe richanzi Gurukota, Muchinda woRugare, Mwari Samasimba, Baba Vokusingaperi. Uye humambo huchava pamapfudzi aKe; uye zvekukura hwaKe nezvorugare rwaKe hazvina mugumo.” Kunyange mhuka dziripo. Oo, ini zvangu!

Chitsere chichava chinyoro, uye mhumhi
 ichapingudzwa;
 Uye shumba ichavata pasi pedyo negwayana,
 Uye chikara chomusango, chichatungamirirwa
 nomwana;
 Asi ndichashandurwa, ndichashandurwa
 kubva pane chisikwa chino chandiri.

487 Kana Zuva iroro rasvika, nokuti ndiri kuenda kuGuta iroro. Ndakananga kuGuta rakanaka iroro! Ndinonzwa Simba rinodzikinura mumoyo wangu wose zvino.

488 Kana zvisina kudaro, saka ndarasira kure hupenyu hwangu; ndakadzidzisa vamwe zvinhu zvinonyengera. Asi pandinotarisa zasi ndoona kuti vimbiso yaVakaita yezuva rino, zvino ndoIona ichisimbiswa; uye ndotarisa ungano iyi yabva kwemamaira 1,500 kumativi mana igere pano, Vasanangurwa vakadanwa kubva kumasangano nemarudzi nezvitendwa nezvimwe, vakaungana pamwe chete; pandinoona Shoko richiZvisimbisa, ndinoziva, pasina kana mumvuri wekupokana, matombo anokosha ekorona yangu achapenya kudarika zvose zviri munyika, paZuva iroro.

489 Pachauya nguva! Vanhuwee, hatisi kuunganira pano pasina. Takangomirira nguva iyoyo chete. Nguva yanyanya, kwazvo kupera, asi Jesu achiri pedyosa, zvikuru. Uye, Kubwinya kwaKe, kunoshamisa. “Zita raKe richanzi Gurukota.” Guta iroro, muri kuriona here? Ndiko kuchagara Mwenga neChikomba, uye zvakare havachazombo...

490 Zvino, kana muchifunga kuti zvinofadza patinotyaira mazana emamaira kuti tigere pano uye todaya paShoko raKe, apo izvi zvinongova mumvuri chete, zvichave zvakadini kana togara muGuta pamwe naYe! Pandinozogara ndiri muvakidzani wako, uye patichadya kubva pamiti iyoyo, uye tofamba mumigwagwa iyoyo, patinofamba tichikwira nemigwagwa iyoyo yegoridhe tichienda kuchitubu, tonwa kubva muchitubu, tofamba tichipinda mumaparadhiso aMwari, neNgirozi dzichitenderera panyika, dzichiimba nziyo, oo, richava Zuva rakadini! Rakakodzera zvose. Nzira inoratidzika sekunge yakakwasharara, dzimwe nguva zvinooma, asi, oo, zvichange zviri zvidiki pandinoMuona, zvidiki kwazvo. Ko mazita akaipa nezvinhu zvavakataura, zvichavei pandichaMuona mune iroro rakanaka, Guta raMwari rakanaka?

491 Ngatikotamisei misoro yedu.

Ndakananga kuGuta iroro rakanaka
 Ishe wangu ravakagadzirira vaVo Vomene;
 Uko vose Vadzikinurwa vemazera ose
 Vanoimba “Kubwinya!” vakapoteredza
 Chigaro chehumambo Chichena.
 Dzimwe nguva ndinoshuva Denga,
 Uye nekubwinya kwaro ini iKoko
 kwandichaona:
 Uchava mufaro wakadii pandichaona
 Muponesi wangu,
 MuGuta iroro rakanaka regoridhe!

492 Pachitsuwa chePatimosi, Johane akariona!

493 Jesu anodikanwa, tariro iyi, tariro yangu haina kuvakirwa pane chimwe chinhu chisina kudaro, Ishe. Ndiro amai vemoyo

wangu, Guta iroro, Mambo mukuru. Mwari, musarega mumwe ari pano achiparara, ndapota. Dai tikaongorora hupenyu hwedu zvakare, nhasi, Ishe, takamirira Kuuya kwaShe. Uko, vose Vakadzikinurwa, kunze uko munhandare huru muRome, umo Makristu iwayo akadyiwa neshumba, rimwe zuva guruva richabudamo!

⁴⁹⁴ Hapazovi nemakuva padivi rechikomo chemuKubwinya. Hapana mibato yemusuwo ichabata maruva emariro. Hapana misodzi ichaonekwa pariri. Kwete, kwete. Hapana ivhu rakaunganidzwa. Hapana madutu acharirova. Zvose zvichange zvichibwinya ikoko.

⁴⁹⁵ Tibatsirei, Ishe. Kana paine mumwe pano...akadanwa kuMabiko emuchato weGwayana, pamakore 1,000 aya ekutonga muMireniyamu, uye wozopinda muGuta mushure mekunge Kusasana shure kwemuchato kwapera. Mireniyamu inongori Kusasana shure kwemuchato. Zvino iWo, Mwenga, unotora chaWo...Chikomba chinotora Mwenga waCho Kumusha. NdechaWo. Chikomba chaWo; Mwenga waCho. Oo, Akaenda kunogadzirira Imba, kubva paAkatsidzirana.

⁴⁹⁶ Ngativei takatendeka kwaAri Anova Shoko, nokuti iYe iShoko. Zvisinei nekuti vamwe vanoedza kutirwisa sei, kutidzivisa kure naRo; Ishe, ndiswededzei pedyo.

Nekuti dzimwe nguva ndinoshuva Denga,
 Uye nekubwinya kwaro ini iKoko
 kwandichaona:
 Uchava mufaro wakadii pandichaona
 Muponesi wangu,
 MuGuta iroro rakanaka regoridhe!

⁴⁹⁷ Musha unouya weChikomba neMwenga! Ari kudzoka... [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]...kuMabiko eMuchato; achava mazuva 3 nehafu. Obva azodzoka zvakare, muMireniyamu, pakusasana kwedu shure kwemuchato. Uye ipapo iYe—iYe achabva aita kuti Guta rioneke. Sechikomba chiri kuenda nemwenga wacho kuti anoshamiswa, mwenga muduku unomira sei ipapo uchishamiswa paunotarira musha wawo unouya! Uye nokutenda, nhasi, Ishe, tinouona ikoko. Uchava pano panyika chaipo. Makazvivimbisa.

⁴⁹⁸ Chechi yeNyu ichadzikinurwa zvakazara, rimwe ramazuva ano. Uyezve nyika yeNyu ichadzikinurwa, zvimwe zvikamu zvose. Asi kutanga Makadzikinura vanhu veNyu, mitumbi yavo yakaumbwa nenyika.

⁴⁹⁹ Tibatsirei, Mwari. Kana paine mumwe pano asina chokwadi chaicho chazvo, Ishe, dai vachigamuchira iko zvino.

⁵⁰⁰ Ndinoziva kuti yanga yakareba uye kuchipisa, asi, vanhuwee, hatisi kuchazogara takamira pano. Handisi kuzogara ndiri mufundisi wenyu. Ngativei nechokwadi chazvo.

“Pane nzira here, Hama Branham?”

⁵⁰¹ Hongu, iva chikamu cheShoko, chikamu cheShoko ranhasi. Hatikwanise kuva chikamu cheShoko rezuva raMosesi; chikamu ichocho chakatopera, dzakanga dziri tsoka. Tave kuMusoro zvino. Uyu ndiKristu. Kwete nguva yemaoko, kumashure muna Luther, kwete. Ino inguva yeMusoro. Kristu, Dombo repamusoro, rinouya kuMutumbi.

⁵⁰² Kana usiri kunyatsonzwa zvakanaka nezvazvo, chero papi paungadaro, ungasimudza here ruoko rwako kuti ndione. Vamwe vese ngavarambe vakatsikitsira misoro yavo. Mwari vakuropafadzei.

⁵⁰³ Iti, “Ndirangarireiwo mumunamoto, Hama Branham. Ndinoda kuvako zvakananyisa! Ini—ini handidi kukupotsa, Hama Branham. Ndi—ndiri kuongorora, ndiri kuita zvese zvandinogona, asi ndinamatireiwo zvino, muchadaro here?” Mwari vakuropafadzei.

⁵⁰⁴ Apo uri kufunga nezvazvo zvino, ingonamata, iti, “Mwari...” Zviri mumoyo mako iwewe. Munoono, kana ukanzwa chimwe chinhu chichikweva, chichibaya-baya pamwoyo wako, ndizvo zvazviri. Ndicho chizenga chiya chiri kuedza kuzvizivisa.

Ndakananga kuGuta iroro rakanaka
Ishe wangu ravakagadzirira vaVo Vomene;
Uko vose Vadzikinurwa vemazera ose
Vachaimba “Kubwinya!” vakapoteredza
Chigaro chehumambo Chichena.
Dzimwe nguva ndinoshuva Denga,
Uye nekubwinya ini iKoko kwandichaona:
Uchava mufaro wakadii pandichaona
Muponesi wangu,
MuGuta riya rakanaka regoridhe!

⁵⁰⁵ Baba voKudenga, titorei zvino, Ishe. Regai Mufudzi Mukuru, Mufudzi Mukuru Anodzikinura, Mufudzi Mukuru Akasiya Kubwinya, achiziva kuti zvimwe zvezvizenga zvakarasika pamipata mikuru iyoyo yechivi, uko mhumhi nemhu—mhuka dzaizokurumidza kudya gwai duku iroro; asi Akasiya makoridho egoridhe, akauya pasi panyika uye akaitwa mumwe wedu, kuitira kuti Agozivisa rudo rwaMwari kwatiri. Akavawana ipapo, vamwe vavo vari mumasangano, vamwe vavo vari muimba yemukurumbira wakashata, vamwe vavo vari mumigwagwa, vari mapofu, vamwe vavo mumajeji nomugwagwa mukuru, asi Akadzikinura wese uyo Baba vakanga vaMugadza kuti adzikinure.

⁵⁰⁶ Uye Akatiraira, kuti tizorarama chikamu ichi cheShoko remumazera edu. Uye tinoona kuvandudzwa kukuru kwaLuther, muzera iroro; nekwaWesley; uye nechiPentekosti. Zvino tiri kutarisira Dombo repamusoro reGuta. O Mwari,

tinoziva chizvarwa nevimbiso yatakapiwa yezuva rino, kuti Richadzoredzwa zvakare. “Chiedza chemanheru chichaibvisa muchero wacho. Uye zvichaitika kuti kuchave nezuva risingazove masikati kana husiku, rinogona kudanwa, asi panguva yemanheru kuchava neChiedza.”

⁵⁰⁷ Mwanakomana waMwari mumwe chete iyeye anobwinya akaZviratidza munyama yemunhu kumusoro kuno panyika, achiita kuti vimbiso izvirarame pachayo nemazvo, yakapofomadzwa kumaziso evaFarisei nevaSadhusi nevaHerodhi, nevamwe vakadaro.

⁵⁰⁸ Zvino nhasi zvinodzokorora zvakare, Shoko richiratidzwa sezvaRaingova. Shoko, richiziva chakavanzika chemoyo, sezvaraingove chaizvo, sezvakataura Gwaro, risingagoni kutyorwa. Tibatsireiwo, Mwari, kuti tizvione.

⁵⁰⁹ Batsirai ava zvino vasimudza maoko avo. Dai vakati wedzerei zvishoma kusunga dzisimbe; vakazvishongedza neEvhangeri yorugare; vakapfeka nhumbi dzose dzokurwa nadzo dzaMwari; vopfeka ngowani; votora nhowo yokutenda; vofora vachienda mberi, kubva nhasi zvichienda mberi. Zviitei, Ishe.

⁵¹⁰ Muchinguvana, tichashevedzwa, zvino Kubvutwa kuchabva kwauya. Boka diki-diki, saEnoki, richabvutwa.

⁵¹¹ Zvadaro, “vakasara vembeu yemudzimai, vanochengeta mirairo yaMwari,” maJudha, “vane huchapupu hwaJesu Kristu,” Murudzi, vachavhimwa sembwa, “uye vachapa hupenyu hwavo kuitira huchapupu hwavo.”

⁵¹² Zvino, mamwe mangwanani makuru, Mireniyamu ichatanga, kuitira ku—Kusasana shure kwemuchato kuchatanga.

⁵¹³ “Uye zvakare vamwe vose vakafa havana kuzoraramazve kusvikira makore 1,000 apera.” Zvino, pakupera kwemakore 1,000, pane Kutongwa, zvichiratidza kuti Hamu akanga ari muareka. Uye Hamu achirimo mune vakasara. Avo vakaRinzwa vakaRiramba vachatozotongwa.

⁵¹⁴ Zvino, zviitei, Ishe, kuti tirege kuverengerwa pakati pavo, asi tichange tiri mukudanwa kuMabiko eMuchato. Nokuti, tinocherechedza Jesu ari pakati pedu nhasi. Tiri kunopinda pamwe naYe; kubva munyika, kupinda maAri. Ngatifambei muGuta iroro, tobuda naYe.

⁵¹⁵ Ndave kuchembera, Ishe. Handina dzimwezve mharidzo dzakawanda dzekuparidza. Asi zvirokwazvo ndiri kuvimba neMi. Ndiri kutsvaga Guta iroro, sezvakaita baba vangu Abrahama. Pane chimwe Chinhu chiri mandiri chinotaura kuti riri kuuya. Ndiri kuedza kwose-kwose, Ishe, kuparadzira Chiedza nokuvadana. Ngakurege kuva nemumwe weava, Ishe. . .

⁵¹⁶ Nguva shoma yapfuura, Mazvizarura zvakanaka kwazvo, kwandiri. Kubva pakutenderera mamaira angangoita 1,500, mumwe chete *pano nepapo*, vakagara pamwe chete nhasi, vakaungana panzvimbo imwe chete diki, vakamirira Guta iroro kuti rioneke. Tinopupura kuti tiri vafambi uye vatorwa. Tiri vana murambiwa. Vahedheni, nyika, inoseka nokuita dambe; masangano ezvinamato anotsvinyira; asi hatizunungutswi nezvinhu zvakadaro. Tiitei chikamu cheShoko, Ishe, tisingatsukunyuke. “Zvichaitika mumazuva okupedzisira.” Ngazvive isu, Ishe, dai tikaverengerwawo pakati pavo. Tinozvikumbara muZita raJesu. Amenii.

⁵¹⁷ Munozvitenda here? Ngatisimudzei maoko edu sezvizi.

Ndakananga kuGuta iroro rakanaka
 Ishe wangu ravakagadzirira vaVo Vomene;
 Uko vose Vadzikinurwa vemazera ose
 Vachaimba “Kubwinya!” vakapoteredza
 Chigaro chehumambo Chichena.
 Dzimwe nguva ndinoshuva Denga,
 Uye nekubwinya ini iKoko kwandichaona:
 Oo, uchave mufaro wakadini pandichaona
 Muponesi wangu,
 MuGuta iroro regoridhe rakanaka!

⁵¹⁸ Zvino, kana tichazogara muGuta iroro pamwe chete, ingokwazisana maoko nemumwe munhu, woti, “Mwari vakuropafadze, mufambi. Munobvepi? Louisiana, Georgia, Mississippi? Ndiri mufambiwo, zvakare. Ndiri kutsvaga Guta iroro.”

⁵¹⁹ Ndiri kutsvaga Guta iroro, Hama Neville, riri uko. Tave kutosvika ikoko . . . ? . . . Hama Capps, ndiri kutsvaga Guta iroro, nazvino, manheru ano.

Uye nekubwinya kwaro ini iKoko
 kwandichaona:
 Uchava mufaro wakadii pandichaona
 Muponesi wangu,
 MuGuta iroro rakanaka regoridhe!
 Oo, chitsere chichava chinyoro, uye mhumhi
 ichapingudzwa;
 Uye shumba ichavata pasi pedyo negwayana,
 oo, hongu;
 Uye chikara chinobva . . . chichatungamirirwa
 nemwana;
 Uye ndichashandurwa, kushandurwa kubva
 pachisikwa chino chandiri, oo, hongu.
 Oo, kuchava nerugare kwandiri rimwe zuva
 mumupata;
 Oo, kuchava nerugare kwandiri mumupata . . .
 (Zvakanaka! Hongu!)

Hakuzovi nekusuwa, kuisina kutsamwa,
 kuisina dambudziko randichaona;
 Uye kuchava nerugare kwandiri mumupata.

⁵²⁰ Mambo wedu asingaoneki, mangwanani ano, acharatidzwa.
 Handizoone Bill Dauch aine makore 90 ekuberekwa.
 Hauzondioni ndiine 50. Asi ndichashandurwa, Zuva iroro.

Zvino apo chikara chomusango,
 chotungamirirwa nemwana;
 Asi ndichashandurwa, kubva pachisikwa
 chandiri ichi.

⁵²¹ Haungazofari here? Bvudzi jena richange raenda;
 mapendekete akakombama. Asi murunako, rwusingafi,
 uchamira uri mumufananidzo waKe, uchipenya kudarika
 zuva. Oo, zvinoshamisa kwazvo!

. . .kwandiri, oo, Jehovha, ndinonyengetera;
 Hapachazovi nekusuwa, pasisina kutsamwa,
 pasisina dambudziko randichaona;
 Uye kuchava nerugare kwandiri mumupata.

⁵²² Ndizvo zvatauyira pano. Vangani venyu vanoda simba
 rerwendo? Mwari varipe kwatiri! Vangani venyu vari kurwara
 mumutumbi wavo, masoja akakuvara? Dhazeni, kana kupfuura.
 Munotenda here kuti Ari pano, Mambo asingaoneki? Zvinhu
 zvinooneka; zvisingaoneki zvinoratidzwa nezvinooneka.
 Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi, kunze bedzi
 kwemutumbi wenyama. Zvino, kana uyu uri Mweya waKe
 waparidza izvi kubudikidza neni, Achaita mabasa aAkaita
 paAiva pano. Oo, zvakaisvonaka kwazvo!

Ndakananga kunyika yechipikirwa,
 Ndakananga kunyika yechipikirwa;
 O ndiani achauya ogoenda neni?
 Ndakananga kunyika yechipikirwa.

Kwese uko mumapani iwayo akatambanuka
 Munopenya Zuva rimwe raZiyendanakuenda;
 Ikoko Mwari Mwanakomana anotonga
 nokusingaperi,
 Uye odzingira husiku kure.

Oo, ndakananga kunyika yechipikirwa,
 Ndakananga kunyika yechipikirwa;
 O ndiani achauya ogoenda neni?
 Ndakananga kunyika yechipikirwa.

⁵²³ 500 vachifamba vachipinda murwizi mhiri uko, zuva
 rekutanga Mutumwa waJehovha paakaonekwa pachena,
 kusimbisa, sezvaAkaita paGomo reSinai, kuti ndakanga
 ndasangana naYe. Ndakafamba ndichipinda murwizi, uye
 mazana achiimba rwiyo rumwe cheterwo rwerubhabhatidzo.
 Heunoi Achiuya, achidzika, Shongwe yeMoto imwe chete

iyoyo yamunoona mumufananidzo apo; ichidzika, zasi kuno chaiko kurwizi, ndokuti, “SaJohane Mubhabhatidzi akatumwa kuzofanotungamira kuuya kwaKe kwekutanga, Mharidzo ino ichafanotungamira Kuuya kwechipiri.” Maona? Hezvoka izvo, munooona.

O ndiani achauya ogoenda neni?
Ndakananga kunyika yechipikirwa.

⁵²⁴ Shongwe yeMoto imwe cheteyo iri pano nesu. Muri kuzviziva here? Akaita vamwe vedu nekuda kwechimwe chinhu, uye vamwe chimwewo. Kana iwe, pasina kupokana kumwe zvako, ukatenda kuti Ari muchivakwa, ndinotenda kuti AchaZviratidza kwauri. Zvichakugutsa here? Kana ndikakasavika kune munhu wese... Dzave kuenda kuna 2 o'clock, asi kana iwe... Tichangobva kudarika nguva dza 1, waro. Kana ukatenda, ngaAburukire patiri! Kutenda kweedu kuripi? Munooona, unofanira kuzvitenda. Kana usingapokane nazvo, napadiki zvapo, zvichashanda.

⁵²⁵ Ndi—ndinocherechedza Huvepo Hutsvene hwaKristu Mbune, Uyo anova Shoko. Uye Bhaibheri rakati, “Shoko riri... rine simba kukunda munondo unocheka nekumativi maviri, uye Rinocheka kusvika kumwongo webvupa, uye rinonzvera mifungo iyo—iri mumwoyo, richizarura zvakananzika zvemoyo.”

⁵²⁶ Tarisai. Handiti, ndakanga ndisingazivi zvinhu izvozvo, makore apfuura. Uye pandakazvita, ndisingazvizi, tarisai zvaAkaita. Akati, “Zvino uchabata vanhu noruoko rwavo, uye, usafunge chinhu, ingotaura pfungwa yaunoudzwa. Iti ibundu, chero zvazvingava.” Akabva ati, “Zvichaitika kuti hauzodi kuti uite izvozvo.” Maona? Maona? “Zvichanzvera chinhu chaicho chacho chiri mavari.” Takava nemhando dzose dzekutevedzera, tinoviziva, kutopotsa zvada kunyengera Vasanangurwa kana zvichibvira. Tarisai kuti zvimwe zvese zvinofambirana sei neShoko, zvino uchazoziva kuti ndizvo here kana kuti kwete. Asi, zvakadaro, Jesu anoramba ari mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.

⁵²⁷ Vangani muno vari kurwara, uye vanoziva kuti handikuzivei? Simudza ruoko rwako, uti, “Ndi—ndinoziva kuti hamundizive.” Oo, zvinongori, kwese-kwese, ndinodaira kudaro. Chinhu choga chaunofanira kuita kungozvitenda.

Tenda chete, tenda chete,
Zvinhu zvose zvinogoneka, tenda chete;
Tenda chete, tenda chete,
Zvinhu zvose zvinogoneka, tenda chete.

⁵²⁸ Jesu akati, “Sezvazvakanga zvakaita mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichava apo Mwanakomana woMunhu achazarurwa panyika muzuva rokupedzisira. Kana Mwanakomana wemunhu azozarurwa, kana kuti, aZvizarura muzuva rekupedzisira.” Zvino, kwete mazuva okutanga, mazuva epakati; zuva

rokupedzisira, munoona, Aizozarura. Uye zvino tave mumazuva ekupedzisira. Sodhoma rakagara chaizvoizvo, zvose hazvo, vatumwa, zvakangofanana.

529 Chii chakaitika kune vakasara va—vashoma vakadanwa pamwe neboka raAbrahama? Paiva neMumwe akauya pakati pavo, ari munyama yemunhu; akamiririrwa munyama yemunhu, achidya navo, achinwa navo, chikafu chimwe chete chavanodya, zvose. Akamira pakati pavo, akataura Shoko. Akabva ati, “Ndiri kunoita chinhu chikuru ichi.”

530 Abrahama akaramba achinzvera, “Ndiro here iri? Ndanga ndichitsvaga Guta. Uyu ndiye Mambo wacho here?”

531 Uye Akati, “Sei Sara apokana izvi?” Mutende, shure kwaKe.

532 Abrahama akati, “Ishe Mwari, Elohim!” Nokuti, Akanzvera pfungwa dzaSara.

533 Jesu akati zvaizodzokorora zvakare paAizozarurwa muzuva rekupedzisira, Dombo repamusoro richiuya muMutumbi. Kuzodzikinura . . . Ndivo vadzikinurwa, achiuya kuzotora vaKe Omene. Ari pano nesu.

534 Zvino, panongova nemaoko dhazeni, kana kupfuura, asimuka. Ndinotenda kuti Mwari vanokwanisa kupodza mumwe nemumwe wenyu. Ndizvozvo. Ndinotenda kuti muri. Handitendi kuti munhu anganyatsogara munzvimbo yakadai pasina . . . mumhando yenguva iyi, nehupo hwuno, asingazivi, asingacherechedzi chimwe chinhu.

535 Ndinoda kuti unamate. Ndinoda kuti utore zviri kunetsa pauri, mu—mu—mumoyo mako, unoona, wobva watanga kunamata, iti, “Ishe Jesu, zarurai izvi. Ndiri—ndiri kutaura kwaMuri zviri kunetsa pandiri. Uye zvino iMi tumirai Mweya weNyu Mutsvene kuna Hama Branham, kuzadzisa zvavataura kuti iChokwadi, muMharidzo ino yavataura nezvayo nhasi pamusoro peNyu, ndinoziva kuti chichava Chokwadi. Zvino, zvizarurireiwo kwandiri, Ishe. Taurai neni.”

536 Zvino zvakapararira, tingati pano nekwese. Saka chingonamata, uye ingotenda nemoyo wako wose, kuti Mwari vachazviita.

537 Zvino ndinoda kuti munditarise, munamate. Sezvakangotaurwa naPetro naJohane kuti, “Tarisa kwatiri.” Aida chimwe chinhu, uye akanga ava kuda kutochigamuchira. Uye iwe unoda chimwe chinhu, uye ndinotenda kuti wava kuda kutochigamuchira. Akati, “Tarisa kwatiri.”

538 Akati, “Sirivheri nendarama, handina kana; asi chandinacho, ndinokupa.”

539 Zvino, kupodza, ini handina kana. Zvose zviri muna Kristu. Asi chandinacho, chipo chaMwari, ndinokupa, kutenda kuti uMutende. Zvino, muZita raJesu Kristu, mumwe nomumwe

wenyu ngaapodzwe. Zvitendei. Maona? “Kana uchigona kutenda!”

⁵⁴⁰ Mudzimai akagara apo, akanditarisa. Anga achichema, maminetsi mashoma apfuura, achinamata. Ane dambudziko regurokuro riri kumunetsa. Handikuzivei. Muri mutorwa kwandiri. Ichocho ichokwadi, ndizvo. [Hanzvadzi inoti, “Ndizvozvo.”—Mupepeti] Hamusi wekuno. Munobva kuChicago. Mai Alexander. Kana zviru izvo, ninirai ruoko rwenyu. Zvino dzokerai kuChicago mugopora.

⁵⁴¹ Vabata chii? Chinhu chimwe chete icho mudzimai aibuda ropa akabata, mupendero wenguwo yaKe, kwete yangu.

⁵⁴² Heunoi mudzimai mudiki akagara pakati pemhomho, kana ndikakwanisa kumuita kuti andinzwisise. Imi masimudza musoro nedivi. Handikuzivei. Muri mutorwa kwandiri, asi muri kutambura nedambudziko remudumbu. Murume wenyu akagara pedyo nemi. Ane chimwe chinhu chisina kumira zvakanaka nenzeve yake. Zita renyu ndiCzap. Muri vatorwa kwandiri. Hamusi vekuno. Munobva kuMichigan. Ndizvozvo, ninirai maoko enyu. Dzokerai kuMichigan, mapora. Kutenda kwako kunokupodza. “Kana uchigona kutenda, zvinhu zvose zvinogoneka.”

⁵⁴³ Mudzimai mudiki apo ane dambudziko repahuro, akagara kumashure uko chaiko kumucheto, anobva kuGeorgia, akapfeka zvimba. Dzokerai, zasi kuGeorgia, mapora. Jesu Kristu anokupodzai. Munozvitenda here?

⁵⁴⁴ Mudzimai akagara apo, akanditarisa, kumucheto chaiko kwechigarro. Ane dambudziko resinus. Achazvitenda, Mwari vachamupodza. Mai Brown, tendai nomwoyo wenyu wose, Jesu Kristu vachaita. . . Muri mutorwa kwandiri, asi Anokuzivai. Uhuh. Munozvitenda here? Simudzai ruoko rwenyu. Ndizvozvo.

⁵⁴⁵ Vakarara pano panhovo iyi. Vaudzei vatarise kuno. Vanga vachitambudzika, zvichienderera mberi. Dai ndaigona kuvapodza, ndaizviita, changamire. Handigone kupodza. Havasi vepano; vabva kure-kure. Munobva kuMissouri. Matambudziko enyu ndemukati. Asi kana mukatenda nemoyo wenyu wese, uye musingapokane, Jesu Kristu anogona kukupodzai; uye munogona kudzokera kuMissouri, mapora, uye monopa huchapupu hwenyu. Munozvitenda here? Zvino zvigamuchirei, motora nhowo wenyu moenda kumba. Jesu Kristu anokupodzai.

⁵⁴⁶ Munotenda here? Ndiko kuziviswa kweHupo hwaMambo waZiyendanakuenda. Munozvitenda here zvino, nemoyo wenyu wose? Zvino, zvirokwazvo Agadzira denderedzwa, rakatenderedza nemuchivakwa chino. Munozvitenda nemoyo wenyu wese here? Munotenda here kuti muri muHupo hwaKe?

⁵⁴⁷ Zvino, munotenda nokubvuma here kuti muri mumwe wevanhu vemuHumambo uhu? Simudzai ruoko rwenyu. Jesu akati, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda. Kana

vakaisa maoko avo pane vanorwara, vachapora.” Tiri mumwe kune mumwe; uri chikamu changu, ndiri chikamu chako; tose tiri chikamu chaKristu. Zvino, pamwe chete, ngatiisei maoko edu pane mumwe nemumwe.

548 Pano chaipo, mudzimai ari panhowo asimuka, ari kufambafamba, achidzokera kumba kunopora. Amenii.

549 Imi, mose, mapodzwa, kana mukazvitenda. Zvino isai maoko enyu pamusoro pomumwe nomumwe, zvino muri chikamu ichi chaKristu. Namatira munhu wawakaisa maoko ako paari, nenzira yaungada kudaro.

550 Ishe Jesu, tinoKucherechedzai pano. Ndimi Mambo wedu; Munozvizivisa pakati pedu. TinoKutendai nokuda kweHupo uhu. Uye, Ishe, Makati, “Kana ukati kugomo iri, ‘Suduruka,’ worega kuzvipokana; wotenda kuti zvawataura zvichaitika, unogona kuzviwana, unogona kuwana zvawataura.”

551 Zvino, mukuteerera murairo uyu, mukuteerera kuShoko raMwari risingagoni kukundika, isu sevanhu veNyu vanobva kwakareba mamaira 1,500 kumativi mana akaenzana, sezviri Guta, tinoti kuna Satani, dhiyabhore akakundwa, “Magumo ako ndiko kupiswa. Tiri vanhu vanobva kuGuta rine mativi mana akaenzana, Guta iro Gwayana riri Chiedza. Tiri chizenga chakaraidzwa chaMwari Samasimba, icho Jesu Kristu akadzikinura nenyasha dzaKe.”

552 Satani, buda, usiye munhu wese anorwara ari muno, muZita raJesu Kristu. Maoko matsvene akadzikinurwa, nokuti vanotenda Shoko uye ndivo zvizenga zvepfungwa dzaMwari, zvino maoko iwayo ari pamusoro pemumwe nemumwe. Haugoni kucharamba wakavabata. Buda, muZita raJesu Kristu!

553 Zvino, muZita raIshe Jesu, zvino, Ari pano. Shoko raKe rinoti Ari pano. Kuvapo kwako nokutenda kwako kunotaura, pamusoro pekuti, uri mumwe wevanhu vacho. Kunyangwe zvese zviyero zvenzvimbo yacho chaiyo zvatinogona kuratidza, ndizvo. Munocherechedza here kuti muri vanakomana nevanasikana vaMwari vakadzikinurwa? Munocherechedza here kuti *uyu* ndiwo Musha wenyu? *Uku* ndiko kwamuri kuenda.

554 Ndiko kusaka uchiuya pano, ndosaka uchiuya kuna Kristu, uri kudya paShoko raKe. Uye kana ukagona kuva nenguva yakadai, pano, nezvizenga zvaKe chete zvakaraidzwa, zvichazovei patichauya muHupo hwaKe? Oo, zvichave zvakanaka kwazvo! Mumwe nemumwe wenyu ane kodzero yekupodza vanorwara, ukaisa maoko ako pamusoro pevanorwara. Mumwe nemumwe wenyu ane kodzero yekubhabhatidza.

555 Kana mumwe munhu ari pano asina kubhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, chidziva chakazaruka.

⁵⁵⁶ Ndiyo nzira yoga yauchabudirira nayo, uh-huh, ndizvozvo, kuteerera Shoko rose. Rangarirai, chikamu chidiki chimwe cheShoko, kumavambo, chakakonzera chivi chose panyika. Jesu akati, “Ani naani achabvisa Shoko rimwe kubva pane iRi, kana kuwedzera shoko rimwe kwaRiri, haapindi.” Zita rake rinobviswa muBhuku, paanongozviita.

⁵⁵⁷ Uye hapana nzvimbo muBhaibheri apo chero munhu akambobhabhatidzwa, muChechi, kunze kwemuZita raJesu Kristu. Kana usati wabhabhatidzwa nenzira iyoyo, zviru nani uzviite.

⁵⁵⁸ “Oo,” unoti, “hazvina mutsauko wazvinoita.” Zvakadaro kuna Evha.

⁵⁵⁹ Satani akati, “Oo, zvirokwazvo, Mwari, unoziva Mwari . . .” Asi, Vakazviita. Vakataura kudaro.

⁵⁶⁰ Akapa Petro makiyi ekuHumambo, uye chaive chakasungwa paPentekosti chakasungwa nekusingaperi. Ndicho chikonzero Mwenga wakauya mune re- mukufanoonekwa, kechipiri; panofanira kuva neChechi yakadanwa kubva muzuva rekupedzisira, seyakanga iripo muzuva rokutanga, zvingori chaizvo-chaizvo. Muti wakura kubva kumidzi yawo, kusvika paMuti weMwenga, sezvawakaita munguva iyoyo; Humhizha hwaMwari zvakare, sezvandakataura maSvondo 2 akapfuura, huchiendeswa kuGuta.

Mwari vakuropafadzei. “Ndava kutenda zvino.”

⁵⁶¹ Satani akundwa. Anoziva. Ari panyika, ari kufamba seshumba inoomba. Hapana nguva refu kusvikira, oo, aparadzwa. Anoziva nguva yake. Ari kufamba seshumba inoomba.

⁵⁶² Asi, rangarirai, Muchinda woRugare amirepo; Mukuru weKudenga Wacho. Mugadziri wangu pazvima, Muvambi Akandivaka ndive zvandiri, Akakuvaka uve zvauri, ari pano. Kana Muvaki, Anoziva kuisa chivakwa pamwe chete, panzvimbo yacho chaiyo, ndiani anoziva zviru nani kupfuura Muvaki? Uye Ari pano kuti aratidze, pachaKe, Ari pano.

⁵⁶³ Zvino zvinobva pakutenda kwako. Tenda, tenda chete! Uh-huh.

Ndakananga kuGuta iroto rakanaka
 Ishe wangu ravakagadzirira vaVo Vomene;
 Uko vose vakadzikinurwa vemazera ose
 Vachaimba “Kubwinya!” vakapoteredza
 Chigaro chehumambo Chichena;
 Dzimwe nguva ndinoshuwa Denga, (Kana izvi
 zvose zvapera!)
 Uye nekubwinya ini iKoko kwandichaona:
 Uchava mufaro wakadii pandichaona
 Muponesi wangu,

MuGuta iroro rakanaka regoridhe!

⁵⁶⁴ Rangarirai, kuchechei, nhasi manheru, vachange vachipa chirairo. Kana uchiri muno muguta, tingati, uchida kuuya, tingada kuva newe. Chirangaridzo chezvatichadya, rimwe remazuva ano, pamwe naYe.

⁵⁶⁵ Ndinokudai. Handizivi kuti ndozviratidza sei. Ndinofunga kuti muri munyu wenyika. Uye ndinonzwa hunhu hwenyu kunze munyika, zvino zvinondipa chivimbo chakawedzerwa mamuri.

⁵⁶⁶ Asi, fungai, boka duku iri richange, rakanaka haro sezvatiri, richapamuka, rimwe remazuva ano. Ticharota pamusoro peizvi. Asi kana mumwe wedu akafa tisati tasangana zvakare, ticha:

Ndichasangana newe mangwanani, parutivi
rwerwizi rwunopenya,
Apo kusuwa kwose kunenge kwakukurwa;
Ndichange ndakamira pamukova, kana
masuwo azaruka kuti bhene'ene,
Pakupera kwezuva rehupenyu rakareba,
rinonetesa.

Ndichasangana newe mangwanani, parutivi
rwerwizi rwunopenya, (Ndarasika pakati.)
. . .zasi parwizi uye nokubvutwa
tinosanganazve nevatazivana navo vekare;

Ndichakuona ipapo, ndokuziva.

Uchandiziva mangwanani, nekunyemwerera
kwandinoita,
Ndichasangana newe mangwanani, muGuta,
rakavakwa riine mativi mana akaenzana.

⁵⁶⁷ Munorida here? “Kusvikira tasangana!” Zvino ngatisimukei. *Tora Zita raJesu Pamwe Newe*, tipeiwo kodhi.

⁵⁶⁸ MunoMuda here? HaAshamisi here? Munotenda kuti ichi iChokwadi here? Wakananga nenzira iyoyo here, nyenasha dzaMwari? Kusvikira tasvika ikoko:

Iwe tora Zita raJesu pamwe newe,
Senhowo kubva kumiteyo yose;
Uye kana miyedzo yaungana
yakakumomotera,
Ingofema Zita Dzvene iroro mumunamoto.

Ndizvo zvoga zvekuita, kusvikira takuonai zvakare. Zvakanaka.

Tora Zita raJesu pamwe newe,
Mwana wekusuwa ne. . .[Mumwe anoti,
“Manheru ano?”—Mupepeti] (Kwete.)

Richakupa mufaro nokunyaradzwa,
Ritore kwese kwaunoenda.

Zita rakakosha, O rinotapira kwazvo!

Tariro yenyika nomufaro weDenga;
Zita rakakosha, O rinotapira kwazvo!
Tariro yenyika nomufaro weDenga.


⁵⁶⁹ Zvino, ndatozocharikira Mharidzo yangu. Rimwe zuva, Ishe vachitendera, ndichadzoka ndotora “nzira” idzi, uye ndoisimudzira, munoono, paya patinogona kuwana nguva yakawanda. Mange muchingotaura nezvekusagara nguva yakati rebei. Tagara, nhasi. Kuri kupisa. Asi, zvino, Mwari vakuropafadzei. Ndinofarira kuimba ikoko.

⁵⁷⁰ Mumwe muvakidzani pano, akati, humwe husiku pavakadzima sipika rekunze, akati, “Ndafarira Mharidzo zvakanyanya, asi sei madzima kuimba kwakanaka ikoko, munoono, kunze?” Saka, muvakidzani, kana uri kuteerera mangwanani ano, ndinofunga tine vavakidzani vakanakisisa vari muJeffersonville. Tinopaka motokari dzedu pamberi pedzimba dzavo nezvimwe zvose; havatauri chinhu pamusoro pazvo; tinongoenderera mberi. Saka, tinovatenda zvino.

⁵⁷¹ Oo, Vanoshamisa kwazvo! Mwari vave nemi zvino.

. . . Zita, O rinotapira kwazvo!
Tariro yenyika nomufaro weDenga.
Kusvikira tionane!

⁵⁷² Ngatikotamisei misoro yedu. Mufundisi vachatiparadzanisa, munguva shoma-shoma. Mwari vave nemi!

. . . tasangana patsoka dzaJesu; (PaGuta guru,
paChigaro chehumambo.)
Kusvika tionane! kusvika tionane!
Mwari vave nemi kusvika tionane. . . 

64-0802 Musha Unouya WeChikomba
CheKudenga NeMwenga Wepanyika
Branham Tabhenakeri
Jeffersonville, Indiana U.S.A.

SHONA

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org